

**TESIS**

**DAMEL *E-LEARNING* KANGGE NAMBAH NGUWAOSI  
BASA JAWI KRAMA**



**Dening :  
Leni Widiastuti  
NIM 16714251002**

*Dipunsusun kangge Pendidikan Bahasa Jawa Pascasarjana  
Universitas Negeri Yogyakarta damel panjangkep peranganipun syarat  
Panggayuh Gelar Magister Pendidikan*

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
PROGRAM PASCASARJANA  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
TAHUN 2020**

## SARINING PANALITEN

LENI WIDIASTUTI: *Damel E-learning Kangge Nambah Nguwaosi Basa Jawi Krama*. Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.

Ancasing panaliten menika: (1) damel medhia *e-learning* kangge pasinaon basa Jawi krama; (2) mangertos *kelayakan* medhia *e-learning* miturut ahli materi; (3) mangertos *kelayakan* medhia *e-learning* miturut ahli medhia; (4) mangertos *kelayakan* medhia *e-learning* miturut guru saha siswa.

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *R&D (Research and Development)*. *Prosedur* damel medhia *e-learning* kanthi *analisis*, damel *design*, damel *produk*, *implementasi*, saha *evaluasi*. *Analisis* menika katindakaken kangge nemtokaken medhia pasinaon ingkang badhe dipundamel. Damel *desain* kangge ngrantam medhia pasinaon *e-learning* basa Jawi krama. Medhia *e-learning* basa Jawi krama ingkang dipundamel dipunvalidasi dening *validator* materi saha *validator* medhia supados pikantuk pamrayogi *layak* dipunuji coba. Salajengipun katindakaken *uji coba produk kelompok* alit cacahipun sedasa siswa. Lajeng *uji coba* pemakaian *produk* dening *kelompok* ageng cacahipun tigang dasa siswa, kangge mangertos layakipun medhia ingkang dipundamel. Dhata dipunanalisis saha dipunkaji kanthi *deskriptif* supados mangertos *kelayakan* medhia *e-learning* basa Jawi krama.

Adhedhasar asiling panaliten, *validasi* dhateng *kelayakan* medhia *e-learning* basa Jawi krama saking ahli materi ngasilaken *persentase* 94% *kategori* sae sanget. Ahli medhia paring biji *kelayakan* 86% kalebet *kategori* sae sanget. Asiling *evaluasi* saking guru basa Jawi pikantuk 88% kalabet *kategori* sae sanget. *Evaluasi* saking sekawan aspek dening siswa ngasilaken *persentase* 92% *kategori* sae sanget. Kanthi asil *persentase* menika, saged dipundudut bilih medhia *e-learning* basa Jawi krama ingkang dipundamel saged dipunginakaken kangge pasinaon siswa saha saged nambah nguwaosi basa Jawi krama.

Pamijining Tembung: damel *e-learning*, nguwaosi basa Jawi krama

## ABSTRAK

LENI WIDIASTUTI: Pengembangan Media *E-learning* untuk Menambah Penguasaan Bahasa Jawa *Krama*. Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.

Tujuan penelitian ini adalah untuk: (1) mengembangkan media *e-learning* untuk pembelajaran bahasa Jawa *krama* (2) mengetahui kelayakan media *e-learning* tersebut menurut ahli materi; (3) mengetahui kelayakan media *e-learning* tersebut menurut ahli media; (4) mengetahui kelayakan media *e-learning* tersebut menurut guru dan siswa.

Penelitian ini merupakan penelitian dan pengembangan. Prosedur pembuatan media pembelajaran *e-learning* menggunakan analisis, pembuatan design, proses produksi, implementasi, dan evaluasi. Analisis dilakukan untuk menentukan media pembelajaran yang akan dibuat. Membuat desain untuk merancang media pembelajaran *e-learning* bahasa Jawa *krama*. Media *e-learning* bahasa Jawa *krama* yang dikembangkan divalidasi oleh validator materi dan validator media untuk mendapatkan kelayakan uji coba. Selanjutnya dilakukan uji coba produk dalam kelompok kecil sebanyak sepuluh siswa. Lalu uji coba pemakaian produk oleh kelompok besar sebanyak tiga puluh siswa, untuk mengetahui kelayakan media yang dikembangkan. Data dianalisis dan dikaji secara deskriptif untuk mengetahui kelayakan media *e-learning* bahasa Jawa *krama*.

Berdasarkan hasil penelitian, validasi terhadap kelayakan media *e-learning* bahasa Jawa *krama* dari ahli materi mendapatkan persentase 94% kategori sangat baik. Ahli media memberikan nilai kelayakan 86% termasuk kategori sangat baik. Hasil uji coba dari guru bahasa Jawa mendapat 88% termasuk kategori sangat baik. Evaluasi dari empat aspek yang dilakukan oleh siswa memperoleh persentase 92% kategori sangat baik. Dengan persentase yang dihasilkan dapat disimpulkan bahwa media *e-learning* bahasa Jawa *krama* yang dikembangkan dapat digunakan untuk pembelajaran siswa dan dapat menambah penguasaan bahasa Jawa *krama*.

**Kata kunci:** pengembangan, media *e-learning*, penguasaan bahasa Jawa *krama*

## ABSTRACT

LENI WIDIASTUTI: Developing E-learning Media to Increase Mastery of *Krama* Javanese. Thesis. Yogyakarta: Graduate School, Yogyakarta State University, 2020.

The objectives of this study are to: (1) develop an e-learning media for learning *krama* Javanese, (2) evaluate the feasibility of the e-learning media according to material experts, (3) evaluate the feasibility of the e-learning media according to media experts, and (4) evaluate the feasibility of the e-learning media according to teachers and students.

This study was research and development (R&D). The e-learning media developing procedures used analysis, design making, production process, implementation, and evaluation. Analysis was carried out to determine the learning media to be made. The design was made and created to learn *krama* Javanese. The developed e-learning media was validated by the material validator and the media validator to ensure the feasibility for the trial. With eligibility, the product trial is then conducted by students in a small group trial. The product trial was carried out by taking a small group sampling of ten students. At the end of the trial, a large group of thirty students was tested using the product to determine the feasibility of the media being developed. Data were then analyzed and reviewed descriptively to determine the feasibility of e-learning media for mastering *krama* Javanese.

Based on the results of the study, the feasibility of e-learning media in Javanese validated by material expert got 94% (very good), and by media expert got 86% (very good). The results of the trial by Javanese language teacher got 88% (very good). Evaluation of the four aspects by students got 92% (very good). It can be concluded that the developed *krama* Javanese e-learning media can be used in learning and facilitates students to increase the mastery of *krama* Javanese language.

**Keywords:** development, e-learning media, mastery of *krama* Javanese

## WEDHARAN

Ingang tapak asma wonten ing ngandhap menika:

Nama Mahasiswa : Leni Widiastuti


Nomor Mahasiswa : 16714251002

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Kepareng ngandharaken bilih karya ilmiah menika seratan kula piyambak. Samangertos kula, karya ilmiah menika dereng nate dipunserat dening tiyang sanes kangge nggayuh gelar magister ing satunggaling pawiyatan inggil. Karya ilmiah menika boten ngandhut materi ingkang dipunserat panaliti sanesipun, kajawi perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka acuan kanthi tata cara saha etika nyerat karya ilmiah ingkang limrah.

Yogyakarta, Mei 2020

Panyerat,



Leni Widiastuti

NIM 16714251002

PANGESAHAN

**DAMEL *E-LEARNING* KANGGE NAMBAN NGUWAOSI  
BASA JAWI KRAMA**

**Leni Widiastuti  
NIM 16714251002**

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis  
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta

Tanggal 19 Juni 2020



Yogyakarta, 19/6/20

Program Pascasarjana

Universitas Negeri Yogyakarta

Direktur



Prof. Dr. Suyanta, M. Si.  
NIP. 196605081992031002

**PANGESAHAN**


**DAMEL *E-LEARNING* KANGGE NAMBAH NGUWAOSI  
BASA JAWI KRAMA**

**Leni Widiastuti  
NIM 16714251002**

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis  
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta  
Tanggal 19 Juni 2020

**TIM PENGUJI**

**Dr. Mulyana, M. Hum.**  
(Ketua Penguji)



01 Juli 2020

**PANGESAHAN**

**DAMEL *E-LEARNING* KANGGE NAMBAH NGUWAOSI  
BASA JAWI KRAMA**

**Leni Widiastuti  
NIM 16714251002**

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis  
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta  
Tanggal 19 Juni 2020

**TIM PENGUJI**

**Dr. Purwadi, M. Hum.**  
(Sekretaris/ Penguji)



24 Juni 2020

PANGESAHAN

**DAMEL *E-LEARNING* KANGGE NAMBAH NGUWAOSI  
BASA JAWI KRAMA**

**Leni Widiastuti  
NIM 16714251002**

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis  
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta  
Tanggal 19 Juni 2020

**TIM PENGUJI**

**Prof. Dr. Suwarna, M. Pd.**  
(Pembimbing/Penguji)



22 Juni 2020

**PANGESAHAN**


**DAMEL *E-LEARNING* KANGGE NAMBAH NGUWAOSI  
BASA JAWI KRAMA**

**Leni Widiastuti  
NIM 16714251002**

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis  
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta  
Tanggal 19 Juni 2020

**TIM PENGUJI**

**Prof. Dr. Suwardi, M.Hum**  
(Penguji Utama)



29 Juni 2020

## **PISUNGSUNG**

Alhamdulillah kanthi ngonjukaken raos syukur dhumateng Allah SWT, panaliten menika minangka pisungsung dhumateng Ibu Gustiyanti, Bapak Untoro saha Ibu Reni Sularmiyati, Kangmas Prihatmoko Hariyo S, sarta Maharani Aureliandaru saha Maheswara Putra Bagaskara ingkang sampun paring panyengkuyung, sih tresna, saha donga pangestunipun wiwit purwa dumugi wasana.

## PRAWACANA

Assalamu'allaikum Wr. Wb.

Kanthi muji sokur konjuk dhumateng Allah SWT, ingkang sampun paring kanugrahan saha kasarasan, awit kula saged ngrampungaken tugas akhir Tesis kanthi irah-irahan “Damel *E-learning* Kangge Nambah Nguwaosi Basa Jawi Krama”. Tugas menika minangka lantaran nggayuh Gelar Magister Pendidikan. Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng panggulawentah ingkang sampun paring bimbingan supados pratitis anggenipun ngrampungaken tugas menika. Asiling panaliten kaajab saged dipunginakaken kangge nambah kawruh saha mumpangat tumrap ing pasinaon basa Jawi Krama.

Agunging panuwun kaaturaken dhumateng Prof. Dr. Drs. Suwarna, M.Pd. minangka Dosen Pembimbing Tesis ingkang sampun paring kalodhangan wekdal awit bimbingan saha pamrayoginipun satemah tugas akhir saged kasusun kanthi lancar. Atur panuwun ugi kaaturaken dhumateng:

1. Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan supados panyerat saged ngangsu kawruh ing pawiyatan inggil Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta;
2. Prof. Dr. Suyanta, M.Si., minangka Direktur Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan wekdal satemah Tesis saged rampung kanthi lancar;

3. Dr. Mulyana, M.Hum., minangka Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa ingkang sampun paring motivasi saha panyengkuyung satemah saged ngrampungaken Tesis kanthi lancar;
4. Tiyang sepuh kula, Ibu kula Gustiyanti, Bapak Untoro, Ibu Reni Sularmiyati, Kangmas Prihatmoko Hariyo S, Maharani Aureliandaru, saha Maheswara Putra Bagaskara, ingkang tansah paring panyengkuyung, sih katresnan, saha motivasi satemah saged ngrampungaken tugas akhir menika;
5. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa angkatan 2016 ingkang sampun paring suka panyengkuyung;
6. Sedaya pihak ingkang boten saged kaaturaken satunggal mbaka satunggal, matur nuwun awit pambiyantu saha panyengkuyung dhumateng panyerat satemah tesis saged karampungaken.

Minangka panutup saking panyerat, mugi-mugi kanthi tugas menika wonten mumpangatipun kangge tambahan waosan. Tugas akhir menika taksih kathah kirangipun, pramila dhumateng para kanca saha pamaos ingkang kersa paring panyaruwe sarta urun pamrayogi amrih sampurnaning tugas akhir Tesis, kula minangka panyerat ngaturaken gunging panuwun ingkang tanpa upami.

Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Yogyakarta, Mei 2020

Panyerat,



Leni Widiastuti

## PRATELAN ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN .....	i
SARINING PANALITEN .....	ii
ABSTRAK .....	iii
ABSTRACT .....	iv
WEDHARAN .....	v
PANGESAHAN .....	vi
PISUNGSUNG .....	x
PRAWACANA .....	xii
PRATELAN ISI .....	xiv
PRATELAN TABEL .....	xviii
PRATELAN GAMBAR .....	xx
PRATELAN DIAGRAM .....	xxi
PRATELAN LAMPIRAN .....	xxii
BAB 1 PURWAKA .....	1
A. Dhasaring Prakawis .....	1
B. Underaning Prakawis .....	6
C. Watesaning Prakawis .....	7
D. Wosing Prakawis .....	7
E. Ancasing Panaliten .....	7
F. Mumpangating Panaliten .....	8
G. Asumsi saha Watesaning Produk .....	9
BAB II GEGARAN TEORI .....	10
A. Gegaran Teori .....	10
1. Medhia Pasinaon .....	10
a. Pangertosan Medhia Pasinaon .....	10
b. Titikanipun Medhia Pasinaon .....	11

c. Mumpangating Medhia Pasinaon .....	12
d. Jinising Medhia Pasinaon .....	16
2. Pasinaon .....	18
a. Pangertosan Pasinaon .....	18
b. Prinsip-Prinsip Pasinaon .....	19
c. Bab ingkang Ndayani Pasinaon .....	21
3. Sumber Pasinaon .....	22
a. Pangertosan Sumber Pasinaon .....	22
b. Klasifikasi Sumber Pasinaon .....	23
c. Babagan Inkang Ndayani Sumber Pasinaon .....	24
d. Nemtokaken Sumber Pasinaon .....	24
4. <i>E-learning</i> .....	25
a. Pangertosan <i>E-learning</i> .....	25
b. Karakteristik <i>E-learning</i> .....	28
c. Piranti <i>E-learning</i> .....	33
d. Mumpangatipun <i>E-learning</i> .....	34
e. Kirangipun <i>E-learning</i> .....	36
5. Basa Jawi Krama .....	36
a. Unggah-Ungguh Basa Jawi .....	36
b. Undha-Usuk Basa Jawi .....	38
c. Basa Krama .....	39
B. Panaliten Inkang Gayut .....	45
C. Nalaring Pikir .....	49
D. Pitakenan Panaliten .....	51
BAB III. CARA PANALITEN .....	52
A. Jinising Panaliten .....	52
B. Cara Anggenipun Damel <i>E-learning</i> .....	53
1. <i>Analisis</i> .....	53
2. Desain ( <i>design</i> ) .....	53
3. Pengembangan/Damel Produk .....	54

4. <i>Implementasi</i> .....	54
5. <i>Evaluation</i> .....	55
C. Pambijining <i>Produk</i> .....	56
1. Rantamaning Pambiji .....	56
2. Jinis Dhata .....	56
D. <i>Subjek</i> Panaliten .....	57
E. Cara saha <i>Instrumen</i> Ngempalaken Dhata .....	57
1. Cara Ngempalaken Dhata .....	57
2. Instrument Pambiji Kuwalitas Medhia Pasinaon .....	58
a. Pambiji Dosen Ahli Materi .....	58
b. Pambiji Dosen Ahli Medhia .....	58
c. Pambiji Guru Basa Jawi .....	59
d. Pambiji Siswa SMA .....	60
F. <i>Teknik Analisis</i> Dhata .....	62
1. Ngewahi Biji saking Kategori Dados <i>Skor</i> .....	62
2. <i>Analisis Skor</i> .....	62
BAB IV. ASILING PANALITEN SAHA DAMEL MEDHIA .....	63
A. Asiling Panaliten .....	63
1. Tataran Damel Medhia Pasinaon Basa Jawi Krama .....	63
a. Tataran <i>Analisis</i> .....	63
b. Tataran <i>Design</i> utawi Rantaman Damel Medhia Pasinaon .....	65
c. Damel Medhia .....	66
d. <i>Implementasi</i> .....	67
e. <i>Evaluasi</i> .....	67
2. <i>Validasi</i> Ahli Materi .....	68
3. <i>Validasi</i> Ahli Medhia .....	71
a. Pambiji saking Tampilanipun .....	72
b. Pambiji Medhia <i>E-learning</i> .....	74
B. Asiling Uji Coba <i>Produk</i> .....	76
1. Asiling Uji Coba <i>Produk</i> dening Guru .....	78

a. Pambiji Gampil Anggenipun Mangertos .....	79
b. Pambiji Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia .....	81
2. Asiling Uji Coba <i>Produk</i> dening Siswa .....	82
a. Aspek Gampil Anggenipun Mangertos .....	82
b. Aspek Saged Sinau Kanthi Mandhiri .....	83
c. Aspek Nyajikaken Medhia .....	84
d. Aspek Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia .....	85
3. Asil Akhir <i>Persentase Angket Produk</i> Saking Siswa .....	86
4. Asil <i>Persentase Angket Pemakaian Medhia</i> Saking Siswa .....	87
a. Aspek Gampil Anggenipun Mangertos .....	87
b. Aspek Saged Sinau Kanthi Mandhiri .....	89
c. Aspek Nyajikaken Medhia .....	90
d. Aspek Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia .....	92
5. Asil Akhir <i>Persentase Angket Pemakaian</i> Saking Siswa .....	93
6. Asil <i>Persentase saking Validator, Guru saha Subjek Uji Coba</i> ....	95
C. <i>Revisi Produk</i> .....	96
1. <i>Evaluasi saking Validator Materi</i> .....	96
2. <i>Evaluasi saking Validator Ahli Medhia</i> .....	98
D. <i>Kajian Produk Pungkasan</i> .....	103
E. <i>Winatesing Panaliten</i> .....	105
BAB V. PANUTUP .....	108
A. Dudutan .....	108
B. <i>Implikasi</i> .....	108
C. Pamrayogi .....	110
KAPUSTAKAN .....	111
LAMPIRAN .....	115

## PRATELAN TABEL

	Kaca
Tabel 2.1 <i>Karakteristik Traditional Learning</i> saha <i>E-learning</i> .....	30
Tabel 2.2 Benteipun Pasinaon <i>Konvensional</i> kaliyan <i>E-learning</i> .....	31
Tabel 3.1 Kategori Pambiji Kuwalitas Medhia .....	56
Tabel 3.2 Kategori Pambiji Dhata Kuantitatif Kuisisioner Panyaruwe Siswa ..	57
Tabel 3.3 Tuladha Kriteria Pambiji Dosen Ahli Materi .....	58
Tabel 3.4 Kriteria Pambiji Dosen Ahli Medhia .....	58
Tabel 3.5 Tuladha Kriteria Pambiji Dosen Ahli Medhia saking Produkipun ..	59
Tabel 3.6 Tuladha Kriteria Pambiji Guru Mapel bab Gampil Anggenipun Mangertos .....	59
Tabel 3.7 Tuladha Kriteria Pambiji Guru Mapel bab Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia .....	60
Tabel 3.8 Tuladha Kriteria Pambiji Siswa bab Gampilipun Anggenipun Mangertos .....	60
Tabel 3.9 Tuladha Kriteria Pambiji Siswa bab Sinau Kanthi Mandhiri .....	61
Tabel 3.10 Tuladha Kriteria Pambiji Siswa bab Nyajikaken Medhia .....	61
Tabel 3.11 Tuladha Kriteria Pambiji Siswa bab Gampilipun Ngginakaken Medhia .....	61
Tabel 3.12 Tataran Pambiji <i>Skor</i> .....	62
Tabel 3.13 Tataran Pambiji <i>Persentase</i> .....	62
Tabel 4.1 Asiling Pambiji Dosen Ahli Materi .....	68
Tabel 4.2 Kriteria Pambiji Dosen Ahli Medhia .....	71
Tabel 4.3 Kriteria Pambiji Guru Basa Jawi .....	78
Tabel 4.4 Asiling Pamrayogi Siswa bab <i>Aspek</i> Gampilipun Anggenipun Mangertos .....	83
Tabel 4.5 Asiling Pamrayogi Siswa bab <i>Aspek</i> Saged Sinau Kanthi Mandhiri .....	84
Tabel 4.6 Asiling Pamrayogi Siswa bab <i>Aspek</i> Nyajikaken Medhia .....	85
Tabel 4.7 Asiling Pamrayogi Siswa bab <i>Aspek</i> Nyajikaken Medhia .....	86

Tabel 4.8 Asiling Akhir <i>Persentase Uji Coba Produk</i> saben Aspek .....	86
Tabel 4.9 Asiling Pamrayogi Siswa bab <i>Aspek Gampilipun Anggenipun</i> Mangertos .....	88
Tabel 4.10 Asiling Pamrayogi Siswa bab <i>Aspek Saged Sinau Kanthi</i> Mandhiri .....	90
Tabel 4.11 Asiling Pamrayogi Siswa bab <i>Aspek Nyajikaken Medhia</i> .....	91
Tabel 4.12 Asiling Pamrayogi Siswa bab <i>Aspek Nyajikaken Medhia</i> .....	93
Tabel 4.13 Asiling Akhir <i>Persentase Pemakaian Produk</i> Saben Aspek .....	94
Tabel 4.14 Asiling <i>Persentase Saking Sedaya Aspek Uji Coba</i> .....	95

## PRATELAN GAMBAR

	Kaca
Gambar 2.1 Kerucut Pengalaman ( <i>cone of experience</i> ).....	23
Gambar 2.2 <i>Bagan E-learning</i> .....	28
Gambar 2.3 <i>Bagan damel Panaliten E-learning</i> .....	50
Gambar 3.1 <i>Model ADDIE</i> .....	52
Gambar 3.2 <i>Bagan damel E-learning</i> .....	55
Gambar 4.1 Basa ingkang dipunginakaken wonten ing medhia <i>e-learning</i> saderengipun <i>revisi</i> .....	97
Gambar 4.2 Basa ingkang dipunginakaken wonten ing medhia <i>e-learning</i> sasampunipun <i>revisi</i> .....	98
Gambar 4.3 Tampilan <i>layer</i> <i>saderengipun revisi</i> .....	99
Gambar 4.4 Tampilan <i>layer</i> <i>sasampunipun revisi</i> .....	99
Gambar 4.5 Tampilan <i>layer</i> ingkang sakedhik .....	100
Gambar 4.6 Basa ingkang dipunginakaken <i>saderengipun revisi</i> .....	101
Gambar 4.7 Basa ingkang dipunginakaken <i>sasampunipun revisi</i> .....	101
Gambar 4.8 Materi basa Jawi <i>saderengipun revisi</i> .....	102
Gambar 4.9 Materi basa Jawi <i>sasampunipun revisi</i> .....	103

## PRATELAN DIAGRAM

	Kaca	
Diagram 4.1 Asiling Akhir <i>Persentase Saben Aspek</i> .....		87
Diagram 4.2 Asiling Akhir <i>Persentase Pemakaian Produk Saben Aspek</i> .....		94
Diagram 4.3 Asiling <i>Persentase Saking Sedaya Aspek Uji Coba</i> .....		95

## PRATELAN LAMPIRAN

	Kaca
1. Lampiran .....	115
2. <i>Flowchart</i> Medhia <i>E-learning</i> Basa Jawi Krama .....	116
3. <i>Storyboard</i> Medhia <i>E-learning</i> Basa Jawi Krama .....	117
4. Tampilan <i>Akhir</i> Medhia <i>E-learning</i> Basa Jawi Krama .....	156
5. Surat Pernyataan Layak Validasi .....	158
6. Permohonan Membuat Surat Izin Validasi .....	159
7. Surat Keterangan Validasi Ahli Materi .....	160
8. Surat Keterangan Validasi Ahli Medhia .....	161
9. Lembar Pambiji Kuwalitas Medhia <i>E-learning</i> Basa Jawi Krama dening Ahli Materi .....	162
10. Lembar Pambiji Kuwalitas Medhia <i>E-learning</i> Basa Jawi Krama dening Ahli Medhia .....	164
11. Lembar Pambiji Kuwalitas Medhia <i>E-learning</i> Basa Jawi Krama dening Guru Mapel Basa Jawi .....	166
12. Lembar Pambiji Kuwalitas Medhia <i>E-learning</i> Basa Jawi Krama dening Siswa Sekolah Menengah Atas .....	170

## **BAB I. PURWAKA**

### **A. Dhasaring Prakawis**

Pasinaon ing jaman menika sampun ngrembaka sanget, mliginipun ing jaman *milenial*. Mila kathah pawiyatan ingkang nyamektakaken *metode* saha medhia kangge nyekapi kabetahan ngrembakanipun pasinaon ingkang sampun sami *modern* menika. Kurikulum ing pawiyatan menika nuwuhaken manekawarna *metode* pasinaon ingkang dipunanggep saged kangge ngindhakaken *kompetensi* siswa. Ing jaman *modern* menika *metode* sinau tradisional ewah dados *metode* sinau ingkang *modern* kangge ngindakaken asiling pasinaon. Wonten ing kurikulum 2013 siswa menika kedah saged sinau kanthi mandhiri. Bab menika ndadosaken guru kedah saged nyamektakaken medhia sinau ingkang narik kawigatosaning siswa.

Medhia menika dipunbetahaken kangge nggampilaken guru nalika nindakaken pasinaon. Medhia piwulangan ing jaman menika kathah ingkang ngginakaken *Teknologi Informasi* saha *Komunikasi* (TIK). Medhia adhedhasar *Teknologi Informasi* saha *Komunikasi* (TIK) langkung irit wekdal lan langkung *efektif*. Medhia menika saged dipunginakaken wonten ing kelas, saha saged dipunginakaken kanthi mandhiri wonten ing pundi kemawon sinaosa boten wonten gurunipun. Bab ingkang dipungatosaken nalika ngginakaken medhia pasinaon, dipuntingali saking remen botenipun siswa nalika sinau.

*Teknologi internet* ing jaman menika sampun ngrembaka kanthi rikat sanget. Medhia ingkang adhedhasar *Teknologi Informasi* saha *Komunikasi* (TIK) menika langkung narik kawigatosaning siswa anggenipun pados *informasi* lumantar

*internet*. Pasinaon ing jaman menika boten saged uwal saking kemajengan *teknologi internet*. Medhia ingkang adhedhasar *teknologi internet* menika boten namung saged dipunginakaken nalika piwulangan wonten ing kelas ananging ugi saged dipunginakaken wonten ing pundi kemawon tumrap guru saha siswa.

Pendhidhikan ing jaman menika sampun majeng sanget, ketingal saking ngrembakanipun *era teknologi informasi* saha *komunikasi* ingkang rikat sanget. Ginanipun *internet* ing pendhidhikan minangka piranti kangge nglantaraken *informasi* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan lampahing pendhidhikan. *Internet* ugi mumpangat kangge mbiyantu pasinaon ing pawiyatan.

Wonten ing pasinaon, *internet* menika dipunmumpangataken kangge ngindhakaken *Sumber Daya Manusia* ingkang pinter, trampil, kathah pamanggih, *kratif*, saha saged sinau kanthi mandhiri. Salah setunggaling cara supados saged sinau kanthi mandhiri inggih menika ngginakaken medhia *E-learning*. *E-learning* menika minangka salah setunggaling medhia pasinaon ingkang sampun kathah dipunginakaken dening lembaga pendhidhikan mliginipun pawiyatan.

*E-learning* cekakanipun saking *electronic learning*, inggih menika salah setunggaling cara pasinaon ingkang ngginakaken medhia *elektronik* mliginipun *teknologi internet* minangka *system* pasinaonipun. Ing jaman menika *e-learning* dipunginakaken supados nalika nindakaken pasinaon saged langkung gampang saha rikat, boten gumantung papan panggenan saha wekdal ingkang winates.

Boulton ngandharaken bilih *e-learning* saged dipunginakaken kangge ngewahi kadospundi anggenipun piwulangan saha sinau. *E-learning* ateges salah

setunggaling pasinaon ingkang dipunsengkuyung lumantar *teknologi informasi saha komunikasi*, (Boulton, H, 2008: 11)

*E-learning has the potential to revolutionise the way we teach and how we learn' (DfES, 2003). There are many definitions of e-Learning available such as 'learning facilitated and supported through the use of information and communications technology', (Boulton, H, 2008: 11).*

Miturut Dian & Rakhmat (2017: 7), *e-learning* minangka sistem pasinaon ingkang saged nyengkuyung saha mbiyantu tiyang anggenipun sinau lumantar komputer, saha *teknologi informasi* ingkang nyambung kaliyan *internet*. *E-learning* menika boten namung awujud medhia pasinaon ananging ugi minangka salah setunggaling cara kangge sinau kanthi cara mandhiri utawi sesarengan. *E-learning* ing pawiyatan dipunkajengaken saged paring pambiyantu saha paring seserepan dhateng siswa nalika sinau kanthi ngginakaken *teknologi internet* ingkang *optimal*.

Wonten ing pawiyatan, basa Jawi menika sampun dipunwucalaken wiwit saking SD, SMP, ngantos dumugi SMA/MA/SMK. Basa Jawi minangka basa daerah ingkang dipunginakaken tumrapipun tiyang Jawi kangge gineman (PP Gubernur DIY No 64 taun 2013). Basa Jawi menika salah setunggaling basa ingkang mucalaken unggah-ungguh, trapsila, andhap asor, saha langkung nengenaken tiyang sanes. Mila basa Jawi menika wigatos sanget dipunparingaken dhateng siswa supados saged dipunginakaken wonten ing padintenan kanthi ancas ndadosaken siswa menika nggadhahi watak saha karakter ingkang sae.

Siswa ing tataran SMA mliginipun kelas X, dipunwulangaken bab basa Jawi ingkang wonten gegayutanipun kaliyan unggah-ungguh basa. Piwulangan unggah-ungguh basa menika kalebet ing *Kompetensi Dasar*, “*Simulasi berbahasa Jawa*

*dalam keluarga, sekolah, dan masyarakat dengan unggah-ungguh yang tepat*”, tegesipun siswa saged nindakaken pacelathon ngginakaken basa Jawi wonten ing pundi kemawon, kulawarga, pawiyatan, saha masarakat kanthi basa ingkang trep saha leres miturut kaliyan undha-usuk basanipun.

Kasunyanipun nalika panaliti ngamati ing pawiyatan SMA basa Jawi krama ingkang dipunginakaken siswa menika taksih kirang. Taksih kathah siswa ingkang ngginakaken basa Jawi ngoko utawi basa indonesia nalika matur kaliyan bapak/ibu guru wonten ing pawiyatan. Wonten saperangan siswa ingkang sampun saged ngginakaken basa Jawi krama, ananging basa ingkang dipunginakaken taksih kirang trep satemah ndadosaken siswa kirang leres anggenipun ngginakaken basa Jawi krama.

Piwulangan basa Jawi tumrapipun basa Jawi krama kangge siswa menika taksih dipunanggep basa ingkang angel, kadosta; (1) pasinaon basa Jawi menika dipunanggep angel, (2) siswa kathah ingkang dereng nguwaosi tetembungan basa Jawi krama ingkang leres, (3) siswa rumaos angel ngginakaken basa Jawi krama nalika matur kaliyan bapak/ibu guru, (4) wekdal ingkang winates nalika sinau basa Jawi ing pawiyatan, (5) siswa saha guru dereng saged *optimal* nalika ngginakaken *teknologi internet* kangge sinau basa Jawi krama, (6) ing pawiyatan guru taksih ngginakaken piranti saha cara piwulangan ingkang kirang laras saha kirang narik kawigatosaning siswa. Pramila kedah wonten kupiya ingkang saestu saking guru ing pawiyatan supados siswa menika remen saha greget anggenipun sinau basa Jawi krama.

Salah setunggaling kupiya ingkang sampun dipunlampahi inggih menika, siswa kasuwun asring maos kamus basa Jawi, maos buku-buku basa Jawi ingkang basanipun krama, saha gladhen damel pacelathon ngginakaken basa Jawi krama. Ananging kupiya menika taksih kirang narik kawigatosaning siswa nalika sinau basa Jawi krama. Siswa langkung remen nyuwun pirsu kaliyan gurunipun utawi *browsing* pados ing *internet* satemah guru menika kantun ngampingi nalika sinau basa Jawi.

Miturut panaliten Nanda, Widya (2018), panaliten menika ngasilaken produk *e-learning* adhedhasar *Moodle*, produkipun layak, asiling pasinaon siswa ngginakaken *e-learning* saged ketingal. Metode ingkang dipunginakaken ing panaliten menika ngginakaken metode R&D saking Alessi saha Trollip. Rantamanipun ngginakaken ancangan, desain saha damel *produk*. Ing tataran ancangan saha *desain* ngginakaken *ongoing evaluation* satemah dados *produk* ingkang sepisan. Ing tataran damel *produk* dipunginakaken *validasi* saking ahli medhia saha ahli materi (*tes alfa*) lajeng dipuntindakaken *revisi* ingkang sepisanan. Saksampunipun *produk* ingkang sepisanan dados, dipuntindakaken *tes alpha* saking *ahli* medhia supados mangertos layakipun *produk* ingkang dipundamel. Asiling panaliten menika nyebataken bilih nalika nindakaken panaliten ing kelas X Kompetensi Keahlian Jasa Boga kanthi produk *e-learning* ngginakaken *software aplikasi Moodle* versi 3.3 minangka medhia pasinaon menika sampun trep. Asiling biji rata-rata 3,96 menika kalebet sae, kompetensi keahlian jasa boga ing SMK Budi Mulia Dua Yogyakarta menika mindhak saksampunipun ngginakaken *e-learning*. Piwulangan ngginakaken *e-learning* menika sampun *efektif*, ing piwulangan ilmu

gizi materi karbohidrat saha protein minangka zat pembangun. Dudutan saking asiling panaliten menika bilih produk *e-learning* ingkang dipundamel sampan layak/pantes, saha *efektif* dipunginakaken ing pasinaon mliginipun materi karbohidrat saha protein minangka zat pembangun.

Adhedhasar panaliten ing inggil, saha wontenipun *pandemic covid19* wonten kebijakan saking pamarintah bilih siswa nindakaken pasinaon wonten ing griya. Pramila panaliti lajeng damel panaliten ngengingi medhia pasinaon basa Jawi ingkang saged dipunginakaken wonten ing griya. Kanthi medhia *e-learning* menika dipunangkah saged dados medhia *alternative* kangge sinau basa Jawi mliginipun basa Jawi krama, satemah siswa saged nambah anggenipun nguwaosi basa Jawi krama.

## **B. Underaning Prakawis**

Adhedhasar prakawis menika, panaliti lajeng nemtokaken underaning prakawis inggih menika;

1. Panguwaosing tembung basa Jawi krama siswa menika taksih kirang, satemah ndadosaken siswa kirang remen anggenipun sinau saha praktek ngginakaken basa Jawi krama nalika matur kaliyan tiyang sanes.
2. Wekdal ingkang winates antawisipun guru kaliyan siswa nalika sinau basa Jawi krama.
3. Siswa mbetahaken medhia pasinaon ingkang trep kangge nambah panguwaosing basa Jawi krama.

4. Anggenipun mumpangataken *laboratorium komputer* saha *jaringan internet* ing pawiyatan taksih kirang maksimal.

### **C. Watesaning Prakawis**

Adhedhasar underaning prakawis ing inggil, panaliten menika dipunwatesi damel medhia kanthi mumpangataken *teknologi informasi* saha *jaringan internet* ingkang sampun sumadya wonten ing pawiyatan, inggih menika *e-learning* mata pelajaran basa Jawi kangge nambah nguwaosi basa Jawi krama siswa.

### **D. Wosing Prakawis**

Adhedhasar underaning prakawis ingkang sampun winates, mila wosing prakawis ing panaliten inggih menika;

1. Kados pundi anggenipun damel *e-learning*?
2. Kados pundi kualitas *e-learning* miturut ahli materi?
3. Kados pundi kualitas *e-learning* miturut ahli medhia?
4. Kados pundi kualitas *e-learning* miturut guru saha siswa?

### **E. Ancasing Panaliten**

Ancasing panaliten inggih menika;

1. Saged mangertos kados pundi anggenipun damel *e-learning*.
2. Saged mangertos *layak* botenipun *e-learning* miturut ahli materi.
3. Saged mangertos *layak* botenipun *e-learning* miturut ahli medhia.
4. Saged mangertos *layak* botenipun *e-learning* miturut guru saha siswa.

## **F. Mumpangating Panaliten**

Panaliten menika dipunkajengaken saged mumpangat tumrap ing siswa, guru, saha pawiyatan, inggih menika;

### **1. Mumpangat *Teoritis***

- a. Saged paring sumbangsih dhateng ngrembakanipun kawruh kanthi mumpangataken *teknologi* saha *internet* mliginipun ing pasinaon basa Jawi.
- b. Saged dados tambahan *referensi* tumrap panaliti sanes ingkang badhe nindakaken panaliten ngengingi mumpangataken *teknologi* saha *internet*.

### **2. Mumpangat *Praktis* Kangge Siswa, Guru, saha Pawiyatan Inggih Menika;**

#### **a. Mumpangat Kangge Guru**

- 1) *E-learning* saged dipunginakaken kangge sarana paring pambiyantu nglantaraken materi basa Jawi dhateng siswa supados saged nambah nguwaosi basa Jawi krama.
- 2) *E-learning* saged paring wawasan kangge guru ngengingi ngrembakanipun *teknologi* saha *internet* ingkang dipunginakaken ing pasinaon.

#### **b. Mumpangat Kangge Siswa**

*E-learning* menika minangka salah setunggaling medhia pasinaon kangge siswa ingkang dipunkajengaken saged nambah nguwaosi basa

Jawi krama saha dados *inovasi* medhia pasinaon ing piwulangan Basa Jawi.

### c. Mumpangat Kangge Pawiyatan

*E-learning* menika minangka medhia pasinaon ingkang *kreatif* saha *inovatif* satemah saged ngindhakaken mutu pendidikan ing pawiyatan.

## G. Asumsi Saha Watesaning Produk

*Asumsi* damel medhia pasinaon ing panaliten menika;

1. Medhia ingkang dipundamel sipatipun *compatible* satemah saged dipunbikak lumantar manekawarna piranti kadosta *PC (personal computer)*, *laptop/notebook*, saha *smartphone/tablet*.
2. Siswa ing pawiyatan sampun kathah ingkang saged ngginakaken *laptop* utawi *smartphone* kangge mbikak medhia pasinaon *e-learning*.
3. *Laboratorium komputer* saha *jaringan internet* ingkang sumadya ing pawiyatan saged nggampilaken siswa ngginakaken medhia *e-learning* basa Jawi.
4. Medhia ingkang dipundamel dipunlarasaken kaliyan ngrembakanipun kemajengan *teknologi* ing jaman menika satemah siswa langkung greget anggenipun sinau basa Jawi mliginipun basa Jawi krama.

Dene watesaning panaliten menika, damel *e-learning* kangge nambah nguwaosi basa Jawi krama siswa ing pawiyatan.

## BAB II. GEGARAN TEORI

### A. Gegaran Teori

#### 1. Medhia Pasinaon

##### a. Pangertosan Medhia Pasinaon

Miturut Arsyad (2017: 3), tembung medhia asalipun saking basa latin *medius*, tegesipun “tengah”, “perantara” utawi “pengantar”. Adhedhasar pamanggih Arsyad menika, pramila tembung medhia dados salah setunggaling piranti kangge nggampilaken anggenipun nglampahi sedaya kagiyatan saha kangge nglantaraken satunggaling materi. Mila, guru, buku teks, saha kawontenan ing pawiyatan minangka medhia.

Miturut Heinich er.al (1996: 8) ngandharaken bilih pasinaon minangka cara kangge ngrantam *informasi* saha kawontenan kangge nyawisaken pasinaon. Kawontenan menika ateges *model, metode, strategi*, medhia, saha sarana ingkang dipunbetahaken kangge nyengkuyung pasinaon siswa.

Medhia pasinaon menika sedaya piranti ingkang dados sarana ngandharaken *informasi* saking tiyang ingkang ngintun dhateng tiyang sanes satemah menapa ingkang dipunandharaken saged dipuntampi kanthi sae (Sari, A. P. & Setiawan, A, 2018: 101).

*Media learning is everything that becomes a means of delivering information from the sender to the recipient so that what is delivered can be well received (Sari, A. P. & Setiawan, A, 2018: 101).*

Sanjaya (2013: 163-164) ngandharaken bilih medhia pasinaon menika kalebet *hardware* saha *software*. *Hardware* inggih menika piranti ingkang saged nglantaraken *informasi* kados *overhead projector*, radhio, *televisi*, saha sanesipun. Dene *software* inggih menika wosing *program* ingkang ngemot pesen kadosta *informasi* ing *transparansi* utawi buku saha piranti cithak sanesipun, cariyos ing *film* utawi materi awujud bagan, *grafik*, *diagram*, saha sanesipun.

#### **b. Titikanipun Medhia Pasinaon**

Miturut Gerlach & Elly (Arsyad, 2017: 15-17), titikanipun medhia pasinaon inggih menika;

##### **1) Titikan *Fiksatif***

Titikan menika nggambaraken medhia ingkang saged ngrekam, nyimpen, nglestantunaken saha mbangun salah setunggaling *objek* utawi prakawis. Tuladhanipun kedadosan *sejarah* ingkang sampun kalampahan. Siswa sinau babagan prakawis ingkang sampun wonten sejarahipun lumantar medhia pasinaon awujud *rekaman video*, *dokumentasi*, saha *foto-foto*.

##### **2) Titikan *Manipulatif***

Titikan *manipulatif* menika wonten gegayutanipun kaliyan kedadosan ingkang sampun kalampahan mataun-taun nanging saged dipunparingaken namung sekedhap. Kathah kedadosan ingkang awrat menawi dipuntingali kanthi langsung, langkung gampil lumantar medhia pasinaon awujud *rekaman video* saha *foto*. Tuladha, siswa

badhe sinau bab *perkembangan janin* ing salebeting gua garbanipun ibu sadangunipun 9 sasi. Lumantar pitulungan medhia pasinaon, wekdal menika saged dipunrikataken kanthi bab-bab ingkang namung wigati kemawon lumantar *rekaman video*.

### 3) Titikan *Distributif*

Titikan *distributif* saking medhia saged dipunkintun saking kedadosan lumantar panggenan saha kanthi cara sesarengan dipunsajikaken dhateng siswa ngginakaken *stimulus* pengalaman ingkang sami. Tuladha, ngginakaken CD, *flashdisk*, saha sanesipun satemah saged nggampilaken guru anggenipun ngintun bahan pasinaon. *Informasi* ing salebetipun saged tansah kajaga kados aslinipun boten ewah.

### c. Mumpangating Medhia Pasinaon

Arsyad (2017: 19) ngandharaken bilih mumpangat ingkang wigati tumrap ing medhia pasinaon inggih menika minangka piranti kangge mbiyantu piwulangan supados saged ndayani kahanan saha kawonten ingkang dipundamel dening guru. Levie & Lents, (Arsyad, 2017: 20-21) ngendikakaken bilih medhia *visual* menika wonten sekawan medhia pasinaon, inggih menika (1) *fungsi atensi*, (2) *fungsi afektif*, (3) *fungsi kognitif*, (4) *fungsi kompensatoris*.

- 1) Mumpangat *atensi* medhia *visual* minangka inti, inggih menika narik kawigatosaning siswa supados langkung nggatosaken piwulangan *visual* utawi *teks* materi.

- 2) Mumpangat *afektif* medhia *visual* saged dipuntampi kanthi sekeca tumrap siswa awujud *teks* ingkang wonten gambaripun. Gambar minangka lambang *visual* saged narik kawigatosaning siswa, tuladhanipun *informasi* ingkang gegayutanipun kaliyan prakawis sosial utawi ras.
- 3) Mumpangat *kognitif* medhia *visual* ketalang saking lambang *visual* utawi gambar satemah saged langkung lancar anggenipun ngeling-eling *informasi* ing salebeting gambar.
- 4) Mumpangat *kompensatis* medhia pasinaon ginanipun supados siswa ingkang randhat nalika nampi pasinaon saged dipunsajikaken kanthi teks utawi *verbal*.

Miturut Sanjaya (2013: 170-171), mumpangating medhia pasinaon inggih menika;

- 1) Mangertos setunggaling *objek* utawi kedadosan tartamtu.

Kedadosan ingkang wigati saged dipundamel *foto*, *film*, utawi dipunrekam lumantar *video* utawi *audio*, lajeng kedadosan menika dipunsimpen lan dipunginakaken nalika dipunbetahaken.

- 2) Manipulasi kawontenan, kedadosan utawi *objek* tartamtu.

Lumantar medhia pasinaon, guru saged nyajikaken bahan pasinaon ingkang sipatipun *abstrak* dados *konkret* satemah gampang dipunmangertos. Tuladhanipun kangge ngandharaken materi piwulangan bab lampahing rah ing manungsa saged dipundamel lumantar *film*.

3) Nambah greget saha motivasi sinau siswa

Ngginakaken medhia saged nambah greget anggenipun sinau tumrap siswa satemah kawigatosaning siswa langkung mindhak.

Saking andharan menika, medhia pasinaon nggadahi mumpangat *praktis* kadosta;

- 1) Medhia saged kangge paring pengalaman siswa ingkang winates.
- 2) Medhia saged kangge ngawekani kawontenan kelas ingkang winates. Menawi wonten materi ingkang dereng saged dipunmangertos siswa kanthi langsung, medhia menika saged dipunginakaken;
- 3) Medhia saged dados lantaran *interaksi* antawisipun siswa kaliyan sakiwatengenipun.
- 4) Medhia saged ngasilaken *pengamatan* ingkang sami.
- 5) Medhia saged nengenaken konsep dhasar ingkang leres, nyata, saha trep.
- 6) Medhia saged nuwuhaken greget tumrap siswa supados sinau kanthi tumemen.
- 7) Medhia saged nuwuhaken greget enggal.
- 8) Medhia saged ngendhalekaken rikating sinau siswa.
- 9) Medhia paring pengalaman ingkang jangkep babagan *konkret* dumugi *abstrak*.

Arsyad (2017: 29-30) ngandharaken mumpangatipun ngginakaken medhia pasinaon inggih menika:

- 1) media pembelajaran dapat memperjelas penyajian pesan dan informasi sehingga dapat memperlancar dan meningkatkan proses dan hasil belajar.
- 2) media pembelajaran dapat meningkatkan dan mengarahkan perhatian anak sehingga dapat menimbulkan motivasi belajar, interaksi yang lebih langsung antara siswa dan lingkungannya, dan kemungkinan siswa untuk belajar sendiri-sendiri sesuai dengan kemampuan dan minatnya.
- 3) media pembelajaran dapat mengatasi keterbatasan indera, ruang, dan waktu;
  - a) objek atau benda yang terlalu besar untuk ditampilkan langsung di ruang kelas dapat diganti dengan gambar, foto, slide, realita, film, radio, atau model;
  - b) objek atau benda yang terlalu kecil yang tidak tampak oleh indera dapat disajikan dengan bantuan mikroskop, film, slide, atau gambar;
  - c) kejadian langka yang terjadi di masa lalu atau terjadi sekali dalam puluhan tahun dapat ditampilkan melalui rekaman video, film, foto, slide di samping secara verbal;
  - d) objek atau proses yang amat rumit seperti peredaran darah dapat ditampilkan secara konkret melalui film, gambar, slide, atau simulasi komputer;
  - e) kejadian atau percobaan yang dapat membahayakan dapat disimulasikan dengan media seperti komputer, film, dan video.
  - f) peristiwa alam seperti terjadinya letusan gunung berapi atau proses yang dalam kenyataan memakan waktu lama seperti kepompong menjadi kupu-kupu dapat disajikan dengan teknik-teknik rekaman seperti time-lapse untuk film, video, slide, atau simulasi komputer.
- 4) Media pembelajaran dapat memberikan kesamaan pengalaman kepada siswa tentang peristiwa-peristiwa di lingkungan mereka, serta memungkinkan terjadinya interaksi langsung dengan guru, masyarakat, dan lingkungannya misalnya melalui karyawisata, kunjungan-kunjungan ke museum atau kebun binatang.

Adhedhasar perangan-perangan pamanggih menika, saged dipundudut bilih mumpangatipun medhia inggih menika, materi ingkang dipunandharaken saged langkung cetha, saged narik kawigatosan saha

nuwuhaken greget siswa ing pasinaon, saged mumpangataken medhia ingkang sampun *modern* satemah gampil dipuntampi saha dipunsinau dening asanes. Mila kanthi menika dipunangkah bilih sedaya pihak saged mumpangataken piranti-piranti ingkang sumadya, satemah saged ngudhari reruwet anggenipun sinau basa Jawi mliginipun basa Jawi krama.

#### **d. Jinising Medhia Pasinaon**

Arsyad (2017: 31-34) ngandharaken bilih ngrembakanipun *teknologi* saha *informasi* ing jaman menika kaperang dados sekawan kelompok medhia pasinaon;

##### **1) Medhia Cithak**

Inggih menika medhia ingkang ngasilaken utawi ngandharaken materi kadosta buku saha materi *visual statis* mliginipun lumantar *proses cithak mekanis* utawi *fotografis*.

##### **2) Medhia Audio-Visual**

Inggih menika cara ngasilaken atawi ngandharaken materi kanthi ngginakaken mesin-mesin *mekanis* saha *elektronik* kanthi nyajikaken pesen-pesen *audio* saha *visual*.

##### **3) Medhia Adhedhasar Komputer**

Inggih menika cara ngasilaken utawi ngandharaken materi kanthi ngginakaken sumber adhedhasar *mikroprosesor*. Bentehipun antawisipun medhia ingkang dipunasilaken saking *teknologi* adhedhasar *komputer* kaliyan ingkang dipunasilaken saking *teknologi*

sanesipun inggih menika *informasi*/materi dipunsimpen kanthi wujud *digital*, sanes awujud cithak utawi *visual*.

#### 4) Medhia Gabungan

Inggih menika cara ngasilaken saha ngandharaken materi ingkang nyawijikaken maneka medhia ingkang dipunkendhalikaken lumantar *komputer*.

Miturut Sri Huning A & Sri Ernawati (2013: 124), lumantar *Journal of Education and Learning*, ngandharaken bilih *komputer* dipunginakaken minangka medhia ingkang sae sanget, kadosta: (1) kawontenanipun langkung *efektif* satemah saged mbiyantu siswa ingkang randhat anggenipun nampi piwulangan, (2) saged paring greget anggenipun nindakaken gladhen, (3) saged ngendhalekaken rikating sinau siswa miturut kaliyan kabetahan, (4) mangertos ngrembakanipun siswa kanthi mirsani catetan kagiyatan siswa lumantar *file* gladhen ingkang dipunsimpen ing *komputer*.

*The use of computers as a learning media has several advantages, there are: (1) provide a more affective condition so it can accommodate students who are slow in accepting the lesson, (2) stimulate students in doing exercises, (3) the absolute student control of learning so that the level of learning speed of the student can be matched to the level of control, and (4) development of students can be monitored by looking at the records of student activity through exercise files which is stored in the computer. (Sri Huning A, Sri Ernawati (2013:124).*

Saking andharan para ahli ing inggil saged dipundudut bilih medhia pasinaon inggih menika piranti menapa kemawon ingkang dipunginakaken kangge pambiyantu ngandharaken ide, gagasan utawi

pamanggih wiwit saking *informan* dumugi ingkang nampi. Medhia menika saged dipunginakaken wonten ing pasinaon, satemah saged paring pambiyantu kangge guru ngandharaken materi pasinaon

Wonten ing panaliten menika medhia ingkang dipunginakaken inggih menika medhia *e-learning* ingkang dipunoperasikaken lumantar *komputer, laptop, saha smartphone* dipunsengkuyung  *jaringan internet* ingkang sae. Kanthi medhia pasinaon *e-learning* menika dipunangkah saged nambah nguwaosi basa Jawi krama tumrap siswa, satemah saged ngudhari reruwet anggenipun sinau basa Jawi krama.

## 2. Pasinaon

### a. Pangertosan Pasinaon

Miturut Slameto (2013: 2-3), pengertosan kanthi psikologis, sinau menika proses ewah-ewahan, inggih menika ewahing solah bawa minangka asil saking *interaksi* kaliyan sakiwatengenipun kangge nyekapi kabetahan gesangipun. Titikaning solah bawa ing pasinaon inggih menika;

- 1) Perubahan terjadi secara sadar
- 2) Perubahan dalam belajar bersifat kontinu dan fungsional
- 3) Perubahan dalam belajar bersifat positif dan aktif
- 4) Perubahan dalam belajar bukan bersifat sementara
- 5) Perubahan dalam belajar bertujuan atau terarah
- 6) Perubahan mencakup seluruh aspek tingkah laku

Miturut Daryanto & Raharjo (2012: 16), pasinaon menika minangka proses ingkang nengenaken pengalaman. Pasinaon menika minangka *proses* mirsani, ngamati, saha mangertos setunggaling prakawis. *Indikator*

pasinaon saged ketingal saking ewahing patrap minangka asiling pengalaman.

Russel et al. (Sohibun, 2019:16) ngandharaken bilih kagiyatan pasinaon, guru menika prayogi mbiyantu siswa kangge ngrembakakaken pangertosanipun kanthi pituduh saha organisasi kangge sinau, greget anggenipun sinau, nyariyosaken konsep ingkang boten gampil dipunsinau piyambak dening siswa.

#### **b. Prinsip-Prinsip Pasinaon**

Slameto (2013: 27-28) ngandharaken bilih prinsip-prinsip pasinaon ingkang saged dipunlampahi inggih menika;

##### **1) Adhedhasar Prasyarat Ingkang Dipunbetahaken Nalika Pasinaon**

- a) Nalika pasinaon siswa kedah *aktif*, ngindhakaken greget saha dipunbimbing supados kawujud ancasing *instruksional*.
- b) Pasinaon kedah saged nuwuhaken *reinforcement* saha greget ingkang kiyat dhateng *siswa* supados kawujud ancasing *instruksional*.
- c) Pasinaon menika mbetahaken kahanan ingkang nantang satemah siswa saget ngrembakakaken kawasisanipun nalika sinau kanthi *efektif*.
- d) Nalika pasinaon mbetahaken *interaksi* antawisipun siswa kaliyan kawontenan ing sakiwa tengenipun.

**2) Trep Kaliyan Hakikat Pasinaon**

- a) Pasinaon menika minangka proses ingkang lumintir, mila kedah trep kaliyan tataranipun.
- b) Pasinaon menika *proses organisasi, adaptasi, eksplorasi* saha *discovery*.
- c) Pasinaon minangka proses *kontinguitas* (gegayutan kaliyan antawisipun pangertosan setunggal kaliyan sanesipun) satemah saged angsal pangertosan ingkang dipunkajengaken.

**3) Trep Kaliyan bahan/materi ingkang kedah dipunsinau**

- a) Pasinaon sipatipun menika wiyar saha materi kedah wonten strukturipun, dipunsajikaken kanthi samadya, satemah siswa gampil anggenipun nampi.
- b) Pasinaon kedah saged ngrembakakaken kasagedan tartamtu miturut kaliyan ancasing *instruksional* ingkang badhe dipunkajengaken.

**4) Syarat asiling pasinaon**

- a) Pasinaon mbetahaken sarana ingkang cekap, satemah siswa saged sinau kanthi sekeca.
- b) *Repetisi*, ing proses pasinaon mbetahaken ulangan ingkang makaping-kaping supados pangertosan/ketrampilan/unggah ungguh saged dipuntampi dening siswa.

### c. Bab ingkang Ndayani Pasinaon

*Proses* sinau boten saged uwal saking *proses interaksi* antawisipun babagan ingkang utama nalika sinau kaliyan *siswa*, minangka sumbering greget inggih menika kawontenan pasinaon (Daryanto & Raharjo, 2012: 17), menika trep kaliyan pamanggihipun Paramita (2012: 87) ingkang ngandharaken bilih *proses* sinau ing sekolah saenipun *variatif*, ngremenaken, *kratif*, saha trep ancasipun ananging saged dipunlampahi kanthi kawontenan pawiyatan saha siswa ingkang manekawarna.

Guru menika dipunbetahaken nalika damel *strategi*, *model*, cara, saha *pendekatan* dhateng siswa supados kawontenanipun ngremenaken. Kawontenan ingkang ayom tentrem wigati sanget dipunbangun supados siswa saged tuwuh gregetipun anggenipun sinau.

Slameto (2013 :54) ngandharaken bilih bab ingkang ndayani sinau siswa asalipun saking diri pribadhi saha saking njawi. Bab ingkang saking diri pribadhi inggih menika greget saking pribadhi menika piyambak anggenipun sinau, dene saking njawi inggih menika saking njawi pribadhi menika piyambak. Bab saking pribadhi wonten tiga, antawisipun lair, batos, saha badan ingkang sayah. Badan menika kadosta; kasarasan, saha boten sampurnaning badan, batos; *intelengensi*, pepenginan, bakat, ancas, saha samekta.


Bab saking njawi menika wonten tiga; kulawarga, pawiyatan, saha masarakat. Bab ingkang ndayani saking kulawarga inggih menika; cara anggenipun tiyang sepuh nggulawentah, sesambetan kaliyan kulawarga,

kawontenan griya, *ekonomi*, saha kabudayan, bab saking pawiyatan; cara anggenipun paring pasinaon, *kurikulum*, sesambetan guru kaliyan siswa, sesambetan siswa kaliyan siswa sanes, paugeraning pawiyatan, piranti pasinaon, kawontenan wewangunan, metode pasinaon, saha tugas ing griya, dene bab ingkang ndayani saking masarakat; kagiyatan siswa, medhia *massa*, kekancanan, saha kawontenan ing sakiwa tengenipun, (Slameto, 2013: 60-72).

### **3. Sumber Pasinaon**

#### **a. Pangertosan Sumber Pasinaon**

Piwulangan menika minangka *sistem* ingkang boten saged uwal saking sumber pasinaon. Sumber pasinaon menika sedaya piranti ingkang saged paring katrangan kanthi cara *auditif* saha *visual* kadosta; *slide*, *video*, *film*, saha *hardware* sanesipun (Sudjana & Rivai, 2009: 76). Dene miturut Dale (Arsyad, 2017: 14), pengalaman menika minangka sumber pasinaon. Pengalaman menika saged kaperang miturut tataran tartamtu, awujud kerucut (*cone of experience*). Tataran jinising pengalaman saged keningal ing ngandhap menika.



Gambar 2.1. Kerucut Pengalaman (*cone of experience*) Edgar Dale

#### b. Klasifikasi Sumber Pasinaon

Miturut Torkleson, sumber sinau menika kalebet sedaya piranti ingkang saged dipunginakaken kangge wigatining pasinaon, sedaya ingkang wonten ing pawiyatan ing jaman rumiyin, samenika, saha jaman ingkang badhe kalampahan (Sudjana & Rivai, 2009: 79). Sumber pasinaon menika sumber ingkang sampun dipunrantam, dipunsamektakaken kangge ancasing pasinaon tartamtu. Dene sumber pasinaon menika, kadosta;

- 1) Sumber cithak; buku, kalawarti, brosur, ariwarti, *poster*, *peta*, *ensiklopedi*, *kamus*, *booklet*, lan sanesipun.
- 2) Sumber *non-cithak*; *film*, *slides*, *video*, *model*, *audiocassette*, *transparansi*, *relief*, *objek*, saha sanesipun.
- 3) Sumber awujud sarana; perpustakaan, papan kangge sinau, studio, lapangan olahraga, saha sanesipun.

4) Sumber awujud kagiyatan; wawancara, kerja kelompok, *observasi*, simulasi, dolanan, saha sanesipun.

5) Sumber awujud kawontenan ing masarakat; taman, terminal, peken, toko, pabrik, museum, saha sanesipun.

### c. Babagan Inggang Ndayani Sumber Pasinaon

Babagan inggang ndayani sumber pasinaon menika kedah sami mangertos supados saged *optimal* anggenipun mumpangataken ing pasinaon. Babagan menika kadosta; (1) ngrembakanipun *teknologi*, (2) nilai-nilai kabudayan, (3) kawontenan ekonomi, (4) kawontenan inggang ngginakaken.

### d. Nemtokaken Sumber Pasinaon

Nemtokaken sumber pasinaon menika kedah wonten kriterianipun, limrahipun wonten kalih *kriteria* inggih menika *kriteria* umum saha *kriteria* adhedhasar ancasipun.

1) *Kriteria* umum; ekonomis, *praktis* saha samadya, gampang dipuntemokaken, sipatipun *fleksibel*, saha perangan komponnipun trep kaliyan ancasipun.

2) *Kriteria* adhedhasar ancasipun; sumber pasinaon kangge paring motivasi, mliginipun siswa inggang langkung andhap tataranipun, sumber pasinaon inggang nyengkuyung kagiyatan piwulangan, sumber pasinaon kangge panaliten, sumber pasinaon kangge ngrampungaken prakawis, saha sumber pasinaon kangge *presentasi*.

#### 4. *E-learning*

##### a. Pangertosan *E-learning*

Miturut *etimologis e-learning* menika saking aksara *e* cekakan saking *elektronik* saha tembung *learning* tegesipun sinau. *E-learning* ugi saged dipunsebut sinau kanthi mumpangataken pambiyantu *elektronik*, mliginipun piranti *komputer*. Wigatinipun *e-learning* menika *proses* anggenipun sinau (*learning*) piyambak boten namung ngginakaken *elektronik* minangka piranti kemawon. *E-learning* dipunginakaken kanthi pambiyantu *audio*, *video*, saha *perangkat komputer* utawi saged dipundadosaken setunggal, (Munir, 2009: 169).

Pasinaon *elektronik* utawi *e-learning* kawiwitan taun 1970-an (Waller & Wilson, 2001). Pamanggih ngengingi pasinaon *elektronik*, kadosta: *on-line learning*, *internet-enabled learning*, *virtual learning*, utawi *web-based learning*. Bab ingkang wigati ingkang kedah dipuncawisaken nalika ngginakaken *e-learning* inggih menika: (1) kagiyatan pasinaon katindakaken kanthi mumpangataken *jaringan internet*, (2) wontenipun sarana pasinaon ingkang dipunmumpangataken dening siswa, kadosta *external harddisk*, *flashdisk*, *CD-ROM*, utawi bahan cithak, saha (3) dipunsengkuyung kanthi *tutor* menawi siswa nemahi prakawis nalika pasinaon.

*E-learning* inggih menika *teknologi informasi* saha *komunikasi* kangge ngaktipaken siswa sinau wonten ing pundi kemawon boten winates papan panggenan saha wekdalipun, (Dahiya, 2012). *E-learning* inggih

menika pasinaon *elektronik* ingkang ngginakaken *teknologi* saha *informasi*, (Tigowati, Efendi,A, & Budiyanto C. 2017: 42)

*E-learning is electronic learning that uses technology and information. (Tigowati, Efendi,A, & Budiyanto C. 2017: 42)*

*E-learning* katindakaken kanthi ancas pasinaon ngginakaken *system elektronik* utawi *komputer* ingkang saged nyengkuyung proses pasinaon. *Platform e-learning* inggih menika *aplikasi* ingkang nyambung antawisipun guru saha siswa ing ruang pasinaon kanthi *online*. *E-learning* dipundamel kangge ngudhari prakawis ngengingi winatesing wekdal saha papan panggenan, (Michael, 2013).

*E-learning is organized with the purpose of learning to use an electronic system or computer also to be able to support a learning process. E-learning platform is an pplication that can connect to teachers and students in an online study space. E-learning is created to overcome the limitations between teachers and students, especially regarding space and time. (Michael, 2013).*

*E-learning* menika minangka wujud pasinaon kanthi mumpangataken *web* ingkang dipunakses lumantar jaringan *lokal* saha *internet*. *Online learning* utawi pasinaon *online* kalebet jinis sinau ingkang ngemot sedaya tataran *formal* saha *non-formal* kanthi mumpangataken *komunikasi internet*, (Sutopo, 2012: 144).


Miturut Gilbert, Jones & Michael, *e-learning* menika sedaya wujud kagiyatan pasinaon ingkang mumpangataken medhia *elektronik* kangge sinau. Pangertosan menika langkung nengenaken dhateng mumpangataken sedaya piranti *elektronik* kangge mbiyantu anggenipun

sinau. Dene miturut Hartley, Rosenberg, & Kamarga, *e-learning* menika mumpangataken *teknologi internet* saha *komputer* kangge mbiyantu *proses* anggenipun sinau, (Dian & Rakhmat, 2017: 4).

*Jaringan internet* menika wigati sanget kangge nyengkuyung lampahing *proses* pasinaon ngginakaken *e-learning*. Ginanipun *internet* menika minangka sarana kangge *komunikasi* antawisipun guru kaliyan siswa, saha antawisipun siswa kaliyan siswa sanesipun, (Arifin, F. & Herman, T. 2017: 47).

*Internet functions as an enrichment and communication between student and teachers, and also among the students. (Arifin, F. & Herman, T. 2017: 47).*

Dudutan saking pangertosan ing inggil inggih menika bilih *e-learning* dipundamel kangge ngudhari prakawis ngengingi winatesing wekdal saha papan panggenan antawisipun guru kaliyan siswa. Wondene *e-learning* menika medhia pasinaon ingkang mumpangataken manekawarna piranti *elektronik* minangka medhia sinau. Piranti *elektronik* kalebet *hardware* kadosta *komputer, laptop, video, tape, radio, tv, handphone*, dene piranti *software* kados *jaringan komputer* utawi *internet*. Materi *e-learning* boten namung dipunkintun kanthi cara *on-line* lumantar *jaringan lokal* utawi *internet*, ananging ugi saged dipunkintun kanthi cara *off-line* ngginakaken medhia CD/DVD.



Gambar 2.2 Bagan *E-Learning*

**b. Karakteristik *E-learning***

Haughey ngandharaken (Zulkifli, 2016: 11-17), nyebataken wonten tiga prakawis ingkang kedah dipungatosaken nalika badhe ngrembakakaken pasinaon ngginakaken *e-learning*, inggih menika: (1) guru kaliyan siswa awis anggenipun kepanggih, (2) ngginakaken *internet* kangge pasinaon jarak jauh, (3) *internet* saged nyengkuyung ngrembakanipun pasinaon ing lebet kelas.

*...mentioned three possibilities of learning system development using e-learning: that is (1) web course: teachers and students are separated and never met each other, (2) web centric course: the using of internet that combines distance learning and face to face learning, (3) web enhanced course: the usage of internet to support learning quality development that happens in a classroom. (Zulkifli, 2016: 11-17)*

Prinsip ngginakaken *e-learning* wonten ing pasinaon miturut Littlejohn & Pegler (Dian & Rakhmat, 2017: 9-11), inggih menika;

### **1) Personalisasi**

*E-learning* dipunginakaken supados siswa saged sinau miturut kaliyan kesagedanipun piyambak adhedhasar greget saha kabetahanipun piyambak. Siswa ugi saged pirembakan kaliyan gurunipun utawi kancanipun kanthi pribadhi. Lumantar *system online* siswa saha guru saged nemtokaken cara *interaksi sosial* kanthi cara ditampi menapa boten *interaksi* saking *user* sanes.

### **2) Aman**

Salah setunggaling sarana ingkang wonten ing *e-learning* inggih menika *system* kangge nyimpen dhata utawi *dokumen* awujud catetan, tugas, ujian kanthi aman wonten ing *server*. Dhata ingkang dipunsimpen awujud *digital*, menika aman kajaga menawi *server* boten rusak.

### **3) Sinau Mandhiri**

*E-learning* menika nyamektakaken materi ingkang saged dipunsinau siswa miturut kabetahanipun. Kanthi cara menika siswa saged sinau miturut kaliyan kesagedanipun piyambak.

#### 4) *Tracking*

Kanthe ngginakaken *e-learning* guru saged mangertos menapa mawon ingkang dipuntindakaken siswa nalika sinau mandhiri saha kelompok, ketingal wekdalipun, pitulungan, saha gladhi ingkang sampun kasil dipungarap. Katrangan lumantar lacakan menika saged dipunginakaken minangka pepeling nalika siswa rumaos angel sinau.

#### 5) *Aplikasi Pihak Ketiga*

*Teknologi komputer* ingkang dipunjangkepi mawi *internet* saha *aplikasi*, menika minangka piranti ingkang sae kangge damel materi. Mila materi ingkang narik kawigatosaning siswa saged ndadosaken *kualitas* sinau langkung sae. Nalika ngginakaken *komputer* saha *internet* kathah *aplikasi* saking *pihak* sanes utawi *pihak ketiga*. Tuladha, siswa ngginakaken *LSM* nalika mbiyantu ngrantam kagiyatan pasinaon kanthi cara *online*.

Miturut katrangan menika saged ketingal bentenipun *karakteristik traditional learning* kaliyan *e-learning*;

Table 2.1. *Karakteristik traditional learning* saha *e-learning*

<b>Traditional Learning</b>	<b>E-Learning</b>
• Winates	• Boten winates
• Wekdal sakmenika	• Saged luwes
• Kendhali wonten ing guru	• Kendhali siswa piyambak
• Linear	• Multidimensional
• Sumber sekunder	• Sumber primer
• Ajeg	• Ewah (dinamis)

Rusman (2011: 264) ngandharaken karakteristik pasinaon *e-learning* menika benten kaliyan pasinaon tradisional utawi konvensional.

1. *Independency* (mandhiri); saged adaptasi saha nyambut damel kanthi *efektif* bab bahan ajar, guru, wekdal saha papan panggenan, satemah siswa menika dados punjering pasinaon (*student centered learning*).
2. *Accessibility* (*aksesibilitas*); akses saged kaperang lumantar *jaringan internet* satemah dados sumbering pasinaon ingkang langkung sae saha gampang dipunakses.
3. *Enrichment* (*pengayaan*); saged ngginakaken piranti *teknologi* kados *LCD proyektor, video streaming, simulasi, animasi*, saha sanesipun ing kagiyatan piwulangan, *presentasi* materi ing kelas, pirembagan saha gladhen materi kangge pengayaan.

Katrangan ing inggil menika ingkang mbedakaken kagiyatan pasinaon ngginakaken cara ingkang *konvensional* kaliyan *e-learning*. Dene bentenipun pasinaon *konvensional* kaliyan *e-learning* saged ketinggal ing tabel ngandhap menika.

Tabel 2.2. Bentenipun pasinaon *konvensional* kaliyan *e-learning*

<b>Pasinaon Konvensional</b>	<b>Pasinaon E-Learning</b>
Karakteristik <ul style="list-style-type: none"> <li>• Punjering pasinaon inggih menika guru</li> </ul>	Karakteristik <ul style="list-style-type: none"> <li>• Independent</li> <li>• Accesbility</li> <li>• Enrichment</li> </ul>
Sumbering kawruh <ul style="list-style-type: none"> <li>• Winates wonten ing kelas</li> </ul>	Sumbering kawruh <ul style="list-style-type: none"> <li>• Distributed</li> </ul>
Metode piwulangan <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ceramah</li> <li>• Demonstrasi</li> </ul>	Model piwulangan <ul style="list-style-type: none"> <li>• Konstruktif</li> <li>• Kolaboratif</li> </ul>

Miturut Noesgaard, Signe Shack & Rikke (2015), ngandharaken bilih panaliten ngengingi *efektivitas e-learning* sampun ngrembaka sanget. Babagan menika dipundayani dening mindhakipun *teknologi internet* ing pasinaon, ananging *e-learning* menika boten saged dipunpisah saking pasinaon *konvensional*.

*...e-learning effectiveness research has increased in recent years. This is mainly due to the improvement of IT in learning, although e-learning can not be separated from conventional learning. (Noesgaard, Signe Shack & Rikke, 2015)*

Piwulangan ngginakaken *e-learning*, siswa boten namung gumantung kaliyan guru anggenipun pados seserepan, amargi lumantar materi ingkang dipunandharaken wonten ing *e-learning* siswa saged milih piyambak menapa ingkang badhe dipunsinau. Wonten ing *e-learning* sumber kawruh kasebar wonten ing pundi kemawon saha saged dipunakses kanthi gampang tumrap tiyang sanes. Sipatipun medhia *internet* menika wiyar saha saged dipunakses dening sinten kemawon ingkang sampun nyambung ing salebetipun.

*Teknologi* ingkang ngrembaka menika rikatan sanget, piwulangan saged dipuntindakaken kanthi mumpangataken *internet* satemah boten kedah wonten ing salebeting kelas. Piwulangan kanthi mumpangataken *teknologi* awujud *e-learning* ndadosaken siswa saged sinau kanthi mandhiri, *kolaboratif*, *aktif*, *konstruktif*, *kontekstual*, *reflektif*, sarta saged nggladhi nalaripun lumantar *internet* saha *intranet*, (Mu'arif & Surjono, 2016: 197).

Dudutanipun *e-learning* menika kagiyatan piwulangan ingkang mumpangataken *teknologi internet* adhedhasar *web*. Sanesipun *e-learning* saged dipunginakaken kangge piwulangan ingkang jarakipun tebih saha *konvensional*, sarta minangka salah setunggaling wujud kagiyatan sinau ingkang materipun (*content*) saha cara anggenipun ngandharaken (*delivery method*) dipunsajikaken lumantar *internet* kanthi mumpangataken medhia *web*.

### c. Piranti *E-learning*

Piranti ingkang mbiyantu *e-learning* miturut Romisatriawahono (2008), inggih menika;

#### 1) *Infrastruktur E-learning*

Piranti ingkang dipunginakaken *e-learning* awujud *Personal Computer (PC)*, inggih menika *komputer, jaringan komputer (hub, switch, router)* utawi piranti jaringan sanesipun ingkang nyambung kanthi ngginakaken medhia *komunikasi* tartamtu. *Internet* cekakan saking *Interconnection Networking* ingkang nyambung kaliyan piranti *multimedia* kadosta *teks, grafis, gambar, foto, audio, video*, saha *animasi* ingkang *terintegrasi*.

#### 2) *System saha Aplikasi E-learning*

*System saha aplikasi e-learning* ingkang asring dipunsebat *Learning Management System (LMS)*, minangka *system software* ingkang mem-*virtualisasi* proses pasinaon kangge *administrasi, dokumentasi, laporan program* gladhen, kelas, kagiyatan *online*,

*program e-learning*, saha konten gladhen, kadosta; sedaya *fitur* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan *manajemen proses* pasinaon, *manajemen* ing kelas, damel materi utawa *konten*, *forum* pirembagan, sistem pambiji (*raport*), saha sistem ujian *online* ingkang dipunakses kanthi ngginakaken *internet*.

### 3) **Konten E-learning**

*Konten e-learning* minangka *konten* saha bahan ajar awujud *Multimedia-based content* (*konten* awujud *multimedia interaktif* kadosta *multimedia* pasinaon ingkang ngginakaken *mouse*, *keyboard* utawi *text-based content* (*konten* awujud *teks* kados ing buku pasinaon ing Wikipedia.org, ilmu computer.com, saha sanesipun) saged dipunsimpen wonten ing *Learning Management System (LMS)* satemah saged dipunakses dening siswa ing pundi kemawon. *Prototype* katindakaken makaping-kaping satemah aplikasi ingkang dipunasilaken trep kaliyan kabetahan ingkang badhe ngginakaken (Pressman, 2010).

Dene tiyang ingkang nindakaken *e-learning* menika sami kaliyan proses piwulangan *konvensional*, inggih menika guru ingkang mbimbing siswa nampi bahan ajar saha *administrator* ingkang ngatur *administrasi* saha proses pasinaon.

#### d. **Mumpangatipun E-learning**

Rohmah (Fauzi A, Hefny, Baharun H, Mundiri A, Manshur U & Musolli 2018: 2), ngandharaken bilih *e-learning* menika saged ndamel

kawontenan ingkang enggal ing piwulangan. *E-learning* saged dipunmumpangataken kanthi sae saha saged ngindhakaken asiling pasinaon langkung *maksimal*. Mumpangatipun *e-learning* inggih menika:

- 1) *E-learning* saged nyigeg wekdal saha beya kangge pasinaon supados langkung *ekonomis*,
- 2) *E-learning* nggampilaken anggenipun *interaksi* antawisipun siswa kaliyan medhia pasinaon,
- 3) Antawisipun siswa setunggal kaliyan siswa sanesipun saged paring *informasi* saha *akses* materi pasinaon nalika ngambali sinau supados langkung sae anggenipun nguwaosi materinipun,
- 4) *Kanthi e-learning proses* ngrembakanipun seserepan saha kawruh boten namung ing kelas, nanging ugi kanthi pambiyantu piranti *komputer* saha *jaringan internet*, siswa saged dipunaktipaken nalika *proses* pasinaon.

Sinau ingkang ngginakaken *e-learning* menika kathah mumpangatipun tumrap siswa. Menawi medhia ingkang dipundamel menika sae, saged ngasilaken pasinaon ingkang ngremenaken. Siswa saged sinau wonten ing pundi kemawon boten winates papan panggenan saha wekdal. *Teknologi* menika sipatipun *fleksibel* anggenipun *akses* materi ingkang *virtual* utawi *maya*. Materi ingkang dipunparingaken boten gumantung buku cithak utawi *CD-ROM* nanging ugi saged dipunparingi awujud *digital* lumantar *komputer*, *smartphone*, saha piranti *elektronik* sanesipun.

Alessi & Trollip (2001: 480), ngandharaken bilih menawi badhe mumpangataken *komputer* kanthi *maksimal*, kedah boten eman anggenipun ngginakaken *komputer* menika. *Instruksi* ingkang trep kedah dipuncawisaken nalika badhe dipunkintun wonten ing *komputer* satemah saged mumpangat.

#### e. Kirangipun *E-learning*

Miturut Rosenberg (2006), *e-learning* menika ugi nggadhahe kekirangan, antawisipun:

- 1) *E-learning* menika ngginakaken *teknologi informasi*, boten sedaya tiyang mliginipun tiyang ingkang awam saged ngginakaken kanthi sae.
- 2) Damel *e-learning* ingkang *interaktif* saha jumbuh kaliyan kabetahan *user* mbetahaken *programming* ingkang awrat, satemah anggenipun damel menika dangu.
- 3) *E-learning* mbetahaken piranti ingkang sae satemah mbetahaken beya sepisanan ingkang awis.
- 4) *SDM* ingkang winates satemah boten sedaya tiyang saged ngginakaken.

## 5. Basa Jawi Krama

### a. Unggah-Ungguh Basa Jawi

Harjawayana (2000:13) ngandharaken tiyang Jawi menika langkung nengenaken unggah-ungguh, subasita utawi tatakrama, amargi gadhah

watak wantu andhap asor saha remen ngormati ing asanes. Tumrap unggah-ungguh basa, prakawis ingkang kalebet wigatos saha remit inggih menika cak-tumindakipun ngormati tiyang sanes, amargi kanthi tansah mulat sawatawis pepenget, antawisipun;

- 1) *Faktor* umur. Tuladha; lare alit ngormati lare ingkang langkung ageng. Tiyang enem ngormati tiyang ingkang langkung sepuh.
- 2) *Faktor* paprenahan (kekerabatan). Tiyang ingkang kaprenah anem, ngormati sedherek ingkang awunipun langkung sepuh. Tuladha; adhi ngormati kakang utawi mbakyu. Anak ngurmat bapa saha ibu (tiyang sepuh) lan sapanunggalane.
- 3) *Faktor* drajad pangkat. Tuladha; murid ngormati guru, pegawe ngormati pangarsanipun, warga pakempalan ngormati sesepuhipun.
- 4) *Faktor* drajad semat. Tuladha; tiyang ingkang sugih, utawi sitinipun wiyar saha sapanunggalane langkung dipunaosi.
- 5) *Faktor* trah. Tuladha; tiyang ingkang gadhah sesebatan (titel, gelar) langkung dipunaosi.
- 6) *Faktor* luhuring pribadhi. Tuladha; tiyang pinter utawi para sarjana, para pahlawan, ahli budaya, ahli seni, para ngulama langkung dipunaosi.
- 7) *Faktor* tetepangan. Wosipun tiyang ingkang dereng tepang, dereng patos tepang, utawi tepangan enggal, limrahipun langkung dipunormati katimbang tiyang ingkang sampun kulina.

Suharti (2006: 151), ngandharaken bilih pasinaon basa Jawi menika boten namung sinau ngengingi basa saha sastra Jawi ananging ugi kedah dipunarahaken wontenipun *transfer* nilai-nilai budaya ing salebetipun. Miturut Wibawa (2006: 68), bilih proses sinau basa Jawi sasagedipun katindakaken boten namung *meaning getting*, ananging minangka *proses meaning making*, satemah wonten *internalisasi* nilai-nilai ing diri pribadhi siswa. Siswa boten namung mangertos *nilai kognitif*, ananging ugi *nilai afektif*, kadosta raos, nilai, kapitadosan, saha patrap.

Unggah-ungguh basa menika ateges tatanan ingkang ginanipun kangge nata anggenipun tiyang menika matur kanthi santun dhateng tiyang sanes. Santun menika trep kaliyan kawontenan tiyang ingkang gineman, ancas saha pesen ingkang badhe dipunaturaken. Masarakat Jawi mastani bilih kedah micara sae utawi manut empan-papan saha wekdal kedadosanipun. Ing teks wulang Jawi wonten gegebengan ingkang kedah dipungatosaken dening tiyang ingkang badhe micara supados selamat nalika micara. Prakawis menika antawisipun; patrap ingkang patut, setiti ngati-ati, tan kena kanthi sembrana, awya gawe serik, den sabar awya brangasan, ngajenana mring sesami, saha micara sarwa manis, (Endraswara, 2006: 37).

#### **b. Undha-Usuk Basa Jawi**

Raos seneng ngormati tiyang sanes menika sajatosipun dados kodrat tumrap sadaya manungsa. Mila ingkang gadhah unggah-ungguh boten namung basa Jawi, nanging ugi sadaya basa, kalebet basa Indonesia.

Miturut Kuntari (2017: 19) ngandharaken bilih wonten ing kongres Basa Jawi 1 warsa 1991, tataran basa Jawi menika kaperang dados kalih inggih menika ngoko kaliyan krama.

### c. Basa Krama

Basa krama menika ngemu pakurmatan ingkang langkung inggil katimbang basa ngoko. Basa krama langkung nengenaken raos pakurmatan. Pakurmatan ingkang linambaran kasusilan, inggih menika bebuden ingkang sae, ingkang netepi kautaman saha pranatan (Harjawiyan, 2000: 67).

Miturut Hadiwidjana basa krama menika kangge wawan pangandikan kaliyan tiyang sanes, ing pasrawungan, basa ingkang sampun disekecake tumrap raos saha sekeca dipunmirengaken. Ginanipun basa krama;

- 1) Tiyang ingkang wawan pangandikan dereng tepang kaliyan tiyang ingkang dipunajak wawan pangandikan, saha ingkang dipunajak wawan pangandikan wau ketingal langkung sepuh utawi tiyang ingkang kagungan pangkat.
- 2) Tiyang ingkang wawan pangandikan langkung anem yuswanipun katimbang tiyang ingkang dipunajak wawan pangandikan saha tiyang ingkang dipunajak wawan pangandikan kedah dipunormati.
- 3) Tiyang ingkang wawan pangandikan langkung andhap drajad pangkatipun katimbang tiyang ingkang dipunajak wawan

pangandikan utawi tiyang ingkang dipunajak wawan pangandikan kedah dipunormati.

Kuntari (2017: 22-26) mahyakaken bilih basa krama kaperang dados sekawan, inggih menika;

### 1) Krama Lugu

Krama lugu inggih menika ukara ingkang sedaya tetembunganipun krama lugu boten campuh tetembungan krama inggil. Mumpangatipun kangge nyariyosaken diri pribadhi, tiyang ingkang sadrajad, utawi langkung anem.

Titikanipun inggih menika:

Aku	digantos	: kula
Kowe	digantos	: panjenengan
Ater-ater dak-	digantos	: kula
Ater-ater ko-	digantos	: panjenengan
Ater-ater di-	digantos	: dipun
Panambang –ku	digantos	: kula
Panambang –mu	digantos	: panjenengan
Panambang –e/ne	digantos	: ipun/nipun
Panambang –ake	digantos	: aken

Tuladha:

- (a) Kula badhe kesah dhateng Jakarta, panjenengan badhe titip menapa?
- (b) Kula dipunkengken semah kula supados mendhet titipan.

- (c) Buku ingkang wonten meja menapa sampun panjenengan pendhet, Dhik?

## 2) **Krama Madya**

Ukara krama madya wujudipun kados krama lugu saha krama alus, ananging lebetipun wonten tetembungan krama madya. Ukara menika saged dipunwastani kirang unggah-ungguhipun. Ukara krama madya menika boten trep menawi dipunginakaken ing ukara pranatacara utawi pamedhar sabda, utawi kangge wawan pirembagan kaliyan tiyang ingkang dipunormati satemah kedah dipunendhani.

Tuladha:

- (a) Kula **ajeng** ngadeg ing ngriki, **ajeng** ngaturaken sekar pangkur.
- (b) Sekar niki damelan kula piyambak lan seg wau kula tulis.
- (c) Nyuwun pamengku **mawon** menawi sekar **niki** kirang sae.

## 3) **Krama Alus**

Ukara krama alus sami kaliyan tataran tutur mudha krama inggih menika ukara ingkang tetembunganipun krama saha ing lebetipun wonten tetembungan krama inggil. Ukara menika kalebet tataran tutur ingkang inggil satemah sekeca saha ngresepaken ingkang mirengaken, ananging kedah atos-atos anggenipun ngginakaken tetembungan. Sampun ngantos tembung krama inggil dipunginakaken kangge diri pribadhi.

Titikanipun:

Aku	digantos	: kula
Kowe	digantos	: panjenengan, panjenenganipun Kangmas, panjenenganipun Ibu, panjenenganipun Bapak, saha sanesipun.
Ater-ater dak-	digantos	: kula
Ater-ater ko-	digantos	: panjenengan
Ater-ater di-	digantos	: dipun
Panambang –ku	digantos	: kula
Panambang –mu	digantos	: panjenengan
Panambang –e/ne	digantos	: ipun/nipun
Panambang –ake	digantos	: aken

Tuladha:

“Kula nyuwun agunging pangapunten, menawi kathah kalepatan anggen kula matur saha pinanggih baba-bab ingkang boten mranani penggalih panjenengan sedaya, saestu kula ngantu-antu paringipun pangaksami”.

#### 4) **Krama Inggil**

Krama inggil inggih menika ukaranipun kados krama alus ananging wonten tetembungan ingkang mligi kangge pakurmatan dhateng tiyang ingkang dipunanggep langkung dipunormati saha saking kulawarga Karaton. Tembung menika kadosta panjenengan

dipungantos panjenengan dalem, utawi nandalem; inggih dipungantos nun inggih utawi sendika dhawuh; nuwun sewu dipungantos punten dalem sewu. Sanesipun tembung aku dipungantos kawula, abdi dalem utawi adalem.

Tuladha:

- (a) Puntèn dalem sewu, wonten dhawuh menapa nan dalem nimbali kula?
- (b) Nun inggih, kula namung sendika dhawuh menapa ingkang dados dhawuh timbalan Dalem, Sinuwun.

Pranowo & Saktimulya (2017: 1-10) ngandharaken bilih basa krama menika basa ingkang alus lan santun. Babagan menika saged katingal ing andharan ngandhap menika;

**(a) Gegebenganipun Basa Ing Masarakat**

Sadengah tiyang kepingin saged wawan pangandikan kanthi santun basanipun, pramila dados gegebenganipun saben tiyang ingkang sinau basa krama saha santun. Saupami sadengah tiyang saged ngendika kanthi basa ingkang alus saha santun, temtu badhe ngresepaken penggalih sinten mawon ingkang mirengaken.

**(b) Basa Laras, Leres, saha Santun**

Basa ingkang laras inggih menika basa ingkang jumbuh kaliyan panganggenipun. Basa ingkang leres inggih menika basa ingkang trep kaliyan parama sastra Jawa ingkang baku.

**(c) Pirsu Paugeran Boten Saged Cak-Cakanipun**

Kathah tiyang ingkang saged ngginakaken basa alus saha santun ananging boten mangertos paugeran utawi parama sastranipun ingkang kedah dipunsinau.

**(d) Basa Inkang Santun**

Basa dipunwastani santun wonten pinten-pinten pamanggih ing antawisipun para ahli basa. Sepisan, basa ingkang boten damel sengkeling manah/penggalih dhateng tiyang sanes ingkang dipunajak wawan pangandikan. Kaping kalih, basa ingkang kawastanan santun amargi ingkang ngendika saestu kapenggalih njagi “harkat” saha “martabat” dhiri pribadhi kanthi ngormati tiyang sanes.

**(e) Kenging Menapa Kedah Basa Santun?**

Basa saestu minangka piranti wawan pangandikan tiyang setunggal kaliyan setunggalipun. Wonten tigang prakawis ingkang kedah dipungatosaken nalika sami wawan pangandikan. Sepisan, sinten mawon ingkang wawan pangandikan kedah mangertos ancas pangajapipun ingkang dipunkersakaken dening ingkang sami ngendika. Kalih, tiyang sanes boten cekap dipunsagahi ingkang dados kersanipun. Tiga, wawan pangandikan ugi asring dipunmidhangetaken kaliyan tiyang sanes ingkang boten wonten sesambetanipun.

Awon saenipun tiyang saged ketingal saking basa ingkang dipunginakaken nalika wawan pangandikan. Sinten mawon ingkang

ngginakaken basa Jawi Krama saha santun saestu dados “tolok ukur” sipat saha kapribadhenipun sadengah tiyang.

Adhedhasar pamanggih ing inggil saged dipundudut bilih basa krama inggih menika basa ingkang santun saha langkung nengenaken unggah-ungguh nalika wawan pangandikan, limrahipun dipunginakaken kangge wawan pangandikan kaliyan tiyang ingkang langkung yuswanipun, tiyang ingkang langkung inggil drajadipun, tiyang ingkang dereng tepang, saha tiyang ingkang dipunormati tumrap ing pagesangan.

## **B. Panaliten Inggang Gayut**

Panaliten ingkang wonten gegayutanipun kaliyan *e-learning* inggih menika;

1. Ibrahim, Doni (2013) “Pengaruh Penggunaan *E-learning* Terhadap Motivasi dan Prestasi Belajar Matematika Siswa SD Negeri Tahunan Yogyakarta”

Ancasipun panaliten menika, kadospundi *e-learning* saged nuwuhaken greget saha *prestasi* sinau matematika siswa SD Negeri Tahunan Yogyakarta. Sampel panaliten menika siswa kelas IV A saha IV B ingkang cacahipun 66. Panaliten menika ngginakaken *quasi eksperimen* kanthi ngginakaken *posttest-inly control-group design*. Analisis dhata ingkang dipunginakaken *statistic analisis uji t*. Asiling analisis menika, *prestasi* sinau siswa ngginakaken *e-learning* ing SD Negeri Tahunan Yogyakarta menika wonten ewah-ewahanipun.

2. Nugroho, Fandi (2017) “Pengembangan Multimedia Pembelajaran Tematik Integratif Berbasis Web Kelas IV di SD Negeri Pilangrejo 1 Juwangi Boyolali”

Panaliten menika ngginakaken model panaliten saha pengembangan. Wonten sekawan tahap; *ancangan, desain, damel produk, saha evaluasi*. Sepisanan damel *ancangan ingkang dipunsamektakaken wiwit pambuka, tahap desain ngrantam struktur program, storyboard, anjakan antar muka, ngrantam sistematika penyajian materi, ilustrasi, visualisasi*. Damel *produk, nyerat teks, masang gambar, masang animasi, milih saha masang audio, pados saha masang video, damel forum pirembagan, damel hyperlink, sarta damel saha masang kuis*. *Evaluasi*, awujud *tes alpha validasi ahli medhia saha ahli materi, tes beta* awujud uji coba kelompok alit saha uji coba lapangan, sarta *uji efektivitas* awujud tes asiling sinau. Asiling panaliten pasinaon ngginakaken *multimedia* sampun trep fungsipun. Asil rerata biji ing *prosentase* dening *validator* ahli medhia saking aspek pemrograman saha tampilan 82,5% kategori “sangat baik”. Biji saking ahli materi saking aspek isi saha pasinaon ing *prosentase* 71% kategori “sangat baik”. Tanggapan siswa dhateng *multimedia* ing lapangan rerata biji ing pungkasan 71,33% kategori “sangat baik”. Adhedhasar rerata *pre-test* saha *post-test* rerata bijinipun mindhak kanthi rerata 14,9.

3. Nanda, Widya (2018) “Pengembangan E-learning untuk Mata Pelajaran Ilmu Gizi Kelas di SMK Budi Mulia Dua Yogyakarta”

Panaliten menika ngasilaken produk medhia adhedhasar *moodle*. Panaliten menika awujud panaliten *R&D adaptasi* saking *model Alessi* dan *Trollip*. *Prosedur* wiwit ancangan, *desain*, saha pengembangan. Ing tataran ancangan saha desain dipuntindakaken *ongoing evaluation* dumugi dados *produk* ingkang sepisanan. Ing tataran pengembangan dipuntindakaken *validasi* dening ahli medhia saha ahli materi (*tes alfa*) lajeng dipuntindakaken *revisi produk* ingkang sepisanan. Sasampunipun produk dados dipuntindakaken *tes alpha* dening ahli materi, saha medhia supados mangertos sampun layak menapa dereng medhia kasebat. Salajengipun *tes beta*, dilajengaken ngginakaken produk ing proses pasinaon kelas X ingkang cacahipun 15 siswa. Asiling panaliten menika produk *e-learning* dipundamel kanthi *system manajemen LSM online* ingkang dipundamel kanthi *software aplikasi Moodle versi 3.3*. *Produk e-learning* sampun layak minangka medhia pasinaon adhedhasar *validasi* ahli medhia, ahli materi, saha siswa. *Kelayakan* menika reratanipun 3,96 kanthi kategori sae, asiling sinau siswa kelas X kompetensi keahlian Jasa Boga ing SMK Budi Mulia Dua Yogyakarta mindhak saksampunipun ngginakaken *e-learning*. Saking panaliten menika saged dipundudut bilih *e-learning* ingkang dipundamel sampun layak saha *efektif* dipunginakaken ing pasinaon mliginipun ing materi karbohidrat saha protein minangka zat pembangun.

4. Yengyuno Soree (2018) “Efektivitas Penggunaan E-learning Berbasis Moodle Terhadap Hasil Belajar Mahasiswa Pada Mata Kuliah Bahasa Melayu untuk Komunikasi di Yala Rajabhat University (Thailand)”

Panaliten menika ngginakaken *e-learning* adhedhasar *Moodle* kangge nambah seserepan saha ngindhakaken asiling sinau mahasiswa mata kuliah Basa Melayu. Metode panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *Quasi Eksperimen*. Teknik analisis data ngginakaken paired *t-test* saha *independent sampel t-test*. Asiling panaliten, (1) piwulangan *e-learning* adhedhasar *Moodle efektif* kangge ngindhakaken asiling sinau mahasiswa rata-rata mindhak 48,1028, saha wonten bedanipun asiling sinau ngginakaken medhia piwulangan *e-learning* kaliyan ingkang ngginakaken piwulangan konvensional (ceramah), inggih menika rata-rata kelas eksperimen 32,5333 dene kelas kontrol 31,4483.

5. Vici Syahril Chairani (2019) “Analisis Tingkat Kesiapan Pembelajaran Berbasis E-learning Pada Sekolah Menengah Kejuruan (SMK) di Kabupaten Padang Pariaman”


Ancasing panaliten menika nyariyosaken bab siaganipun guru anggenipun ngginakaken pasinaon adhedhasar *e-learning* ing SMK, faktor menapa mawon ingkang sampun sumadya saha dereng kangge ngginakaken pasinaon adhedhasar *e-learning* ing SMK program keahlian *teknik komputer* saha *informatika* ing kabupaten Padang Pariaman. Panaliten menika ngginakaken pendekatan *kuantitatif*. Data panaliten ngginakaken *kuisisioner* ingkang dipunuji *validitas* dening pamanggihipun

ahli saha reliabilitasnya kanthi *uji reliabilitas alpha Cronbach SPSS 25.0*. asiling panaliten nedahaken bilih guru ing SMK menika sampun siaga ngginakaken medhia *e-learning* ananging taksih mbetahaken dipunampingi supados langkung siaga malih kangge ngginakaken *e-learning*.

### **C. Nalaring Pikir**

*Produk* ingkang dipundamel ing panaliten menika dipunangkah saged ngudhari reribed nalika sinau piwulangan basa Jawi krama satemah ancasing pasinaon menika saged kasil kanthi sae. Lumantar *e-learning* ingkang sipatipun *fleksibel* saha *aksesibilitas* saged ngirangi prakawis nalika siswa sinau basa Jawi krama. Kanthi medhia *e-learning* panaliti saged paring *solusi* dhateng kabetahanipun siswa saha guru babagan medhia saha sumber pasinaon.

Ancasipun damel medhia *e-learning* menika supados siswa saged langkung gampang anggenipun sinau basa Jawi mliginipun basa Jawi krama, satemah siswa menika saged nambah nguwaosi basa Jawi krama, saha saged gladhi ngginakaken basa Jawi krama wonten ing padintenan. Kanthi medhia ingkang berbasis *internet* menika siswa saged sinau wonten ing pundi kemawon boten winates papan panggenan saha wekdalipun, benten kaliyan sinau kanthi medhia *konvensional*. Dene gegambaraning damel medhia panaliten menika saged ketingal saking bagan ing ngandhap menika.



Gambar 2.3 Bagan Damel Panaliten *E-learning*

#### **D. Pitakenan Panaliten**


Adhedhasar gegaran teori, panaliten ingkang gayut, saha nalaring pikir ing inggil, saged dipunrantam pitakenan kados ing ngandhap menika;

1. Kadospundi anggenipun damel *e-learning*?
2. Kadospundi *kelayakan produk e-learning* ingkang dipundamel miturut ahli materi?
3. Kadospundi *kelayakan medhia e-learning* ingkang dipundamel miturut ahli medhia?
4. Kadospundi *kelayakan medhia e-learning* ingkang dipundamel miturut pamanggihipun guru saha siswa?

### BAB III. CARA PANALITEN

#### A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet panaliten *Research and Development (R&D)* ingkang ancasipun kangge ngasilaken *produk* tartamtu saha nguji *efektifitas produk*, (Sugiyono, 2016: 409). Borg & Gall (1983: 772) ngandharaken bilih panaliten *pengembangan* menika minangka kupa kangge damel saha mem-*validasi produk* ingkang badhe dipunginakaken wonten ing pasinaon. Panaliten menika katindakaken kanthi *model ADDIE (Analysis, Design, Development, Implementation, and Evaluation)*, ingkang dipunadaptasi saking Purwanto & Ida Melati Sadjati lumantar Padmo (2004: 418-423). *ADDIE* menika minangka salah setunggaling jinis panaliten *R&D* ingkang kaperang dados 5 tataran, inggih menika *Analysis, Design, Development, Implementation, and Evaluation*.



Gambar 3.1 Model ADDIE

## **B. Cara Anggenipun Damel *E-Learning***

Tataran ingkang dipunlampahi anggenipun damel *e-learning* kanthi *model ADDIE* saking Padmo (2004: 418-423) inggih menika;

### **1. Analisis**

Tataran *analisis* menika panaliti prakawis wonten ing pawiyatan, inggih menika;

- a. Medhia ingkang dipunginakaken wonten ing pasinaon basa Jawi mliginipun bab basa Jawa krama menika taksih kirang narik kawigatosan siswa.
- b. Wontenipun prakawis bilih siswa menika kathah ingkang dereng mangertos tembung-tembung basa Jawi krama.
- c. Damel materi pasinaon adhedhasar kurikulum, silabus, RPP, saha buku piwulangan basa Jawi ingkang dipundadosaken dhasar kangge damel *e-learning* mata pelajaran basa Jawi kelas X SMA Negeri 1 Jetis Bantul.
- d. Mengidentifikasi *karakteristik* siswa kelas X SMA Negeri 1 Jetis Bantul kanthi ngginakaken wawan pirembagan antawisipun guru kaliyan siswa.
- e. Ngempalaken sumber-sumber materi basa Jawi krama ingkang saged nyengkuyung *produk e-learning*.

### **2. Desain (Design)**

Desain miturut Sugiyono (2016: 412) ing pendidikan *produk* ingkang dipunasilaken saged mindhakaken *produktivitas pendidikan* ingkang

*berkualitas saha relevan* wonten ing pawiyatan. Mila lajeng dipunlarasaken kaliyan ancasing piwulangan basa Jawi krama kanthi ngginakaken medhia *e-learning*. Rantaman ingkang badhe dipunlampahi inggih menika:

- a. Ngrembakakaken seserepan ingkang dipunlarasaken kaliyan kurikulum, silabus, RPP, saha buku piwulangan basa Jawi kelas X SMA.
- b. Damel desain pasinaon kanthi medhia *e-learning* kangge nambah nguwaosi basa Jawi krama siswa kelas X SMA.

### **3. Pengembangan / Damel Produk**

Saksampunipun *desain* menika purna lajeng tataran ingkang saklajengipun ingkang badhe dipunlampahi inggih menika;

- a. Ngempalaken sumber-sumber ingkang jumbuh kaliyan materi saha ngrantam konten materi ingkang dipunbetahaken ing *e-learning*.
- b. Damel *flowchart* medhia pasinaon *e-learning* adhedhasar *web*. *Flowchart* dipunginakaken minangka lampahing damel medhia *e-learning* kanthi rinci, supados langkung gampil anggenipun damel medhia.


### **4. Implementation**

Sasampunipun *e-learning* pikantuk pasarujukan saking dosen ahli materi saha dosen ahli medhia, saha *e-learning* sampun *layak uji coba*. Lajeng dipunsuwunaken pambiji saha pamanggih dening guru basa Jawi tumrap medhia pasinaon, saha pambiji saking siswa. Ancasipun dipunwontenaken *uji coba produk* inggih menika ngempalaken dhata kangge mangertosi pamanggih

kaliyan pambiji saking guru basa Jawi saha siswa tumrap *produk* ingkang sampun dipunasilaken.

### 5. *Evaluation*

*Evaluasi e-learning* ingkang dipundamel menika wonten gegayutanipun kaliyan *kualitas kelayakan, efisien* anggenipun ngginakaken, saha prakawis-prakawis ingkang dipunadhepi nalika ngginakaken *e-learning* wonten ing pawiyatan. Bab menika saged dipunpersani wonten ing *skema* damel *e-learning* basa Jawa krama.



Gambar 3.2. Bagan damel *E-learning*

## C. Pambijining *Produk*

### 1. Rantamaning Pambiji

Rantamaning pambiji ngginakaken pambiji *deskriptif*, menika kangge ngandharaken asiling medhia ingkang dipunparingaken dhateng *subyek*, lajeng dipunanalisis saha *revisi produk*.

### 2. Jinis Dhata

#### a. Dhata *Kualitatif*

- 1) Jinis dhata *kualitatif* menika dipunpendhet saking *responden* lumantar *angket* pambiji *kualitas* medhia kanthi *gradhasi* SS (Sae Sanget), S (Sae), C (Cekap), K (Kirang), saha KS (Kirang Sanget).
- 2) Dhata ugi dipendhet saking *angket* siswa wosipun panyaruwe bab *e-learning* kanthi kategori SS (Sarujuk Sanget), S (Sarujuk), MM (Mangu-Mangu), KS (Kirang Sarujuk), BS (Boten Sarujuk), (Sugiyono, 2016: 134).

#### b. Dhata *Kuantitatif*

Asiling pambiji *produk* ing panaliten menika ingkang awujud *kualitatif* lajeng dipunewahi dados *kuantitatif* kanthi kategori *skor*.

- 1) Dhata *Kuantitatif Angket* Pambiji *Kualitas* Medhia

Tabel 3.1. *Kategori* Pambiji *Kualitas* Medhia

<b>Kategori</b>	<b>Skor</b>
SS (Sae Sanget)	5
S (Sae)	4
C (Cekap)	3
K (Kirang)	2
KS (Kirang Sanget)	1

## 2) Dhata *Kuantitatif* Saking *Kuesioner* Panyaruwe Siswa

Tabel 3.2 Kategori Pambiji Dhata *Kuantitatif Kuisisioner* Panyaruwe siswa

<b>Kategori</b>	<b>Skor</b>
SS (Sarujuk Sanget)	5
S (Sarujuk)	4
MM (Mangu-mangu)	3
KS (Kirang Sarujuk)	2
BS (Boten Sarujuk)	1

### D. Subjek Panaliten

Subjek panaliten inggih menika siswa ing pawiyatan tataran SMA ngengingi bab ngginakaken *e-learning* kangge nambah nguwaosi basa Jawi krama ing piwulangan basa Jawi.

### E. Cara saha Instrumen Ngempalaken Dhata

#### 1. Cara Ngempalaken Dhata

*Instrumen* panaliten inggih menika piranti ingkang dipunginakaken dening panaliti nalika ngempalaken dhata, (Sugiyono, 2016: 147). *Instrumen* ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih menika *angket*. *Angket* ingkang dipunginakaken inggih menika *skala likert*. Sugiyono ngandharaken (2016: 134) bilih *skala likert* dipunginakaken boten namung kangge ngukur patrap, ananging ugi ngukur pamanggih, panyaruwe dhateng proses kagiyatan saha sanesipun. *Indikator* pambiji saged kaperang dados kategori SS (Sae Sanget, S (Sae), C (Cekap), K (Kirang), saha KS (Kirang Sanget). Sanesipun kalebet kategori SS (Sarujuk Sanget), S (Sarujuk), C (Cekap), KS (Kirang Sarujuk), saha BS (Boten Sarujuk).

## 2. *Instrument Pambiji Kuwalitas Medhia Pasinaon*

### a. *Pambiji Dosen Ahli Materi*

Pambiji menika awujud angket ingkang dipunbetahaken kangge mbiji cacahing *indikator* kang cumawis ing medhia.

Tabel 3.3 Tuladha Kriteria Pambiji Dosen Ahli Materi

No	Indikator	SS	S	C	K	KS
1	Kuwalitas materinipun saged narik kawigatosan					
2	Leres saha cetha materinipun					
3	Materi ingkang dipuncawisake cetha					
4	Tuladha ingkang dipunginakaken trep satemah saged mangertos materinipun					
5	Ngginakaken basa ingkang gampil dipunmangertos					
6	Pitakenan kangge gladhen cekap					
7	Materi gampil dilebetaken ing medhia					

### b. *Pambiji Dosen Ahli Medhia*

Pambijinipun awujud angket ingkang kaperang saking cacahing *indikator*. *Indikator* menika dipundamel miturut kaliyan kabetahanipun.

#### 1) *Pambiji Saking Tampilanipun*

Tabel 3.4 Kriteria Pambiji Dosen Ahli Medhia

No	<i>Indikator</i>	SS	S	C	K	KS
1	Pitedah ngginakaken <i>e-learning</i> menika cetha					
2	Seratan cetha dipunwaos					
3	Trep anggenipun mapanaken tombol					
4	Trep anggenipun milih warna					
5	Trep anggenipun ngginakaken basa					
6	Kuwalitas tampilan gambar					
7	Tampilan layar					

2) Pambiji Medhia *E-learning*Tabel 3.5 Tuladha Kriteria Pambiji Dosen Ahli Medhia saking  
Produkipun

No	Indikator	SS	S	C	K	KS
1	Navigasinipun cetha					
2	Tombolipun menika ajeg					
3	Pitedahipun cetha					
4	Medhia gampil dipunginakaken					
5	Aksesipun rikat					

Pambiji kualitas medhia sepisanan aspek tampilan kaperang dados 6 indikator saha saking produkipun kaperang dados 5 indikator. *Instrument* pambijining medhia pasinaon adhedhasar kaliyan kriteria anggenipun mbiji *e-learning* minangka kualitasipun medhia.

## c. Pambiji Guru Basa Jawi

Pambiji menika awujud angket ingkang kaperang dados kalih, inggih menika gampil anggenipun mangertos saha gampil anggenipun ngginakaken medhia. Pambiji menika saged kababar ing ngandhap menika.

## 1) Gampil Anggenipun Mangertos

Tabel 3.6 Tuladha Kriteria Pambiji Guru Mapel bab Gampil  
Anggenipun Mangertos

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Medhia pasinaon menika gampil dipunmangertos					
2	Medhia menika saged nggampilaken pasarta didik anggenipun sinau basa Jawi krama					
3	Pitakenan wonten ing medhia saged nggladhi pasarta didik anggenipun sinau basa Jawi krama					
4	Wontenipun tuladha pacelathon saged nggampilaken pasarta didik sinau basa Jawi krama					

## 2) Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia

Tabel 3.7 Tuladha Kriteria Pambiji Guru Mapel bab Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Pandom kangge ngginakaken medhia pasinaon cetha saha gampil dipunmangertos					
2	Icon ing medhia pasinaon menika nggampilaken siswa anggenipun mangertos saha mumpangataken medhia pasinaon					
3	Medhia pasinaon gampil dipunginakaken tanpa pambiyantu saking tiyang sanes					
4	Medhia pasinaon boten mbetahaken spesifikasi komputer ingkang awrat satemah gampil anggenipun ngginakaken					

### d. Pambiji Siswa SMA

Pambiji ingkang dipunginakaken saking siswa menika kaperang dados sekawan. Sedaya dipunisi kangge njangkepi dhata ingkang dipunbetahaken panaliti, supados dhata ingkang dipunkempalaken menika kiyat bilih medhia ingkang dipundamel menika saged mbiyantu anggenipun sinau basa Jawi krama.

#### 1) Aspek Gampil Anggenipun Mangertos

Tabel 3.8 Tuladha Kriteria Pambiji Siswa bab Gampilipun Anggenipun Mangertos

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Medhia pasinaon menika saged dipunsinau dening siswa boten winates papan panggenan saha wekdal					
2	Siswa remen anggenipun sinau basa Jawi krama ngginakaken medhia pasinaon					
3	Pitakenan menika saged nggladhi siswa supados mangertos materinipun					
4	Kanthe medhia menika siswa saged mangertos kawruh tembung basa Jawi krama					

## 2) Aspek Saged Sinau Kanthi Mandhiri

Tabel 3.9 Tuladha Kriteria Pambiji Siswa bab Sinau Kanthi Mandhiri

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Medhia pasinaon <i>e-learning</i> saged paring kalodhangan siswa					
2	Kanthi medhia <i>e-learning</i> saged nggampilaken siswa sinau basa Jawi krama					
3	Medhia menika saged nggampilaken siswa anggenipun ngambali sinau basa Jawi Krama					
4	Medhia pasinaon saged dipunginakaken kangge sinau ngetrepaken basa Jawi krama wonten ing padinan					

## 3) Aspek Nyajikaken Medhia

Tabel 3.10 Tuladha Kriteria Pambiji Siswa bab Nyajikaken Medhia

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Seratan ing medhia pasinaon menika cetha saha gampil dipunwaos					
2	Kanthi medhia pasinaon materi basa Jawi krama langkung gampil dipunmangertos					
3	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos					
4	Jumbuh antawisipun werni background, teks, sarta gambar ingkang dipunsinau					

## 4) Aspek Gampil Ngginakaken Medhia

Tabel 3.11 Tuladha Kriteria Pambiji Siswa bab Gampilipun Ngginakaken Medhia

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Pandom kangge ngginakaken medhia pasinaon cetha saha gampil dipunmangertos					
2	Icon ing medhia pasinaon nggampilaken siswa anggenipun mangertos saha mumpangataken medhia pasinaon					
3	Medhia pasinaon menika gampil dipunginakaken tanpa pambiyantu saking tiyang sanes					
4	Medhia menika saged dipunginakaken wonten ing spesifikasi <i>komputer</i> saha <i>smartphone</i> menapa kemawon satemah langkung gampil kangge sinau					

## F. Teknik Analisis Dhata

### 1. Ngewahi Biji Saking Kategori Dados Skor

*Analisis dhata kualitatif* ingkang awujud *kategori* dipunewahi dados dhata *kuantitatif* wujudipun skor pambiji, pandomipun:

Tabel 3.12 Tataran Pambiji Skor

Pambiji saking kuwalitas medhia	Pambiji panyaruwe pasarta didik
KS (Kirang Sanget) → skor 1	BS (Boten Sarujuk) → skor 1
K (Kirang) → skor 2	KS (Kirang Sarujuk) → skor 2
C (Cekap) → skor 3	MM (Mangu-mangu) → skor 3
S (Sae) → skor 4	S (Sarujuk) Sanget → skor 4
SS (Sae Sanget) → skor 5	SS (Sarujuk) → skor 5

### 2. Analisis Skor

*Analisis skor* kapendhet saking panaliten ingkang saklajengipun dipunbagi kaliyan cacahing skor ideal sedaya item, dipunpingaken 100% (Sugiyono, 2016: 135).

Tabel 3.13 Tataran Pambiji Persentase

Pambiji kuwalitas medhia	Pambiji panyaruwe pasarta didik	Tingkatipun pambiji
SS	SS	80,1 – 100%
S	S	60,1 – 80%
C	MM	40,1 – 60%
K	KS	20,1 – 40%
KS	BS	0 – 20%

Persentase pambiji katindakaken kanthi rumus:

$$\frac{\sum \text{skor saking panaliten}}{\sum \text{skor ideal sedaya item}} \times 100\%$$

## **BAB IV. ASILING PANALITEN SAHA DAMEL MEDHIA**

### **A. Asiling Panaliten**

#### **1. Tataran Damel Medhia Pasinaon Basa Jawi Krama**

##### **a. Tataran *Analisis***

Damel medhia pasinaon *e-learning* kawiwitan nindakaken *analisis*. Ing tataran menika katindakaken kanthi kagiyatan, sepisan inggih menika bab medhia ingkang saged narik kawigatosan siswa kangge sinau basa Jawi krama. Siswa kathah ingkang dereng prigel bab basa Jawi krama satemah basa Jawi krama menika dipunraos piwulangan ingkang awrat. Mila salah setunggaling cara supados saged nyengkuyung pasinaon basa Jawi krama menika kedah nyawisaken medhia ingkang gampil dipunsinau saha anggenipun sinau menika boten winates wekdal saha papan panggenanipun. Basa Jawi krama boten saged dipunsinau namung nalika wonten ing pawiyatan, nanging ugi kedah dipunsinau saha dipungladhi wonten ing padintenan satemah saged kulina ngginakaken basa Jawi krama.

Mumpangataken piranti ingkang langkung canggih wonten ing pasinaon kanthi ngginakaken *laptop* utawi *smartphone* minangka salah setunggaling sarana pasinaon ingkang sampun limrah dipunginakaken tumrap siswa ing pawiyatan jaman menika. Pungkasan, kanthi wontenipun medhia ingkang trep kaliyan *kurikulum* saha materi ingkang jumbuh

kaliyan piwulangan saged nyengkuyung anggenipun sinau saha gladhen sinau basa Jawi krama.

Ancasipun, kanthi medhi *e-learning* menika siswa saged langkung gampang anggenipun sinau basa Jawi krama kanthi mumpangataken sarana saha medhia ingkang sampun cumawis. Siswa saged ngginakaken tuladha-tuladha gladhen wonten ing medhia kangge gladhen micara wonten ing padintenan, kadosta saged praktik anggenipun matur ngginakaken basa Jawi krama wonten ing pawiyatan, griya, saha ing masarakat, satemah sinau basa Jawi krama menika langkung gampang saha *efektif*.

Wonten ing pawiyatan taksih kathah siswa ingkang dereng prigel ngginakaken basa Jawi krama. Siswa taksih kathah ngginakaken basa Indonesia nalika matur kaliyan bapak/ibu guru, saha karyawan ing pawiyatan. Prakawis menika amargi siswa boten kulina ngginakaken basa Jawi krama ing padintenan saha taksih kathah siswa ingkang dereng nguwaosi tembung-tembung basa Jawi krama.

Medhia pasinaon *e-learning* menika nyawisaken materi saha tuladha pacelathon ingkang sampun limrah dipunginakaken wonten ing padintenan. Kanthi medhia menika dipunkajengaken supados siswa saged mangertos saha langkung gampang anggenipun sinau basa Jawi krama, sarta saged langsung *praktek* ngginakaken basa Jawi krama nalika matur kaliyan tiyang sanes. Siswa saged mbikak *e-learning* kangge sinau basa Jawi krama kanthi mandhiri satemah siswa saged tambah anggenipun nguwaosi basa Jawi krama.

### **b. Tataran *Design* utawi Rantaman Damel Medhia Pasinaon**

Sepisanan ingkang dipuntindakaken nalika ngrantam medhia inggih menika jumbuh kaliyan tataran *analisis*, wonten botenipun medhia kangge sinau basa Jawi krama ingkang gampil saha saged nyengkuyung piwulangan miturut *kurikulum*. Saklajengipun miturut kaliyan kabetahan menika, panaliti lajeng damel medhia ingkang relevan kaliyan kawontenan ing jaman menika, inggih menika mumpangataken sarana *jaringan internet* lumantar *komputer, laptop*, utawi *smartphone*. Miturut kabetahan menika lajeng dipundamel medhia ingkang saged dipunsinau tumrap siswa kanthi mumpangataken sarana menika. Siswa saged sinau basa Jawi krama kanthi ngginakaken pirantinipun piyambak, kadosta *komputer, laptop*, utawi *smartphone*. Kanthi ngginakaken *e-learning* menika siswa saged sinau wonten ing pundi kemawon. Siswa saged sinau kanthi mandhiri ngengingi basa Jawi krama ingkang sampun dipunjangkepi materi saha gladhen ingkang jumbuh kaliyan *kurikulum* ing pawiyatan.

Materi ingkang dipunrantam menika kaperang dados materi piwulangan, tuladha pacelathon, saha tuladha video pacelathon wonten ing padintenan. Materi piwulangan menika mbabar bab pangertosan basa Jawi, undha usuk basa Jawi, jinis basa Jawi, sarta mumpangatipun basa Jawi wonten ing pasrawungan padintenan. Tuladha pacelathon ingkang dipuncawisaken menika tuladha basa krama ingkang sampun kulina dipunginakaken wonten ing padintenan, satemah siswa saged praktek ngginakaken tuladha basa Jawi krama menika. Video ingkang

dipunlebetaken wonten ing medhia menika sapados nggampilaken siswa anggenipun sinau ngginakaken basa Jawi krama wonten ing padintenan.

Medhia pasinaon saged dipunakses saha dipunginakaken kanthi mandhiri dening sinten kemawon mliginipun siswa-siswa ing pawiyatan. Kanthi nglebetaken alamat *url* wonten ing *website* siswa saged dhaptar damel akun saha saged ngginakaken medhia menika kangge sinau basa Jawi krama kanthi mandhiri. Medhia menika nyawisaken materi, gladhen pilihan, sarta *essay*, samangke siswa saged sinau saha gladhen mangsuli pitakenan ing medhia kangge nambah keprigelan anggenipun nguwaosi basa Jawi krama. Kanthi gladhen ing medhia menika siswa saged mangertos pinten bijinipun satemah saged mangertos asiling sinau basa Jawi krama ing medhia *e-learning* menika. Sedaya gladhen ing medhia menika jumbuh kaliyan materi ingkang cumawis ing salebeting medhia *e-learning* basa Jawi krama.

### **c. Damel Medhia**

Wonten ing tataran menika kagiyatan ingkang dipuntindakaken ingkang sepisanan inggih menika pados sumber *referensi* buku-buku ingkang trep kaliyan materi basa Jawi krama. Saksampunipun ngempalaken materi kalajengaken damel *flowchart* (lampiran). *Flowchart* menika minangka bagan ingkang nedahaken kagiyatan saha dhata-dhata *program* ing satunggaling *proses* (Darmawan, 2016: 8).

#### **d. Implementasi**

Tataran menika katindakaken sasampunipun medhia menika dados, lajeng pikantuk pasarujukan saking dosen pembimbing. Salajengipun katindakaken *validasi* kanthi pasarujukan dosen pembimbing saha ketua jurusan. Medhia menika lajeng dipunvalidasi kaliyan dosen ahli materi saha medhia saking dosen *program S2 jurusan Pendidikan Bahasa Jawa*.

*Validasi* menika dipuntindakaken supados pikantuk *kelayakan* uji coba, saha jumbuh kaliyan kabetahan pasinaon. Menawi sampun *layak* lajeng medhia menika dipunuji coba *produk* dening siswa *kelompok kecil* saha uji coba *pemakaian* dening siswa *kelompok besar*. Uji coba menika dipunginakaken kangge ngempalaken dhata minangka dhasar tambah botenipun nguwaosi basa Jawi krama kanthi ngginakaken medhia *e-learning*.

#### **e. Evaluasi**

Tataran menika mbabaraken layak botenipun medhia *e-learning* kangge nambah nguwaosi basa Jawi krama. *Evaluasi* katindakaken kanthi pamrayogi saking *validator* ahli materi, ahli medhia saha *subjek* panaliten. Salajengipun medhia dipunginakaken kangge mangertos asiling sinau ngginakaken medhia *e-learning*. Asli menika saged ketingal saking *angket* saha asiling pasinaon siswa ngginakaken *e-learning* nalika sinau basa Jawi krama.

## 2. *Validasi Ahli Materi*

*Validasi* ingkang sepisan menika saking ahli materi, awujud lembar pambiji kuwalitas medhia *e-learning*. Lembar menika kaperang pambiji, pamrayogi, saha dudutan bab materi ing salebeting medhia pasinaon. *Validasi* menika kanthi naliti materi ingkang dipuncawisaken saha mrenahaken seratan teks ing salebeting medhia. *Validasi* katindakaken kanthi *online*. Pamrayogi ing lembar pambiji dipunginakaken supados medhia pasinaon menika saged dipunrevisi saha *layak* dipunuji coba. *Validasi* saking ahli materi saged dipunpirsani ing tabel menika.

Tabel 4.1 Asiling Pambiji Dosen Ahli Materi

No	Indikator	Asiling Validasi	
		Skor	Kategori
1	Kuwalitas materinipun saged narik kawigatosan	4	S
2	Leres saha cetha materinipun	4	S
3	Materi ingkang dipuncawisake cetha	5	SS
4	Tuladha ingkang dipunginakaken trep satemah saged mangertos materinipun	5	SS
5	Ngginakaken basa ingkang gampil dipunmangertos	5	SS
6	Pitakenan kangge gladhen cekap	5	SS
7	Materi gampil dilebetaken ing medhia	5	SS
<i>Persentase asiling rata-rata validasi</i>		94%	

Adhedhasar pambiji menika, medhia *e-learning* pikantuk *persentase* 94% ingkang kalebet *kategori* sae sanget. *Persentase* menika ketingal saking *skor* ahli materi. Materi ing medhia *e-learning* menika saged dipuntampi saha saged nggampilaken siswa anggenipun nambah nguwaosi basa Jawi krama. Pambijining *validasi* saking ahli materi saged kababar kados ing ngandhap menika:

**a. Kuwalitas Materinipun saged Narik Kawigatosan**

*Indikator* sepisanan pambiji dening ahli materi katiti pikantuk *skor* sekawan ingkang kalebet *kategori* sae Menika ngandharaken materi ing medhia *e-learning* saged narik kawigatosan siswa anggenipun sinau basa Jawi krama.

**b. Leres Saha Cetha Materinipun**

Pambiji ngengingi leres saha cethanipun materi saking *validator* pikantuk biji sekawan, menika kalebet *kategori* sae Materi kaanggep leres saha cetha amargi dipunsengkuyung kaliyan tuladha. Materi dipunanggep jangkep saha trep kaliyan kawontenan ing jaman menika.

**c. Materi Inkgang Dipuncawisaken Cetha**

Pambiji bab materi menika saking *validator* pikantuk gangsal *kategori* sae sanget. Ahli materi paring biji menika amargi materi ingkang dipunandharaken sampun cetha, saha kanthi medhia menika materi ingkang dipunandharaken saged gampil dipuntampi siswa satemah anggenipun sinau basa Jawi krama langkung gampil dipunginakaken wonten ing padintenan.

**d. Tuladha Inkgang Dipunginakaken Trep Satemah Saged Mangertos Materinipun**

Pambiji bab kaping sekawan menika, saking *validator* pikantuk *skor* gangsal, kalebet *kategori* sae sanget. Ahli materi paring biji menika adhedhasar tuladha ing salebeting medhia *e-learning*, ingkang

dipunanggep jumbuh kaliyan wosing materi satemah siswa menika saged mangertos wosing materinipun.

**e. Ngginakaken Basa Inkgang Gampil Dipunmangertos**

Wonten ing *indikator* menika, saking *validator* pikantuk biji gangsal ingkgang kalebet *kategori* sae sanget. Ahli materi paring biji menika amargi basa ingkgang dipunginakaken menika gampil dipunmangertos saha asring dipunginakaken wonten ing padintenan, satemah siswa saged nampi kanthi cetha.

**f. Pitakenan Kangge Gladhen Cekap**

Bab pitakenan ingkgang dipunginakaken kangge gladhen, saking *validator* pikantuk *skor* gangsal *kategori* sae sanget. Kanthi biji menika saged ngandharaken bilih pitakenan ing medhia menika saged nggladhi saha nambah siswa anggenipun nguwaosi basa Jawi krama. Pitakenan menika awujud *pilihan ganda* ingkgang cacahipun kalih dasa, saha pitakenan *essay* ingkgang cacahipun tigang dasa.

**g. Materi Gampil Dilebetaken Ing Medhia**

Trep kaliyan bab menika, *validator* paring *skor* gangsal kategorinipun sae sanget. Materi ingkgang dipunlebetaken menika materi ingkgang gampil, cetha saha saged dipuntampi sarta dipunsengkuyung kanthi tuladha-tuladha basa Jawi krama ingkgang saged dipunginakaken kangge *praktek* micara kaliyan tiyang sanes wonten ing padintenan.

### 3. Validasi Ahli Medhia

Asiling *validasi* saking ahli medhia saged ketinggal wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 4.2 *Kriteria Pambiji Dosen Ahli Medhia*

No	Indikator	Asiling Validasi	
		Skor	Kategori
Pambiji saking tampilanipun			
1	Pitedah ngginakaken <i>e-learning</i> menika cetha	5	SS
2	Seratan cetha dipunwaos	4	S
3	Trep anggenipun mapanaken <i>tombol navigasi</i>	4	S
4	Trep anggenipun milih warna	4	S
5	Trep anggenipun ngginakaken basa	4	S
6	Kuwalitas tampilan gambar	4	S
7	Tampilan layar	3	C
Pambiji medhia <i>e-learning</i>			
1	Navigasinipun cetha	5	SS
2	Tombolipun menika ajeg	5	SS
3	Pitedahipun cetha	5	SS
4	Medhia gampil dipunginakaken	5	SS
5	Aksesipun rikat	4	S
<i>Persentase asiling rata-rata validasi</i>		86%	

Adhedhasar tabel pambiji saking ahli medhia, saged dipunpersani menawi medhia *e-learning* rata-rata *validasi* pikantuk *persentase* 86% *skor* menika ngandharaken bilih medhia pasinaon menika kalebet *kategori* sae sanget. Medhia ingkang dipundamel menika kanthi nindakaken *validasi* saking ahli medhia, satemah saged angsal pamrayogi supados saged rembaka sae. *Validasi* menika ngginakaken lembar pambiji ingkang kaperang kalih, inggih menika pambiji saking *tampilan* saha pambiji saking *produk*-ipun. Pambiji saking tampilan menika kaperang dados pitu *indikator*, dene pambiji saking *produk*-ipun kaperang dados gangsal *indikator*. *Validasi* menika ugi wonten pamrayogi saha dipunginakaken kangge *revisi* medhia satemah saged langkung

rembaka kanthi sae tumrap medhia pasinaon basa Jawi krama ingkang awujud *e-learning*.

**a. Pambiji Saking Tampilanipun**

**1) Pitedah ngginakaken *e-learning* menika cetha**

*Validasi* saking ahli medhia ing medhia *e-learning* pikantuk *skor* gangsal. *Kategori* menika kalebet sae sanget amargi wonten ing medhia *e-learning* menika sampun cetha anggenipun paring pitedah wonten ing *fitur-fitur* miturut kaliyan kabetahanipun. Pitedah wontenipun materi, tuladha-tuladha pacelathon saha nindakaken gladhen supados mangertos bijinipun.

**2) Seratan Cetha Dipunwaos**

Bab seratan ing medhia pikantuk *skor* sekawan, kalebet *kategori* sae. Tegesipun seratan wonten ing medhia menika sampun saged kawaos kanthi cetha menawi dipunjumbuhaken kaliyan *layer*-ipun. Werni seratan ugi dipunsengkuyung kaliyan werni *background*-ipun.

**3) Trep Anggenipun Mapanaken Tombol Navigasi**

*Tombol navigasi* ingkang dipunginakaken wonten ing medhia pikantuk *skor* sekawan, kalebet *kategori* sae. *Tombol navigasi* menika sampun jumbuh kaliyan ginanipun saben *fitur* ingkang dipuntayangaken wonten ing medhia *e-learning*, satemah siswa saged ngginakaken *tombol* menika kangge nindakaken pasinaon miturut kaliyan kabetahanipun.

#### 4) Trep Anggenipun Milih Werni

Pamilihing werni ing medhia menika pikantuk *skor* sekawan, menika *kategori* sae. Tegesipun warni ingkang dipunginakaken menika sampun jumbuh antawisipun werni seratan kaliyan werni *background*-ipun, satemah boten ganggu anggenipun mirsani *e-learning* saha saged sekeca anggenipun ngginakaken medhia menika.

#### 5) Trep Anggenipun Ngginakaken Basa

Basa ingkang dipunginakaken wonten ing medhia menika pikantuk *skor* sekawan, ingkang kalebet *kategori* sae. Tegesipun pamilihing basa ingkang dipunginakaken wonten ing medhia menika gampil dipunmangertos tumrap siswa. Basa ingkang dipunginakaken menika wonten basa Indonesia saha basa Jawi. Basa Jawi ingkang dipunginakaken menika ngginakaken basa krama jumbuh kaliyan *jurusan* ingkang dipunpendhet dening panaliti, inggih menika *Pendidikan Bahasa Jawa*. Basa Jawi krama dipunpilih supados saged nambah kawruh basa Jawi krama siswa. Pamrayogi saking ahli medhia, dipunginakaken basa ingkang langkung trep ing pasinaon. Materi dipunjangkepi materi basa Jawi ingkang trep wonten ing padintenan.

#### 6) Kuwalitas Tampilan Gambar

Gambar ingkang dipunginakaken wonten ing medhia menika pikantuk *skor* sekawan, menika kalebet *kategori* sae. Tegesipun bilih anggenipun paring gambar saha *animasi* wonten ing medhia menika

supados boten ketingal sepen tampilan medhianipun. Gambar animasi ingkang dipunginakaken menika dipunpilih gambar ingkang prasaja saha saged nyengkuyung isinipun medhia pasinaon.

### **7) *Tampilan Layar***

*Tampilan layar* ingkang dipunginakaken wonten ing medhia menika pikantuk *skor* tiga menika kalebet *kategori* cekap. Tegesipun bilih tampilan layar ingkang dipunginakaken menika boten rame sanget anggenipun milih warni saha gambar ingkang dipunginakaken wonten ing layar medhia. Tampilanipun prasaja ananging saged cetha dipunsinau saha boten ndadosaken sayah anggenipun maos saha gladhen lumantar medhia menika. Pamrayogi saking ahli medhia, tampilan saben *layer* dipundamel sakedhik mawon, satemah boten ketingal kathah sanget.

## **b. Pambiji Medhia *E-learning***

### **1) Navigasinipun Cetha**

*Navigasi* ingkang dipunginakaken ing medhia menika pikantuk *skor* gangsal, menika kalebet *kategori* sae sanget. Medhia *e-learning* menika dipunsengkuyung mawi *tombol navigasi* supados anggenipun ngginakaken menika langkung gampil saha cetha.

### **2) Tombolipun Menika Ajeg**

*Tombol* ingkang dipunginakaken wonten ing medhia menika pikantuk *skor* gangsal, menika kalebet *kategori* sae sanget. Tegesipun wonten ing saben *layer tombol* ingkang dipunginakaken menika

*konsisten* utawi ajeg, satemah anggenipun ngginakaken menika langkung gampang saha boten bingung.

### **3) Pitedahipun cetha**

Pitedah ingkang dipunginakaken wonten ing medhia menika pikantuk *skor* gangsal, menika kalebet *kategori* sae sanget. Pitedah menika kalebet sae amargi saben *layer* sampun wonten pitedah anggenipun ngginakaken medhia kanthi nge-*klik tombol-tombol* ingkang cumawis ing medhia, saha sampun cetha menapa mawon ingkang badhe dipuntindakaken.

### **4) Medhia Gampil Dipunginakaken**

Medhia *e-learning* menika gampang dipunginakaken wonten ing pasinaon, ananging kedah sampun wonten akunipun. Dening ahli medhia pikantuk *skor* gangsal, menika *kategori* sae sanget. Menawi sampun gadhah *akun* siswa menika saged langkung gampang anggenipun ngginakaken medhia *e-learning* menika kangge sinau basa Jawi krama. Kanthi *koneksi internet* ingkang lancar siswa saged sakwayah-wayah mbikak *e-learning* kangge sinau basa Jawi krama, boten winates papan panggenan saha wekdalipun.

### **5) Akses-ipun Rikat**

*Akses-ipun rikat*, ing *indikator* menika pikantuk biji sekawan kalebet *kategori* sae. Medhia menika *akses-ipun rikat* menawi sampun gadhah *akun* kangge ngginakaken medhia, saha dipunsengkuyung kanthi *koneksi internet* ingkang sae. Medhia *e-learning* pasinaon basa

Jawi krama menika ngginakaken *web* ingkang gampang dipunakses wonten ing *laptop* utawi *smartphone*. Dene sarana *laptop* utawi *smartphone* ingkang ngginakaken *koneksi internet* ing jaman samenika sampun kathah ingkang ngginakaken, menapa malih wontenipun *pandemi covid19* menika ndadosaken pasinaon ing pawiyatan-pawiyatan nindakaken pasinaon kanthi cara *online*.

## **B. Asiling Uji Coba Produk**

Asiling *validasi* saking ahli materi saha ahli medhia menika ngandharaken bilih medhia *e-learning* basa Jawi krama *layak uji coba* kanthi *revisi* adhedhasar pamrayogi. *Revisi* ingkang dipuntindakaken menika sepisan *tampilan layer* menika dipundamel sekedhik mawon supados boten ketingal kathah sanget. Kalih, ngengingi bab basa ing *tombol navigasi* saha materi ngginakaken Jawi krama ingkang trep. Tiga, materi menika dipunjangkepi mawi materi basa Jawi krama ing padintenan. Kanthi menika medhia *e-learning* tetep saged dipunuji coba dening siswa.

*Uji coba produk* katindakaken dening guru basa Jawi saha siswa pawiyatan ing tataran Sekolah Menengah Atas. *Uji coba* dening guru katindakaken dening guru ing SMA Negeri 1 Jetis Bantul ingkang cacahipun kalih. Wondene *uji coba* dening siswa menika kaperang dados kalih, inggih menika *uji coba produk kelompok kecil* saha *uji coba pemakaian kelompok besar*. Amargi kawontenan menika nembe *darurat* nandhang pageblug wontenipun *covid19*, mila kangge *sampel uji coba produk kelompok kecil* dipunpendhet saking sedasa siswa ingkang

saged nindakaken pasinaon ngginakaken *e-learning*. Dene *uji coba pemakaian kelompok besar* katindakaken dening siswa ingkang saged nindakaken *e-learning* cacahipun tigang dasa. *Uji coba* katindakaken kanthi cara *online*, amargi kawontenan boten ngeparengaken nindakaken pepanggihan sadangune wonten *covid19* menika.

Saderengipun *uji coba produk*, panaliti ngandharaken bab pasinaon ngginakaken medhia *e-learning* basa Jawi kanthi *online* dhateng guru piwulangan basa Jawi saha *subjek* panaliten. Lajeng panaliti paring pangertosan saha nyuwun supados guru piwulangan basa Jawi saha siswa menika damel *akun* satemah saged mlebet ing medhia *e-learning* menika. Kanthi cara menika guru piwulangan basa Jawi saged mangertos kuwalitas medhia menika. Wondene siswa saged mangertos saha saged ngginakaken medhia *e-learning* minangka salah setunggaling kupiya kangge pasinaon basa Jawi krama *online*.

Sasampunipun *uji coba produk* medhia *e-learning* basa Jawi krama sampun katindakaken, salajengipun guru saha siswa kasuwun ngisi *evaluasi* awujud *angket* ingkang sampun dipundamel dening panaliti. Angket ingkang dipundamel panaliti kangge guru piwulangan basa Jawi menika kaperang dados kalih, inggih menika gampil anggenipun mangertos kaliyan gampil anggenipun ngginakaken medhia. Angket menika kangge mangertos kuwalitas produk ingkang dipundamel dening panaliti.

Wondene *angket* ingkang dipundamel panaliti tumrap siswa kaperang dados sekawan, inggih menika; aspek gampil anggenipun mangertos, aspek saged sinau kanthi mandhiri, aspek nyajikaken medhia, aspek gampil anggenipun ngginakaken

medhia. *Angket* menika minangka cara kangge mangertos kadospundi *respon* saking siswa gegayutan kaliyan medhia *e-learning* basa Jawi krama. Asiling *evaluasi* saged ketingal ing ngandhap menika.

### 1. Asiling uji coba *produk* dening Guru

Asiling pambiji saking guru basa Jawi saged ketingal wonten ing tabel ngandhap menika

Tabel 4.3 Kriteria Pambiji Guru Basa Jawi

No	Indikator	Asiling Pambiji			
		Suprahwana		Novia Sari	
		Skor	Kat	Skor	Kat
<b>Pambiji saking gampil anggenipun mangertos</b>					
1	Medhia pasinaon menika gampil dipunmangertos	4	S	4	S
2	Medhia menika saged nggampilaken pasarta didik anggenipun sinau basa Jawi krama	5	SS	4	S
3	Pitakenan wonten ing medhia saged nggladhi pasarta didik anggenipun sinau basa Jawi krama	4	S	4	S
4	Wontenipun tuladha pacelathon saged nggampilaken pasarta didik sinau basa Jawi krama	4	S	5	SS
<b>Pambiji gampil anggenipun ngginakaken medhia</b>					
1	Pandom kangge ngginakaken medhia pasinaon cetha saha gampil dipunmangertos	4	S	4	S
2	Icon ing medhia pasinaon menika nggampilaken siswa anggenipun mangertos saha mumpangataken medhia pasinaon	5	SS	5	SS
3	Medhia pasinaon gampil dipunginakaken tanpa pambiyantu saking tiyang sanes	4	S	5	SS
4	Medhia pasinaon boten mbetahaken spesifikasi komputer ingkang awrat satemah gampil anggenipun ngginakaken	5	SS	4	S
Persentase asiling rata-rata pambiji		88%			

(Asil saking sedaya *aspek* pambiji guru pikantuk *persentase* cacahipun 88% kalebet *kategori* sae sanget)

Adhedhasar tabel pambiji saking guru basa Jawi, saged dipunpersani menawi medhia *e-learning* rata-rata bijinipun pikantuk *persentase 88% skor* menika ngandharaken bilih medhia pasinaon menika kalebet *kategori sae* sanget. Pambiji saking gampil anggenipun mangertos saha gampil anggenipun ngginakaken medhia menika kaperang dados sekawan *indikator*. Pambiji dening guru menika supados mangertos kuwalitas medhia *e-learning* ingkang dipunginakaken kangge pasinaon basa Jawi krama.

**a. Pambiji Gampil Anggenipun Mangertos**

**1) Medhia Pasinaon Menika Gampil Dipunmangertos.**

Adhedhasar asiling pambiji medhia *e-learning* miturut tabel menika saged dipunpersani bilih saking guru piwulangan basa Jawi kekalihipun paring biji sekawan, *kategori sae*. Guru saged mangertos wosing medhia pasinaon kanthi gampil saha jumbuh kaliyan kurikulum ingkang dipunginakaken wonten ing pawiyatan.

**2) Medhia Menika Saged Nggampilaken Siswa Anggenipun Sinau Basa Jawi Krama.**

Asiling pambiji ing *indikator* kalih menika guru basa Jawi paring biji ingkang beda. Saking pak Suprahwana pikantuk biji gangsal, kategori sae sanget. Wondene saking ibu Novia pikantuk biji sekawan, kategori sae. Mila miturut pambiji menika saged kababar bilih medhia *e-learning* menika kalebet *kategori sae*. Medhia menika saged nggampilaken siswa anggenipun sinau basa Jawi krama.

### **3) Pitakenan Wonten Ing Medhia Saged Nggladhi Siswa Anggenipun Sinau Basa Jawi Krama**

Wonten ing indikator pitakenan wonten ing medhia saged nggladhi siswa anggenipun sinau basa Jawi krama dening guru piwulangan basa Jawi kekalihipun paring biji sekawan. Adhedhasar pambiji menika pikantuk kriteria sae dening guru basa Jawi. Pitakenan menika saged dipunginakaken siswa kangge nggladhi anggenipun sinau basa Jawi krama. Siswa saged mangertos pinten bijinipun satemah saged mangertos asiling sinau basa Jawi krama ngginakaken *e-learning*.

### **4) Wontenipun Tuladha Pacelathon Saged Nggampilaken Siswa Sinau Basa Jawi Krama**

Adhedhasar tabel ing inggil, wontenipun tuladha pacelathon saged ngampilaken siswa sinau basa Jawi krama pikantuk biji ingkang benten saking guru piwulang basa Jawi. Pak Suprahwana paring biji sekawan, kategori sae. Wondene ibu Novia paring biji gangsal, kategori sae sanget. Pramila saking asiling biji menika saged dipunkategorikaken sae. Tuladha-tuladha pacelathon ing medhia menika saged mbiyantu siswa kangge ngrembakakaken gladhi ngginakaken basa Jawi krama wonten ing padintenan.

**b. Pambiji Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia**

**1) Pandom Kangge Ngginakaken Medhia Pasinaon Cetha Saha Gampil Dipunmangertos**

Asiling pambiji saking guru basa Jawi ngengingi pandom kangge ngginakaken medhia pasinaon cetha saha gampil dipunmangertos, pikantuk biji sekawan. Adhedhasar pambiji menika kalebet kategori sae. Medhia *e-learning* menika dipunsengkuyung kanthi katrangan-katrangan ingkang cetha satemah siswa saged langkung gampil anggenipun ngginakaken.

**2) Icon Ing Medhia Pasinaon Menika Nggampilaken Siswa Anggenipun Mangertos Saha Mumpangataken Medhia Pasinaon**

Pambiji saking guru piwulang basa Jawi ing indikator menika pikantuk biji gangsal saking kekalihipun. Menika kalebet *kategori* sae sanget. *Icon* ing salebeting medhia menika sampun cetha. Saben icon sampun wonten ginanipun piyambak-piyambak miturut kaliyan kabetahan ing salebeting medhia. Siswa menika kantun milih icon ingkang badhe dipunginakaken kangge sinau, kadosta wonten wulangan, gladhen, saha tuladha-tuladha pacelathon ingkang saged dipunginakaken kangge praktek micara wonten ing padintenan.

### **3) Medhia Pasinaon Gampil Dipunginakaken Tanpa Pambiyantu Saking Tiyang Sanes**

Asiling pambiji saking indikator menika, guru basa Jawi paring biji ingkang benten. Saking pak Suprahwana pikantuk biji sekawan, kategori sae. Wondene saking ibu Novia pikantuk biji gangsal, menika kategori sae sanget. Adhedhasar pambiji menika saged dipunsebat bilih medhia menika saged dipunginakaken tanpa pambiyantu saking tiyang sanes, ateges medhia menika kalebet kategori sae.

### **4) Medhia Pasinaon Boten Mbetahaken Spesifikasi Komputer Ingkang Awrat Satemah Gampil Anggenipun Ngginakaken**

Pambiji ing indikator menika, saking pak Suprahwana pikantuk biji gangsal, kategori sae sanget. Wondene saking bu Novia pikantuk biji sekawan, menika kalebet kategori sae. Ateges bilih medhia pasinaon menika boten mbetahaken spesifikasi ingkang awrat, satemah medhia pasinaon menika langkung *fleksibel* saged dipunginakaken wonten ing maneka *spek komputer* utawi *laptop*, sarta *smartphone*.

## **2. Asiling Uji Coba Produk dening Siswa**

### **a. Aspek Gampil Anggenipun Mangertos**

*Aspek* gampil anggenipun mangertos dening *subjek* menika pikantuk *persentase* cacahipun 79,5%, menika kalebet *kategori* sae. Medhia *e-learning* basa Jawi krama menika dipunjangkepi mawi *tombol-tombol*

*navigasi* ingkang cetha, satemah siswa saged langkung gampang anggenipun ngginakaken medhia *e-learning* basa Jawi krama. Siswa saged sinau materi-materi ingkang cumawis wonten ing medhia, saha gladhi ngginakaken basa Jawi krama mawi tuladha-tuladha pacelathon ing salebeting medhia *e-learning*.

Tabel 4.4 Asiling Pamrayogi Siswa bab *Aspek* Gampilipun Anggenipun Mangertos

No	Nama	Indikator			
		1	2	3	4
1	Annisa Dwi Novita Sari	5	4	4	4
2	Ari Aninda Uswatun K	4	4	4	4
3	Emilia Nur Fatehah	4	4	4	4
4	Fadiyah Widiyanti	4	4	4	4
5	Hestin Putri Pinasti	4	4	4	4
6	Jihan Uswatun Khsanah	4	2	4	4
7	Kanaya Hasna Al Fadhilah	4	4	4	4
8	Khoirun Nisa	4	4	4	4
9	Lailatun Ni'mah	4	4	4	4
10	Natasya Chairunnisa Nurhaliza	4	4	4	4
Cacah		41	38	40	40
Persentase		79,5%			

(Asil saking *aspek* anggenipun mengertos pikantuk *persentase* cacahipun 79,5% kalebet kategori sae)

#### **b. *Aspek* Saged Sinau Kanthi Mandhiri**

*Aspek* saged sinau kanthi mandhiri menika dening *subjek* pikantuk *persentase* cacahipun 79%, menika kalebet *kategori* sae. Saking *angket* menika ngandharaken bilih medhia *e-learning* saged nggampilaken siswa anggenipun sinau kanthi mandhiri. Tanpa dipunbiyantu tiyang sanes siswa saged ngginakaken *e-learning* lumantar *laptop* utawi *smartphone* kanthi ngginakaken *akun* ingkang sampun dipundamel kangge pasinaon basa Jawi krama. *Tombol-tombol navigasi* wonten ing medhia *e-learning*

ingkang cetha nggampilaken siswa anggenipun sinau basa Jawi krama kanthi mandhiri.

Tabel 4.5 Asiling Pamrayogi Siswa bab Aspek Saged Sinau Kanthi Mandhiri

No	Nama	Indikator			
		1	2	3	4
1	Annisa Dwi Novita Sari	4	4	4	4
2	Ari Aninda Uswatun K	4	4	4	4
3	Emilia Nur Fatehah	4	4	4	4
4	Fadiyah Widiyanti	4	4	4	4
5	Hestin Putri Pinasti	4	4	4	4
6	Jihan Uswatun Khsanah	4	2	3	5
7	Kanaya Hasna Al Fadhilah	4	4	4	4
8	Khoirun Nisa	4	4	4	4
9	Lailatun Ni'mah	4	4	4	4
10	Natasya Chairunnisa Nurhaliza	4	4	4	4
Cacah		40	38	39	41
Persentase		79%			

(Asil saking aspek saged sinau kanthi mandhiri pikantuk persentase cacahipun 79% kalebet kategori sae)

### c. Aspek Nyajikaken Medhia

Aspek nyajikaken medhia menika dening subjek pikantuk 76%, kategori sae. Persentase menika nedahaken bilih taksih wonten perangan ing medhia *e-learning* ingkang kedah dipunrevisi, inggih menika ngengingi bab basa Jawi krama ingkang langkung trep kangge pasinaon. Ancasipun kanthi basa ingkang dipunrevisi menika siswa saged langkung gampil anggenipun ngginakaken medhia *e-learning* saha saged mangertos sarta nambah nguwaosi basa Jawi krama.

Tabel 4.6 Asiling Pamrayogi Siswa bab Aspek Nyajikaken Medhia

No	Nama	Indikator			
		1	2	3	4
1	Annisa Dwi Novita Sari	5	4	3	4
2	Ari Aninda Uswatun K	4	4	3	3
3	Emilia Nur Fatehah	4	4	4	4
4	Fadiyah Widiyanti	4	4	4	4
5	Hestin Putri Pinasti	4	4	4	5
6	Jihan Uswatun Khsanah	4	4	4	5
7	Kanaya Hasna Al Fadhilah	4	3	3	3
8	Khoirun Nisa	3	4	3	3
9	Lailatun Ni'mah	4	4	3	4
10	Natasya Chairunnisa Nurhaliza	5	4	3	3
Cacah		41	39	34	38
Persentase		76%			

(Asil saking aspek nyajikaken medhia pikantuk persentase cacahipun 76% kalebet kategori sae)

#### d. *Aspek Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia*

Gampil anggenipun ngginakaken medhia menika saking *subjek* pikantuk 81,5%, menika kalebet *kategori sae sanget*. *Kategori sae sanget* menika ngandharaken bilih medhia *e-learning* menika gampil anggenipun ngginakaken, amargi *fitur saha tombol-tombol navigasi* ingkang cumawis menika sampun ngetingalaken kanthi cetha wosipun pasinaon ingkang badhe dipunginakaken. Medhia ugi saged dipunginakaken wonten ing *komputer, laptop, saha smartphone* minangka sarana pasinaon siswa.

Tabel 4.7 Asiling Pamrayogi Siswa bab Aspek Nyajikaken Medhia

No	Nama	Indikator			
		1	2	3	4
1	Annisa Dwi Novita Sari	4	4	4	5
2	Ari Aninda Uswatun K	4	4	4	3
3	Emilia Nur Fatehah	4	4	4	4
4	Fadiyah Widiyanti	4	4	4	4
5	Hestin Putri Pinasti	4	5	4	5
6	Jihan Uswatun Khsanah	2	4	3	5
7	Kanaya Hasna Al Fadhilah	4	4	4	4
8	Khoirun Nisa	4	4	4	5
9	Lailatun Ni'mah	4	4	4	5
10	Natasya Chairunnisa Nurhaliza	4	4	4	5
Cacah		38	41	39	45
Persentase		81,5%			

(Asil saking aspek gampang anggenipun ngginakaken medhia pikantuk persentase cacahipun 81,5% kalebet kategori sae sanget)

### 3. Asil Akhir *Persentase Angket Produk Saking Siswa*


Asiling *persentase* ingkang awujud angket menika dipunginakaken kangge mendhet pamrayogi *subjek* bab medhia *e-learning* ingkang dipundamel. Kanthi uji coba *produk* dening siswa saged dipunpendhet dudutan bilih medhia *e-learning* menika saged dipunginakaken kangge mbiyantu sinau basa Jawi krama. Dene asiling *persentase angket* saking pamrayogi *subjek* saged kaandharaken kados ing ngandhap menika.

Tabel 4.8 Asiling Akhir *Persentase Uji Coba Produk* saben Aspek

No	Aspek Uji Coba	Persentase	Kategori
1	<i>Aspek Gampang Anggenipun Mangertos</i>	79,5%	S
2	<i>Aspek Saged Sinau Kanthi Mandhiri</i>	79%	S
3	<i>Aspek Nyajikaken Medhia</i>	76%	S
4	<i>Aspek Gampang Anggenipun Ngginakaken Medhia</i>	81,5%	SS
Asil akhir <i>persentase evaluasi</i> sedaya <i>aspek</i> pikantuk 79% kategori sae			

Adhedhasar asiling *evaluasi* ing inggil menika sedaya *aspek uji coba* medhia *e-learning* mbabaraken bilih *persentase aspek* gampang anggenipun mangertos pikantuk 79,5% (*kriteria sae*), *aspek saged sinau kanthi mandhiri* pikantuk 79% (*kriteria sae*), *aspek nyajikaken medhia* pikantuk 76% (*kriteria sae*), dene *aspek gampang anggenipun ngginakaken medhia* pikantuk 81,5% kalebet *kriteria sae* sanget. Saking asiling *persentase*.

Diagram 4.1 Asiling Akhir *Persentase* Saben Aspek



#### 4. Asil *Persentase Angket* *Pemakaian Medhia* Saking Siswa

##### a. *Aspek Gampil Anggenipun Mangertos*

*Aspek gampang anggenipun mangertos* dening *subjek* menika pikantuk *persentase* cacahipun 93,6% menika kalebet *kategori sae* sanget. Kanthi medhia *e-learning* basa Jawi krama menika ingkang dipunjangkepi mawi *tombol-tombol navigasi* ingkang cetha, siswa saged langkung gampang anggenipun ngginakaken medhia *e-learning* basa Jawi krama menika.

Siswa saged sinau materi-materi ingkang cumawis wonten ing medhia, saha gladhi ngginakaken basa Jawi krama mawi tuladha-tuladha pacelathon ing salebeting medhia *e-learning*.

Tabel 4.9 Asiling Pamrayogi Siswa bab *Aspek Gampilipun Anggenipun Mangertos*

No	Nama	Indikator			
		1	2	3	4
1	Adinda Citra Dewi	5	4	4	5
2	Bagas Hadi Pranata	5	4	5	5
3	Devanda Ritasari	5	4	5	5
4	Khoirun Nisa	5	5	5	5
5	Muji Lestari	4	4	5	5
6	Khusnia Fajrin	5	5	4	5
7	Ledyia Salsabila Fauziah	5	4	4	4
8	Mu'azara Rafida Rahma	5	4	4	5
9	Sarah Nurmaryca P	5	5	4	5
10	Siti Asih Fatimah	5	5	5	5
11	Riska Noviana Rahmadani	5	4	4	5
12	Vifany Nareswari P.S	5	4	5	5
13	Adhi Bagas Pramudya	5	4	5	5
14	Fahma Rafidah	5	4	5	5
15	Nimas Melati Kartikasari	5	5	5	5
16	Nurul Inayati	5	4	5	5
17	Noviana Secaria Ramadani	5	5	4	5
18	Marsella Adinda Oktaviani	4	5	5	5
19	Mardiani Karis Musthifah	4	4	4	5
20	Linda	5	5	5	5
21	Putri Charidotul Firdaus	4	4	5	5
22	Wahyunnisaa' Makhbubatul Jannah	5	5	4	5
23	Regina Titania M	5	4	4	4
24	Bondan Surya Prabawa	5	4	4	5
25	Firman Dwi Santoso	5	5	4	5
26	Zakya Falih Darmawan	5	5	5	5
27	Emilia Nur Fatehah	5	4	4	5
28	Ruzzana	5	4	5	5
29	Natasya Chairunnisa Nurhaliza	5	4	5	5
30	Siti Nur Fathurrohmah	5	4	5	5
Cacah		146	131	137	148
Persentase		93,6%			

(Asil saking *aspek* anggenipun mengertos pikantuk *persentase* cacahipun 93,6% kalebet *kategori* sae sanget)

**b. Aspek Saged Sinau Kanthi Mandhiri**

*Aspek saged sinau kanthi mandhiri menika dening subjek pikantuk persentase cacahipun 91,6% menika kalebet kategori sae sanget. Saking angket menika ngandharaken bilih medhia e-learning saged nggampilaken siswa anggenipun sinau kanthi mandhiri. Tanpa dipunbiyantu tiyang sanes siswa saged ngginakaken e-learning lumantar laptop utawi smartphone kanthi ngginakaken akun ingkang sampun dipundamel kangge pasinaon basa Jawi krama. Tombol-tombol navigasi wonten ing medhia e-learning ingkang cetha nggampilaken siswa anggenipun sinau basa Jawi krama kanthi mandhiri.*

Tabel 4.10 Asiling Pamrayogi Siswa bab *Aspek Saged Sinau Kanthi Mandhiri*

No	Nama	Indikator			
		1	2	3	4
1	Adinda Citra Dewi	4	4	5	5
2	Bagas Hadi Pranata	4	5	5	5
3	Devanda Ritasari	4	5	5	5
4	Khoirun Nisa	5	4	5	4
5	Muji Lestari	4	5	5	5
6	Khusnia Fajrin	4	5	5	5
7	Ledya Salsabila Fauziah	4	4	5	5
8	Mu'azara Rafida Rahma	4	4	4	5
9	Sarah Nurmaryca P	4	5	5	5
10	Siti Asih Fatimah	5	5	5	5
11	Riska Noviana Rahmadani	4	5	5	5
12	Vifany Nareswari P.S	4	4	4	4
13	Adhi Bagas Pramudya	4	5	5	4
14	Fahma Rafidah	5	4	4	5
15	Nimas Melati Kartikasari	4	5	5	5
16	Nurul Inayati	5	5	5	4
17	Noviana Secaria Ramadani	5	5	5	4
18	Marsella Adinda Oktaviani	4	5	5	4
19	Mardiani Karis Musthifah	4	4	4	5
20	Linda	5	4	4	4
21	Putri Charidotul Firdaus	4	5	5	5
22	Wahyunnisaa' Makhbubatul Jannah	4	5	4	4
23	Regina Titania M	4	4	5	5
24	Bondan Surya Prabawa	4	4	4	4
25	Firman Dwi Santoso	4	5	4	4
26	Zakya Falih Darmawan	5	4	5	4
27	Emilia Nur Fatehah	4	5	4	5
28	Ruzzana	4	4	4	4
29	Natasya Chairunnisa Nurhaliza	4	5	4	4
30	Siti Nur Fathurrohmah	5	4	4	5
Cacah		128	137	138	137
Persentase		90%			

(Asil saking *aspek* saged sinau kanthi mandhiri pikantuk *persentase* cacahipun 90% kalebet *kategori* sae sanget)

### c. *Aspek Nyajikaken Medhia*

*Aspek* nyajikaken medhia menika dening *subjek* pikantuk 93,5%, *kategori* sae sanget. *Persentase* menika nedahaken bilih taksih wonten perangan ing medhia *e-learning* ingkang kedah dipunrevisi, inggih menika

ngengingi bab basa Jawi krama ingkang langkung trep kangge pasinaon. Ancasipun kanthi basa ingkang dipunrevisi menika siswa saged langkung gampil anggenipun ngginakaken medhia *e-learning* saha saged mangertos sarta nambah nguwaosi basa Jawi krama.

Tabel 4.11 Asiling Pamrayogi Siswa bab *Aspek Nyajikaken Medhia*

No	Nama	Indikator			
		1	2	3	4
1	Adinda Citra Dewi	5	4	4	5
2	Bagas Hadi Pranata	5	4	5	5
3	Devanda Ritasari	5	5	5	5
4	Khoirun Nisa	5	5	5	5
5	Muji Lestari	5	5	5	4
6	Khusnia Fajrin	5	4	5	5
7	Ledyasalsabila Fauziah	5	5	5	5
8	Mu'azara Rafida Rahma	5	5	5	5
9	Sarah Nurmardyca P	5	4	4	5
10	Siti Asih Fatimah	5	5	5	5
11	Riska Noviana Rahmadani	5	5	4	5
12	Vifany Nareswari P.S	5	5	5	5
13	Adhi Bagas Pramudya	5	4	5	5
14	Fahma Rafidah	5	4	5	5
15	Nimas Melati Kartikasari	5	4	4	5
16	Nurul Inayati	5	4	4	5
17	Noviana Secaria Ramadani	5	4	5	5
18	Marsella Adinda Oktaviani	4	5	5	4
19	Mardiani Karis Musthifah	4	4	4	5
20	Linda	5	4	5	4
21	Putri Charidotul Firdaus	4	4	4	4
22	Wahyunnisaa' Makhbubatul Jannah	4	4	4	4
23	Regina Titania M	4	4	5	5
24	Bondan Surya Prabawa	4	4	4	4
25	Firman Dwi Santoso	4	5	4	4
26	Zakya Falih Darmawan	4	4	4	4
27	Emilia Nur Fatehah	4	4	5	4
28	Ruzzana	4	4	4	4
29	Natasya Chairunnisa Nurhaliza	4	5	4	4
30	Siti Nur Fathurrohmah	5	4	4	4
Cacah		139	131	136	138
Persentase		90,6%			

(Asil saking aspek nyajikaken medhia pikantuk *persentase* cacahipun 90,6% kalebet *kategori* sae sanget)

**d. Aspek Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia**

Gampil anggenipun ngginakaken medhia menika saking *subjek* pikantuk 93,1%, menika kalebet *kategori* sae sanget. *Kategori* sae sanget menika ngandharaken bilih medhia *e-learning* menika gampil anggenipun ngginakaken, amargi *fitur* saha *tombol-tombol navigasi* ingkang cumawis menika sampun ngetingalaken kanthi cetha wosipun pasinaon ingkang badhe dipunginakaken. Medhia ugi saged dipunginakaken wonten ing *komputer, laptop, saha smartphone* minangka sarana pasinaon siswa.

Tabel 4.12 Asiling Pamrayogi Siswa bab Aspek Nyajikaken Medhia

No	Nama	Indikator			
		1	2	3	4
1	Adinda Citra Dewi	4	5	5	5
2	Bagas Hadi Pranata	5	5	5	5
3	Devanda Ritasari	5	5	5	5
4	Khoirun Nisa	5	5	5	5
5	Muji Lestari	5	5	5	5
6	Khusnia Fajrin	5	5	5	5
7	Ledya Salsabila Fauziah	4	5	5	5
8	Mu'azara Rafida Rahma	5	5	5	5
9	Sarah Nurmaryca P	5	5	5	5
10	Siti Asih Fatimah	5	4	4	5
11	Riska Noviana Rahmadani	5	5	5	5
12	Vifany Nareswari P.S	5	5	5	5
13	Adhi Bagas Pramudya	5	5	5	5
14	Fahma Rafidah	4	5	5	5
15	Nimas Melati Kartikasari	4	5	5	5
16	Nurul Inayati	5	5	5	5
17	Noviana Secaria Ramadani	4	5	5	4
18	Marsella Adinda Oktaviani	4	5	5	5
19	Mardiani Karis Musthifah	4	5	4	4
20	Linda	5	4	4	5
21	Putri Charidotul Firdaus	5	5	4	4
22	Wahyunnisaa' Makhbubatul Jannah	4	4	5	4
23	Regina Titania M	4	4	4	4
24	Bondan Surya Prabawa	4	4	4	5
25	Firman Dwi Santoso	4	5	5	4
26	Zakya Falih Darmawan	5	4	4	4
27	Emilia Nur Fatehah	4	4	4	5
28	Ruzzana	4	4	5	4
29	Natasya Chairunnisa Nurhaliza	5	5	4	4
30	Siti Nur Fathurrohmah	4	5	4	5
Cacah		136	142	140	141
Persentase		93,1%			

(Asil saking aspek gampang anggenipun ngginakekan medhia pikantuk persentase cacahipun 93,1% kalebet kategori sae sanget)

##### 5. Asil Akhir Persentase Angket Pemakaian Saking Siswa

Asiling persentase ingkang awujud angket menika dipunginakaken kangge mendhet pamrayogi subjek nggending bab pemakaian medhia e-

*learning* ingkang dipundamel. Kanthi *uji coba pemakaian* dening siswa saged dipunpendhet dudutan bilih medhia *e-learning* menika sampun saged dipunginakaken kangge pasinaon basa Jawi krama. Dene asiling *persentase angket* saking *subjek* panaliten pikantuk skor 91,8%, *kategori* sae sanget.


Tabel 4.13 Asiling Akhir *Persentase Pemakaian Produk* Saben Aspek

No	Aspek Uji Coba	Persentase	Kategori
1	<i>Aspek Gampil Anggenipun Mangertos</i>	93,6%	SS
2	<i>Aspek Saged Sinau Kanthi Mandhiri</i>	90%	SS
3	<i>Aspek Nyajikaken Medhia</i>	90,6%	SS
4	<i>Aspek Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia</i>	93,1%	SS

Asil akhir *persentase evaluasi* sedaya *aspek* pikantuk 91,8% *kategori* sae sanget

Adhedhasar asiling *evaluasi* ing inggil menika sedaya *aspek uji coba* medhia *e-learning* mbabaraken bilih *persentase aspek gampil anggenipun mangertos* pikantuk 93,6% (*kriteria sae sanget*), *aspek saged sinau kanthi mandhiri* pikantuk 90% (*kriteria sae sanget*), *aspek nyajikaken medhia* pikantuk 90,6% (*kriteria sae sanget*), dene *aspek gampil anggenipun ngginakaken medhia* pikantuk 93,1% kalebet *kriteria sae sanget*. Saking asiling *persentase*.

Diagram 4.2 Asiling Akhir *Persentase Pemakaian Produk* Saben Aspek



## 6. Asil *Persentase* saking *Validator*, *Guru saha Subjek Uji Coba*


Asiling *persentase* saking *validator*, *guru saha subjek uji coba* medhia pikantuk skor 88,2% ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Kanthi asil menika saged ngandharaken bilih medhia *e-learning* menika saged dipunginakaken kangge nambah nguwaosi basa Jawi krama siswa. Siswa saged nindakaken pasinaon *online* tumrap wonten ing pundi kemawon.

Tabel 4.14 Asiling *Persentase* Saking Sedaya *Aspek Uji Coba*

No	Subjek	Persentase	Kategori
1	Ahli Materi	94%	SS
2	Ahli Medhia	86%	SS
3	Guru basa Jawi	88%	SS
4	Subjek uji coba <i>produk</i> dening siswa	79%	S
5	Subjek <i>pemakaian produk</i> dening siswa	92%	SS

Asil akhir *persentase evaluasi* sedaya *aspek* pikantuk 88% *kategori* sae sanget

Diagram 4.3 Asiling *Persentase* Saking Sedaya *Aspek Uji Coba*



Adhedhasar asiling *persentase* ingkang ketingal ing diagram menika bilih asiling *persentase* saking *validator* ahli materi pikantuk skor 94% ingkang kalebet *kategori* sae sanget. Wondene asiling *persentase* saking *validator* ahli

medhia pikantuk skor 86%, kalebet kategori sae sanget. Asiling persentase saking guru basa Jawi pikantuk 88%, kategori sae sanget. *Persentase* saking asiling uji coba produk dening siswa pikantuk skor 79%, kategori sae. Asiling persentase saking pemakai produk medhia *e-learning* menika pikantuk 92% kalebet kategori sae sanget.

Asiling analisis panaliten menika ngetingalaken bilih medhia *e-learning* menika saged nyengkuyung proses pasinaon basa Jawi krama siswa wonten ing griya, satemah saged nambah nguwaosi basa Jawi krama. Menika trep kaliyan pamanggihipun Michael, (2013) bilih *e-learning* katindakaken kanthi ancas pasinaon ngginakaken *system elektronik* utawi *komputer* ingkang saged nyengkuyung proses pasinaon. *Platform e-learning* inggih menika *aplikasi* ingkang nyambung antawisipun guru saha siswa ing *ruang* pasinaon kanthi *online*. *E-learning* dipundamel kangge ngudhari prakawis ngengingi winatesing wekdal saha papan panggenan.


### **C. Revisi Produk**

*Revisi produk* ingkang katindakaken dening ahli materi, ahli medhia, saha uji coba produk dening subjek, satemah mangertos perangan menapa ingkang kirang trep ing medhia pasinaon *e-learning* basa Jawi krama.

#### **1. Evaluasi Saking Validator Materi**


Asiling *evaluasi* saking *validator* materi ngandharaken bilih medhia *e-learning* menika sampun layak anggenipun uji coba dening subjek. *Validator* menika paring pamrayogi supados basa ingkang dipunginakaken wonten ing

medhia *e-learning* menika ngginakaken basa Jawi krama ingkang trep, satemah ancasing pasinaon ngginakaken *e-learning* menika saged nambah nguwaosi basa Jawi krama.



Gambar 4.1 Basa ingkang dipunginakaken wonten ing medhia *e-learning* saderengipun *revisi*

Tampilan basa wonten ing medhia *e-learning* menika taksih ngginakaken basa *Inggris* saha *Indonesia*. Mila basa menika dipungantos mawi basa Jawa krama ingkang trep, sinaosa boten sedaya basa ing *pemrograman* saged dipungantos ngangge basa Jawi krama. Basa ingkang dipunginakaken menika basa ingkang *komunikatif* saged dipunaplikasikaken wonten ing basa *pemrograman* ingkang boten ngrisak wosing basa Jawi krama menika piyambak.



Gambar 4.2 Basa ingkang dipunginakaken wonten ing medhia *e-learning* sasampunipun *revisi*


## 2. *Evaluasi* saking *Validator Ahli Medhia*

*Evaluasi* ingkang katindakaken salajengipun saking pamrayogi *validator* medhia. *Evaluasi* katindakaken supados medhia *e-learning* menika saged langkung ngrembaka kanthi sae. Pamrayogi saking *validator* saged kababar kados ing ngandhap.

### a. **Tampilan Saben Layer Dipundamel Langkung Sekedhik Isinipun**

Tampilan medhia pasinaon *e-learning* menika nyawisaken *fitur-fitur* ingkang saged dipunakses miturut kaliyan kabetahan pasinaon. *Tampilan layer* menika pikantuk pamrayogi saking *validator* medhia bilih *tampilan layer* menika dipungantos kanthi tampilan ingkang langkung sekedhik.


## 1) Wujud medhia saderengipun *revisi*



Gambar 4.3 Tampilan *layer* saderengipun *revisi*


Tampilan *layer* ingkang sepisanan menika katingal kathah sanget, mila supados tampilan menika katingal boten kathah, dipundamel langkung ringkes anggenipun nampilaken wosing *layer*.

## 2) Wujud Medhia Sasampunipun *Revisi*



Gambar 4.4 Tampilan *layer* sasampunipun *revisi*

Wujudipun tampilan medhia *e-learning* saperangan menika boten saged dipunewahi amargi wontenipun prakawis ngengingi *program coding* ingkang kedah dipunewahi sedaya, sarta prakawis winatesipun beya ingkang kedah dipuncawisaken. Mila tampilan medhia taksih kados ingkang sepisanan. Ananging boten sedaya tampilan layar menika kathah, wonten saperangan ingkang tampilan layaripun menika sakedhik.




Gambar 4.5 Tampilan *layer* ingkang sakedhik

## b. Basa Kedah Dipundamel Ingkang Trep

Ahli medhia paring pamrayogi bilih pamilihing basa wonten ing medhia *e-learning* menika kedah ngginakaken basa Jawi krama ingkang trep, satemah saged nambah seserepan kanthi leres tumrap siswa ngengingi bab basa Jawi krama.


## 1) Wujud Medhia Saderengipun *Revisi*



Gambar 4.6 Basa ingkang dipunginakaken saderengipun *revisi*

Basa ingkang dipunginakaken wonten ing tampilan medhia menika taksih ngginakaken pilihan basa saking basa *Inggris* kaliyan basa *Indonesia*. Tuladha basa ingkang dipunginakaken ing medhia *e-learning* kados *login*, *register*, *lupa password*.

## 2) Wujud Medhia Sasampunipun *Revisi*




Gambar 4.7 Basa ingkang dipunginakaken sasampunipun *revisi*

Sasampunipun katindakaken pamrayogi saking ahli medhia ngengingi basa ingkang dipunginakaken ing medhia, lajeng basa ing medhia menika dipunrevisi kanthi pamilihan basa ingkang limrah dipunginakaken wonten ing *pemrograman*, saha nemtokaken basa ingkang saged dipungantos mawi basa Jawi krama.

### c. Materi Basa Jawi ing Padintenan

#### 1) Wujud Medhia Saderengipun *Revisi*


Materi basa Jawi pikantuk pamrayogi saking ahli medhia bilih supados dipunjangkepi kanthi materi basa Jawi ing padintenan. Materi ingkang cumawis wonten ing medhia menika taksih kalebet materi ingkang limrah.



Gambar 4.8 Materi basa Jawi saderengipun *revisi*

#### 2) Wujud Medhia Sasampunipun *Revisi*

Sasampunipun katindakaken pamrayogi saking ahli medhia, ngengingi bab materi basa Jawi padintenan, lajeng medhia *e-learning* menika dipunjangkepi kanthi materi basa Jawi ing padintenan.



Gambar 4.9 Materi basa Jawi sasampunipun *revisi*

#### D. *Kajian Produk Pungkasan*

*Produk pasinaon e-learning* basa Jawi krama sampun rampung dipundamel kanthi lampah pangrembaka. Lampahipun inggih menika *analisis, design*, damel medhia, *validasi*, saha *evaluasi*. Damel medhia menika panaliti mbetahaken wekdal gangsal wulan. Medhia *e-learning* basa Jawi krama menika mumpangataken medhia *website* ingkang saged dipunginakaken wonten ing *komputer, laptop*, saha *smartphone*.

Medhia *e-learning* menika mbetahaken pamrayogi ingkang lumintu supados ngasilaken asil ingkang sampurna saha jumbuh kaliyan ngrembakanipun medhia pasinaon ingkang samsaya *canggih*. Sanadyan medhia ingkang dipundamel menika taksih kathah kirangipun, saking *evaluasi angket validator* saha *subjek* panaliti, medhia menika sampun saged dipunginakaken kangge sinau basa Jawi krama. Katiti saking asiling *angket* menika, bilih siswa saged sinau mandhiri saha saged

nambah nguwaosi basa Jawi krama kanthi gladhen ngginakaken tuladha-tuladha pacelathon kangge gladhi micara basa Jawi krama.

Kanthi kemajengan *teknologi* ingkang sampun *canggih* sarta *jaringan internet* ingkang sampun kathah dipunginakaken kangge sinau, mila medhia *e-learning* menika saged dipunginakaken wonten ing perangkat *komputer*, *laptop*, saha *smartphone*. Sinau boten namung saged katindakaken ing pawiyatan, ananging ugi saged dipuntindakaken wonten ing pundi kemawon, boten winates papan panggenan saha wekdal. Siswa saged sinau kanthi mandhiri, saged gladhen piyambak, saha saged gladhen nggarap pitakenan supados mangertos tambahing nguwaosi basa Jawi krama.

*Program e-learning* menika ngginakaken *program* ingkang gampil sanget, siswa namung kantun pados alamat *web e-learning*, lajeng damel *akun* ing medhia satemah saged akses medhia pasinaon menika. Kanthi *tombol-tombol navigasi* ing medhia siswa saged sinau kanthi nge-*klik fitur* ing medhia miturut kaliyan kabetahanipun. Medhia menika dipunsengkuyung kanthi materi saha gladhen ingkang sampun dipunjumbuhaken kaliyan *kurikulum* ing pawiyatan.

Materi ing medhia pasinaon menika miturut pamanggihipun *subjek* panaliti gampil dipunmangertos. Medhia menika nyawisaken materi basa Jawi krama ngengingi bab pangertosan basa Jawi, jinis basa Jawi, mumpangating basa Jawi, saha gladhen basa Jawi krama ingkang dipunsengkuyung mawi tuladha-tuladha pacelathon basa Jawi ingkang sinerat sarta tuladha *video*. Bab menika nggampilaken siswa anggenipun mangertos saha gladhi ngginakaken basa Jawi krama, satemah saged nambah kawasisan nguwaosi basa Jawi krama.

Adhedhasar analisis asiling *uji coba* ing lapangan, medhia *e-learning* menika sampun saged paring mumpangat dhateng pasinaon basa Jawi krama siswa ing pawiyatan kanthi cara mandhiri utawi *online*. Siswa saged sinau ngginakaken medhia menika wonten ing pundi kemawon, boten winates papan panggenan saha wekdalipun. Kahanan *pandemik covid 19* menika ndadosaken medhia *e-learning* saged dados medhia *alternative* kangge pasinaon basa Jawi, mliginipun sinau basa Jawi krama. Kanthi medhia *e-learning* menika siswa saged mumpangataken *jaringan internet* kangge sinau wonten ing griya.

## **E. Winatesing Panaliten**

Panaliten menika nggengi bab damel medhia *e-learning* basa Jawi krama inggih menika kangge nambah nguwaosi basa Jawi krama ing piwulangan basa Jawi. Dene winatesing panaliten saged kaandharaken kados ing ngandhap menika.

### **1. Kuwalitas Medhia**

*Proses* ingkang katindakaken nalika damel medhia *e-learning* menika kathah sanget. *Proses* menika dipunlampahi supados pikantuk kuwalitas medhia ingkang sae. *Prosedur* ingkang dipunginakaken kangge damel medhia menika ngginakaken teorinipun Padmo (2009: 418-423). *Prosedur* ingkang sepisan inggih menika *analisis*. *Analisis* menika katindakaken kanthi ningali kawontenan medhia pasinaon basa Jawi krama ingkang nyawisaken pasinaon mandhiri ngginakaken sarana ingkang *canggih*. Salajengipun dipuntiti kanthi saestu kirang saha langkungipun medhia ingkang sampun

wonten kaliyan medhia ingkang badhe dipundamel awujud *e-learning* menika.

Adhedhasar *analisis* menika panaliti lajeng damel *design*, kanthi cara damel *flowchart* langkung rumiyin, salajengipun damel alur damel medhia. *Flowchart* menika lajeng dipun rantam saha kaandharaken rinci awujud *storyboard*. Sasampunipun kababar ing naskah, panaliti lajeng wiwit damel medhia.

Damel medhia menika dipunwiwiti kanthi pados *referensi-referensi* ngginakaken medhia ingkang trep kangge nyengkuyung *e-learning*, salah setunggaling medhia ingkang dipunginakaken menika ngginakaken medhia adhedhasar *website*. Salajengipun panaliti menika nyawisaken materi saha gladhen ingkang badhe dipunlebetaken wonten ing salebeting medhia *e-learning* menika. Damel *produk* menika langkung dangu, amargi kedah nindakaken *proses* damel, ujicoba, saha *revisi* ngengingi *produk e-learning*-ipun.

Medhia *e-learning* ingkang sampun dados lajeng dipunvalidasi dening ahli materi saha ahli medhia. Pamrayogi saking *validator* menika minangka dhasar kangge nindakaken *uji coba* dhateng *subjek* panaliten. *Uji coba produk* menika katindakaken kanthi *uji coba kelompok kecil* ingkang cacahipun sedasa siswa ingkang saged ngginakaken *e-learning*. Sasampunipun ngginakaken *produk* menika siswa lajeng ngisi *angket* ingkang dipundamel dening panaliti. Saking *uji coba produk* menika ngasilaken *evaluasi* bilih *produk* menika pikantuk biji 79% kalebet *kategori sae*.

Wondene asiling *uji coba pemakaian produk* ingkang katindakaken dening tigang dasa siswa lumantar isian *angket* sasampunipun ngginakaken medhia pikantuk biji 92%, *kategori* sae sanget. Adhedhasar asiling isian *angket* ngginakaken medhia saha saking biji gladhen siswa, saged dipunpendet dudutan bilih medhia *e-learning* menika saged dipunginakaken kangge nambah nguwaosi basa Jawi krama siswa kanthi sinau mandhiri.

## 2. Pamrayogi Siswa

Panaliten menika winates dhateng siswa ing pawiyatan tataran SMA supados pikantuk pamrayogi ngengingi medhia *e-learning*. Miturut asiling *angket* saking *uji coba produk* menika ngasilaken *persentase* 79% kalebet *kategori* sae. *Kategori* menika ngandharaken bilih medhia *e-learning* menika sampun saged dipunginakaken kangge pasinaon basa Jawi krama tumrap siswa ing pawiyatan kanthi sinau mandhiri. Adhedhasar pamrayogi saking siswa menika lajeng katindakaken *revisi* supados medhia menika langkung sae saha rembaka. Miturut asiling *angket* saking *pemakaian produk* sasampunipun *revisi* ngasilaken *persentase* 92% kalebet *kategori* sae sanget. Wondene saking asiling pamrayogi menika saged dipunpendhet dudutan bilih kanthi medhia pasinaon basa Jawi ngginakaken *e-learning* saged kangge nambah nguwaosi basa Jawi krama.

## BAB V. PANUTUP

### A. Dudutan

1. Panaliten menika kalebet panaliten *pengembangan (R&D)*, inggih menika panaliten damel medhia *e-learning* ingkang dipunginakaken kangge pasinaon piwulangan basa Jawi krama. *Prosedur* kangge damel medhia *e-learning* menika panaliti nindakaken *analisis, design, produksi, validasi, evaluasi*.
2. *Validator* materi pikantuk *persentase* 94% ingkang kalebet kategori sae sanget.
3. Wondene asiling *validasi* medhia ngasilaken *persentase* 86% kategori sae sanget.
4. Asil *uji coba produk kelompok* alit dening *subjek* cacahipun sedasa siswa, pikantuk *persentase* 79%, menika kalebet kategori sae. Asiling *uji coba pemakaian produk* kelompok ageng dening siswa cacahipun tigang dasa, pikantuk 92%, kategori sae sanget. Adhedhasar asiling *uji coba* menika saged dipunwastani bilih medhia pasinaon *e-learning* basa Jawi saged dipunginakaken kangge sinau basa Jawi krama siswa.

### B. Implikasi

*E-learning* menika saged dipunginakaken kangge pasinaon basa Jawi krama ing pawiyatan. *Jaringan internet* ing jaman menika sampun limrah sanget dipunginakaken kangge pasinaon dening siswa. Menapa malih wontenipun

pageblug *covid19* menika, pasinaon siswa ingkang limrahipun dipuntindakaken wonten ing pawiyatan, samenika kedah dipunlampahi wonten ing griyanipun piyambak-piyambak. Kanthi sarana kadosta *komputer, laptop*, utawi *smartphone* ingkang limrah dipunginakaken ing pasinaon, ndadosaken panaliti damel medhia *e-learning* pasinaon basa Jawi krama. Medhia *e-learning* menika saged nggampilaken siswa anggenipun sinau ngginakaken piranti ingkang dipungadhahi piyambak, kadosta *komputer, laptop*, menapa dene *smartphone*, tanpa winates wekdal saha papan panggenan. Sinau basa Jawi krama kanthi mandhiri menika saged nambah seserepan basa Jawi krama satemah siswa ugi saged nambah anggenipun nguwaosi basa Jawi krama.

Awratipun sinau basa Jawi krama saged dipunudhari kanthi ngginakaken medhia *e-learning* kangge sinau basa Jawi krama kanthi mandhiri. Siswa menika saged gladhi ngginakaken basa Jawi krama adhedhasar kabetahanipun piyambak. Siswa saged praktek ngginakaken basa Jawi krama ing padintenan, kanthi ningali tuladha-tuladha pacelathon ing medhia. Siswa saged ngrembakaken piyambak basa Jawi krama ingkang badhe dipunginakaken trep kaliyan sinten anggenipun badhe matur. Basa Jawi krama menika kedah asring dipunginakaken saha dipungladhi kanthi lumintir satemah saged dados pakulinan anggenipun matur basa Jawi krama.

Damel medhia *e-learning* menika dipunanggep sae sanget dening ahli materi, ahli medhia, guru, saha siswa ing pawiyatan. Anggenipun damel medhia pikantuk asil ingkang ngremenaken, saha saged nggampilaken siswa anggenipun sinau basa Jawi krama.

### C. Pamrayogi

Adhedhasar andharan menika panaliti saged paring dudutan kados ing ngandhap menika.

1. Siswa saged mumpangataken *jaringan internet, komputer, laptop, saha smartphone* kanthi *maksimal* kangge pasinaon basa Jawi krama. Siswa saged praktek ngginakaken basa Jawi krama nalika matur kaliyan tiyang sanes kanthi mekaraken piyambak tuladha-tuladha pacelathon ing medhia menika. Mila kanthi medhia *e-learning* menika saged nambah nguwaosi basa Jawi krama siswa.
2. Siswa saged gladhi basa Jawi krama kanthi mandhiri saha saged sinau wonten ing pundi kemawon boten winates papan panggenan saha wekdalipun.
3. Kanthi medhia *e-learning* menika siswa saged nindakaken pasinaon kangge nambah panguwaosing basa Jawi krama.
4. Tumrap paraga pendhidhikan saged mumpangataken *laboratorium komputer saha jaringan internet* kanthi *maksimal* kangge ngrembakakaken medhia *e-learning* pasinaon menika ing materi sanesipun.

## KAPUSTAKAN

- Alessi, Stephen M. & Trollip, Stanley R. (2001). *Multimedia for learning, methods and development (3rd Ed.)*. Massachusetts: Allyn and Bacon.
- Arsyad, Azhar. (2017). *Media Pembelajaran*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Arifin, F. Herman, T. (2017). *The Influence of E-Learning Model Web Enhanced Course to Conceptual Understanding and Self Regulated Learning in Mathematics for Elementary School Students*. *TARBIYA: Journal of Education in Muslim Society*, 4(1), 45-52. doi:10.15408/tjems.v4i1.5536.
- Borg & Gall. (1983). *Educational Research: An Introduction*. London: Longman Inc.
- Boulton, H. (2008). "Managing e-Learning: what are the Real Implications for Schools?" *The Electronic Journal of e-Learning Volume 6 Issue 1*, pp. 11 - 18, available online at [www.ejel.org](http://www.ejel.org)
- Chaerani, Vici S. (2019). *Analisis Tingkat Kesiapan Penerapan Pembelajaran Berbasis E-learning Pada Sekolah Menengah Kejuruan (SMK) di Kabupaten Padang Pariaman*. Yogyakarta: UNY
- Dahiya, S., Jaggi, S., Chaturvedi, K.K., Bhardwaj, A., Goyal, R.C. and Varghese, C., (2016). *An eLearning System for Agricultural Education*. *Indian Research Journal of Extension Education*, 12(3), pp.132-135.
- Dale, E. (1956). *Audio Visual Methods In Teaching*. New York : The Dryden Press
- Darmawan, D. (2016). *Mobile Learning Sebuah Aplikasi Teknologi Pembelajaran*. Jakarta : Rajawali Press
- Daryanto & Muljo Rahardjo. (2012). *Model Pembelajaran Inovatif*. Yogyakarta: Gramedia.
- Dian & Rakhmat. (2017). *E-Learning Teori dan Aplikasi*. Bandung: Informatika.
- Endraswara, S. (2006). *30 Metode Pembelajaran Bahasa dan Sastra Jawa*. Yogyakarta: Kontul Press.
- Harjawiyan H, Supriya. (2000). *Marsudi Unggah-Ungguh Basa Jawa*. Yogyakarta: Kanisius


- Hartley, D. E. (2006). *Selling E-learning*. American Society for Training and Development.
- Heinich, R.M., Rusell, J.D., & Smaldino, SE. (1996). *Instructional Media & Technology for Learning*. New York: Nacmilan Publishing Company
- Ibrahim, Doni. (2014). *The Effects Of The Use Of E-learning On The Learning Motivation And Achievement In Mathematics Of The Students Of SD Negeri Tahunan Yogyakarta*. Vol 2 No.1. di <https://journal.uny.ac.id/index.php/jpe/article/view/2645/2200>
- Kuntari, Umi. (2017). *Unggah-Ungguh Basa Jawa*. 2017. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Michael, A. (2013). *Michael Allen's Guide to E-learning*. Canada: John Wiley & Sons.
- Mu'arif H & Surjono H. (2016). *Developing Of E-learning Based On Scientific Approach On Natural Sciences Lesson At SMPN 5 Yogyakarta*. *Jurnal Inovasi Teknologi Pendidikan Volume 3, No 2, (195-206)* di <https://journal.uny.ac.id/index.php/jitp>
- Munir. (2009). *Pembelajaran jarak jauh berbasis teknologi informasi dan komunikasi*. Bandung: Alfabeta.
- M. Zulkifli, et.al. (2016). *An Analysis of Information and Communication Technology based Learning Models in School*. *International Journal of Applied Engineering Research*. 11, (23), pp. 11215-11222.
- Nanda, Widya. (2018). *Pengembangan E-learning untuk Mata Pelajaran Ilmu Gizi Kelas di SMK Budi Mulia Dua Yogyakarta*. S2 Thesis, UNY
- Noesgaard, Signe Schack & Rikke. (2015). *The Effectiveness of E-Learning: An Explorative and Integrative Review of the Definitions, Methodologies and Factors that Promote e-Learning Effectiveness*. *The Electronic Journal of e-Learning* Vol 13 Issue 4 2015, ISSN 1479-4403 278, pp.278-290.
- Nugroho, Bunafit. (2017). *Membuat Aplikasi E-learning dengan PHP-MySQL dan Dreamweaver*. *Sistem Informasi Pembelajaran Siswa Berbasis Web*. Yogyakarta: Gava Media

- Padmo, Dewi, dkk. (2004). *Teknologi Pembelajaran*. Ciputat: Pusat Teknologi Komunikasi dan Informatika Pendidikan.
- PP Gubernur DIY No 64 tahun 2013. *Peraturan Gubernur (PERGUB) tentang Mata Pelajaran Bahasa Jawa Sebagai Muatan Lokal Wajib di Sekolah atau Madrasah*. Yogyakarta
- Pranowo & Ratna S. (2017). *Basa Jawa Krama Alus lan Santun*. Yogyakarta: Dinas Kebudayaan DIY.
- Pressman, R. S. (2010). *Software engineering: a practitioner's approach*. New York: McGrawHill Education.
- Rohmah, L. (2016). *Konsep E-Learning Dan Aplikasinya Pada Lembaga Pendidikan Islam*. An-Nur, 3(2).
- Romisatriawahono. (2008). [online] Available FTP: <http://www.romisatriawahono.net/2008/01/23>. Tanggal akses 10 Mei 2020.
- Rosenberg, Marc J. (2001). *E-learning; Strategies for Delivering Knowledge in the Digital*. New York: McGraw Hill.
- Rusman, dkk .(2011). *Pembelajaran Berbasis Teknologi Informasi dan Komunikasi : Mengembangkan Profesionalisme Guru*. Jakarta:Rajawali Pers. PT. Raja Grafindo Persada
- Sanjaya, Wina. (2013). *Strategi Pembelajaran Berorientasi Standar Proses Pendidikan*. Jakarta: Kencana Prenadamedia Grup.
- Sari, A. P. & Setiawan, A. (2018). *The Development of Internet-Based Economic Learning Media using Moodle Approach*. *International Journal of Active Learning*, 3(2), 100-109. <https://journal.unnes.ac.id/nju/index.php/ijal/article/view/13449/7458>
- Slameto. (2013). *Belajar dan Faktor- Faktor yang Mempengaruhinya*. Jakarta: Renika Cipta.
- Sri Huning Anwariningsih, Sri Ernawati. (2013). *Development of Interactive Media for ICT Learning at Elementary School Based on Student Self Learning*. *Journal of Education and Learning*. Vol.7 (2) pp. 121-128.
- Sudjana & Rivai. (2001). *Teknologi Pengajaran*. Bandung: Sinar Baru Algensindo

- Sugiyono. (2016). *Metode Penelitian Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D)*. Bandung: Alfabeta.
- Suharti. (2006). *Penerapan Unggah-Ungguh Berbahasa Jawa di Sekolah: Upaya Pembinaan Perilaku Bangsa yang Tangguh*. Makalah Konggres Bahasa Jawa IV Tahun 2006 di Semarang.
- Sutopo, H.B., (2002). *Metodologi Penelitian Kualitatif: Dasar Teori dan Terapannya Dalam Penelitian*. Surakarta: Sebelas Maret University Press.
- Tigowati, Efendi,A, Budiyanto C. (2017). *The Influence of E-learning Use to Student Cognitive Performance and Motivation in Digital Simulation Course*. Vol.1 (2) 42 di <https://jurnal.uns.ac.id/ijie/article/view/12812>
- Waller, V. & Wilson, J. (2001). *A definition for e-learning*. *TheODL QC Newsletter*, pp. 1-2.
- Wibawa, S. (2006). *Pendekatan Pembelajaran Bahasa Jawa di SMA/SMK/MA*. Makalah Konggres Bahasa Jawa IV Tahun 2006 di Semarang.
- Yengyuno, Soree. (2018). *Efektivitas Penggunaan E-Learning Berbasis Moodle terhadap Hasil Belajar Mahasiswa pada Mata Kuliah Bahasa Malayu untuk Komunikasi di Yala Rajabhat University (Thailand)*. S2 thesis, UNY.

# *LAMPIRAN*

**FLOWCHART MEDHIA E-LEARNING BASA JAWI KRAMA**



**NASKAH MEDHIA *E-LEARNING* BASA JAWI KRAMA**

<b>LAYER</b>	<b>KOMPONEN</b>	<b>NASKAH</b>
1	Kaca Pambuka	<p>Pandom :</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Alamat website <a href="https://eclass.leniwidiastuti.com">https://eclass.leniwidiastuti.com</a></li> <li>2. Klik dhaptar menawi dereng gadhah akun, nalika dhaptar saged milih minangka guru menapa siswa. Sasampunipun pikantuk akun nembe saged mlebet wonten ing pasinaon</li> <li>3. Username kanthi alamat email</li> <li>4. Password nglebetaken sandi nalika damel akun wonten ing medhia</li> <li>5. Klik mlebet menawi sampun badhe mlebet ing pasinaon</li> </ol> <p>Katrangan Gambar Identitas Medhia</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Gambar 1 <ul style="list-style-type: none"> <li>• E-LEARNING BASA JAWI</li> </ul> <p>Sugeng rawuh ing pasinaon Basa Jawi</p> <p>Dening Leni Widiastuti</p> <p>NIM 16714251002</p> <p>Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa</p> <p>Pascasarjana</p> </li> </ol>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Universitas Negeri Yogyakarta</p> <p>2. Gambar 2 Mangga Pinarak</p> <p>3. Gambar 3 Mangga Sinau</p> <p>4. Gambar 4</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Profil</li> </ul> <p>Nama : Leni Widiastuti</p> <p>Program Studi: PPs Pendidikan Bahasa Jawa</p> <p>Tempat, tanggal lahir: Pati, 15 Maret 1983</p> <p>Alamat: Cikalan, Bangunjiwo Kasihan Bantul</p> <p>Pembimbing: Prof. Dr. Suwarna, M.Pd</p>
2	Beranda	Sugeng rawuh ing <i>e-learning</i> basa Jawi krama SMA N 1 Jetis Bantul
	Wara-wara	Sugeng rawuh ing pasinaon basa Jawi krama
3	Pesen	<p>Nyerat pesen</p> <p>Pados pesen</p>
4	Jadwal piwulangan	Dinten piwulangan, wekdal piwulangan, kelas ingkang dipunwucal
5	Gladhen	Informasi gladhen

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>a. Tambah pitakenan pilihan: damel, edit, busak, ningali biji</p> <p>1. <i>"MOS SMA-ku pancen abot. OSIS-e rada rewel. Yen ana kang ora trep kalawan apa kang dikarepke banjur diukum."</i></p> <p>Basa <i>kramanipun</i> abot inggih menika ....</p> <p>A. Awrat</p> <p>B. Rahap</p> <p>C. Ngangkat</p> <p>D. Ngangsu</p> <p>E. Ngancani</p> <p>Kunci jawaban A</p> <p>2. <i>"Sawise upacara siswa anyar banjur mlebu kelas. OSIS nuli ngetutake lan wiwit ngabsen mbaka siji kanggo mesthekake yen ora ana siswa anyar kang kleru kelas."</i></p> <p>Basa <i>krama</i> ingkang trep kangge tembung 'anyar' ing inggil inggih menika ....</p> <p>A. Awet</p> <p>B. Lami</p> <p>C. Lajeng</p> <p>D. Enggal</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>E. Edipeni Kunci jawaban D</p> <p>3. <i>"Sabèn kelas disandhing OSIS loro. Kelasku dicekel OSIS aran Dadi lan Dedi."</i> Basa kramanipun dicekel inggih menika ....</p> <p>A. Dipundulang B. Dipunbesmi C. Dipunampili D. Dipundukani E. Dipuncepeng</p> <p>Kunci Jawaban E</p> <p>4. Bagas lajeng mlebet kelas kanthi uluk salam rumiyin, lajeng jawat asta dhateng Pak Guru lan matur nyuwun idin. Bagas : <i>Kula nuwun Pak, kepareng kula matur.</i> Guru : <i>O, kowe Gas, iya kene mlebu, ambegane ditata, banjur lagi matur.</i> (Bagas matur alon ananging cetha, tanganipun ngapurancang, sirahipun dhingkluk) Bagas : <i>Nyuwun pangapunten Pak, kula telat amargi kedah nambalaken ban rumiyin, menapa kepareng kula mlebet kelas Pak?</i></p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Guru : <i>Dadi mangkono sebabe tekamu telat, ya wis ora apa-apa iku jenenge alangan, sesuk meneh ati-ati, saiki kana enggala lungguh.</i></p> <p>Bagas : <i>Matur nuwun Pak sampun dipunidinaken.</i></p> <p>Pacelathon ing inggil menika nyariyosaken kedadosan ing ....</p> <p>A. Kelurahan  B. Pawiyatan  C. Nggriya  D. Karangtaruna  E. Kelas</p> <p>Kunci Jawaban E</p> <p>5. <i>"Bapak badhe .... pundi?"</i></p> <p>Basa krama ingkang trep kangge njangkepi ukara ing inggil inggih menika ....</p> <p>A. Lunga  B. Bidhal  C. Tindak  D. Dhateng  E. Kesah</p> <p>Kunci Jawaban C</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>6. Ingkang kedah ngapurancang inggih menika ....</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>A. Tangan</li> <li>B. Asta</li> <li>C. Lambeyan</li> <li>D. Suku</li> <li>E. Samparan</li> </ul> <p>Kunci Jawaban B</p> <p>7. Tiyang Jawi menika kawentar amargi langkung nengenaken patrapipun, tegesipun ....</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>A. Unggah-ungguh</li> <li>B. Pugeran</li> <li>C. Tatacara</li> <li>D. Solahbawa</li> <li>E. remen srawung</li> </ul> <p>Kunci jawaban A</p> <p>8. "<i>Nuwun sewu menawi kepareng kula badhe nyambut bukunipun.</i>" Ukara ing <i>inggil</i> menika minangka tuladha ....</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>A. nyuwun pamit</li> </ul>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>B. nyuwun pirsu  C. nyuwun idin  D. nyuwun pangapunten  E. nyuwun pangestu  Kunci Jawaban C</p> <p>9. <i>"Simbah sampun dangu anggenipun sakit."</i>  Basa krama ingkang trep kangge tembung sakit ing inggil inggih menika ....  A. Sakit  B. Lara  C. Gerah  D. Mantun  E. Mari  Kunci jawaban C</p> <p>10. <i>"Bapak sampun pinarak sakmenika".</i>  Basa krama ingkang trep kangge tembung pinarak inggih menika ....  A. Lungguh  B. Jumeneng  C. Lenggah</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>D. Pinarak E. Ngadeg Kunci jawaban C</p> <p>11. Ibu : <i>"Buku iki kanggo sapa ta bud?"</i> Budi : <i>Menika buku .... kanca kula bu.</i> Basa krama ingkang trep kangge njangkepi ukara ing inggil inggih menika .... A. Kangge B. Kanggo C. Kagem D. Dhateng E. Gadhah Kunci jawaban A</p> <p>12. <i>"Kula ngaturaken .... amargi sampun kersa rawuh wonten ing adicara ambal warsa sonten menika."</i> Basa krama ingkang trep kangge njangkepi ukara ing inggil .... A. Sugeng rawuh B. Sugeng tindak C. Matur nuwun</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>D. Sugeng sonten</p> <p>E. Atur panuwun</p> <p>Kunci jawaban C</p> <p>13. Ukara ngandhap menika ingkang cak-cakan unggah-ungguh krama ingkang leres inggih menika ....</p> <p>A. Ibu sampun bidhal dhateng kantor</p> <p>B. Kula sampun dhahar kala wau</p> <p>C. Bapak tindak dhateng kantor</p> <p>D. Bapak sampun menyang kantor</p> <p>E. Bapak sampun adus nalika kula siram</p> <p>Kunci jawaban C</p> <p>14. Kawaos pacelathon menika kanthi saksama!</p> <p>Guru 1 : <i>"Eh Bu, kok sajak ana sing dioyak, arep tindak endi?"</i></p> <p>Guru 2 : <i>"Oh, iya Bu, iki arep nyang ruang guru sedhela. Mau Pak Ahmad ngendika menawa ana tilpun penting saka omah."</i></p> <p>Guru 3 : <i>"Oh, ya wis Bu, mangga ndherekake"</i></p> <p>Pacelathon menika ngginakaken unggah-ungguh basa ragam ....</p> <p>A. ngoko lugu</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>B. ngoko andhap</p> <p>C. ngoko alus</p> <p>D. krama lugu</p> <p>E. krama alus</p> <p>kunci jawaban C</p> <p>15. Pranataning basa miturut lenggahing tata krama kawastanan ....</p> <p>A. Tata basa</p> <p>B. Ungguh-ungguh basa</p> <p>C. Rura basa</p> <p>D. Kerata basa</p> <p>E. Kawi basa</p> <p>Kunci jawaban B</p> <p>16. Pakdhe Ngabdul : <i>"Iki kok njanur gunung, kadingaren Nak Ahmad tekan kene, ana perlune apa mung dolan wae?"</i></p> <p>Ahmad : <i>"Inggih Pakdhe, kepareng omong dhateng Pakdhe Ngabdul, bilih sowan kula ing ngriki ingkang sepisan kula silaturahmi saha tuwi Pakdhe Ngabdul sakulawarga."</i></p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Basa krama ingkang trep kangge tembung ingkang kacithak kandel inggih menika ....</p> <p>A. Kandha B. Ngendika C. Micara D. Matur E. Atur-atu</p> <p>Kunci jawaban D</p> <p>17. Pakdhe Ngabdul : ”Yoh..., matur nuwun dene Nak Ahmad silaturahmi marang aku lan tilik keslametanku sakulawarga. Sabanjure aku kadhawuhan sowan ing daleme Pak Susila saperlu kendhuri syukuran. Atur panuwunku mengko aturna marang Pak Susila lan ing mengko muga ora ana alangan apa-apa aku bisa sowan ing daleme. Nuwun sewu Nak, Pak Susila kok syukuran kuwi syukuran apa ta....?”</p> <p>Ahmad : ”Pak Susila punika syukuran awit <b>anake</b> inggih punika Mas Danang ketampi anggenipun nyambut damel minangka tentara, Pakdhe.”</p> <p>Basa krama ingkang trep kangge tembung ingkang kacithak kandel inggih menika ....</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>A. Larenipun            B. Putranipun            C. Wayahipun            D. Putrinipun            E. Mantunipun</p> <p>Kunci jawaban B</p> <p>18. Edi ditimbali Pak Guru, sing ditimbali enggal-enggal nyedhak, tangane ngapurancang, ngadeg jejeg, sirahipun ndhingkluk, mature alon.</p> <p>Edi : <i>"Inggih, Pak, wonten .... menapa?"</i></p> <p>Pak Guru : <i>"Tulung jupukna buku basa Jawa ning mejaku"</i></p> <p>Edi : <i>"Inggih, Pak"</i></p> <p>Basa krama ingkang trep kangge njangkepi ukara ing inggil inggih menika ....</p> <p>A. Prentah            B. Perlu            C. Kersa            D. Dhawuh            E. Panyuwunan</p> <p>Kunci jawaban D</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>19. Sukma : "<i>Kok Mbak Dian tindakipun kados kesesa?</i>"</p> <p>Dian : "<i>Lah, ora Dhik, wis biasane aku yen mlaku cepet, ora bisa kaya panjenengan, yen tindak kaya macan luwe. (sambi gemujeng)</i>"</p> <p>Sukma : "<i>Mbak Dian menika lo, saged kemawon anggenipun ngendika. Badhe tindak pundi menika, mbak?</i>"</p> <p>Dian : "<i>Arep menyang kantor pos wetan kui, Dhik, arep tuku materai. Iki didhawuhi simbah, kae simbah lenggah nang bank kulon kuwi.</i>"</p> <p>Sukma : "<i>Wo, ndherekaken simbah ta, Mbak? Wah wayah ingkang bekti .... Mbak Dian menika.</i>"</p> <p>Basa ingkang trep kangge njangkepi pacelathon ing inggil inggih menika ....</p> <p>A. Saestu  B. Tenan  C. Temen  D. Banget  E. Tenanan</p> <p>Kunci jawaban A</p> <p>20. Budi : "<i>Nuwun sewu! Badhe nyuwun pirsu dalemipun Pak Bejo?</i>"</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Burhan : <i>"Menika dalemipun Bapak Bejo, ingkang majeng ngidul, cetipun abrit."</i></p> <p>Budi : <i>"Kinten-kinten Bapak wonten dalem boten nggih, kok kadosipun sepen?"</i></p> <p>Burhan : <i>"Pangapunten. Kadosipun jam-jam semanten Bapak saweg .... menawi boten tindak. Cobi kemawon tindak mrika."</i></p> <p>Basa krama ingkang trep kangge njangkepi pacelathon ing inggil inggih menika ....</p> <p>A. Bobok</p> <p>B. Ngaso</p> <p>C. Leren</p> <p>D. Mapan</p> <p>E. Sare</p> <p>Kunci jawaban E</p> <p>b. Tambah pitakenan essay: damel, edit, busak, mbiji</p> <p>1. Basa ingkang dipunginakaken tumrapipun tiyang ingkang langkung anem dhateng tiyang sepuh inggih menika ....</p> <p>Kunci jawaban: basa krama</p> <p>2. Jinising basa ingkang dipunginakaken ing jaman menika wonten ....</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Kunci jawaban: kalih ngoko kaliyan krama</p> <p>3. Undha usuking basa ingkang dipunginakaken tumrapipun tiyang jawi menika saged ngetingalaken ....</p> <p>Kunci jawaban: unggah-ungguh</p> <p>4. Patrap nalika dipuntimbali bapak/ibu guru, astanipun pasarta didik menika kedah ....</p> <p>Kunci jawaban: jumeneng radi dingkluk</p> <p>5. “<i>Mau bapakmu <b>lunga</b> neng ndi le?</i>”</p> <p>Basa krama ingkang trep kangge pitakenan ingkang kacithak kandel inggih menika ....</p> <p>Kunci jawaban: tindak</p> <p>6. Nalika nembe mlampah lajeng kepanggih tiyang sanes wonten ing mergi, prayoginipun matur ....</p> <p>Kunci jawaban: ndherek langkung</p> <p>7. “<i><b>Permisi</b>, napa leres menika dalemipun Pak Lurah?</i>”</p> <p>Tembung ingkang kacithak kandel menika basa kramanipun ....</p> <p>Kunci jawaban: nuwun sewu</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>8. <i>“Mekaten Pak. Kula mriki .... Bapak kula, ngaturaken serat undhangan kangge pepanggihan rembag dhusun. Menika, Pak”.</i></p> <p>Basa krama ingkang trep kangge njangkepi ukara ing inggil inggih menika?</p> <p>Kunci jawaban: dipunutus</p> <p>9. <i>“Oh, ya gampang. Aturna bapakmu, yen aku wis nampa <b>layang</b> undhanganmu lan bakal merlokake teka”.</i></p> <p>Tembung layang basa kramanipun inggih menika ....</p> <p>Kunci jawaban: serat</p> <p>10. Menawi kepanggih bapak/ibu guru wonten ing mergi prayogi nalika sapa aruh ngginakaken basa ....</p> <p>Kunci jawaban: krama</p> <p>11. <i>“Bu, menika teng njawi wonten <b>tamu</b> badhe pinanggih kaliyan bapak.”</i></p> <p>Tembung ingkang kacithak kandel basa kramanipun ....</p> <p>Kunci jawaban: dhayoh</p> <p>12. <i>“Wau kula sampun <b>ketemu</b> Pak RT teng daleme Mas Atmaja”</i></p> <p>Tembung ingkang kacithak kandel basa kramanipun ....</p> <p>Kunci jawaban: kepanggih</p> <p>13. <i>“Bu kapan ta bapak ki <b>bali</b> saka Semarang?”</i></p>


LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Basa krama tembung ingkang kacithak kandel inggih menika .... Kunci jawaban: kondur</p> <p>14. <i>“Nuwun sewu pak guru, kula idin dhateng wingking”</i>. Basa krama ingkang trep kangge ukara ing inggil inggih menika .... Kunci jawaban: nuwun sewu pak guru, kula idin dhateng pakiwan</p> <p>15. <i>“Sugeng siang bu, menawi .... kula badhe nyuwun idin dhateng UKS, amargi sirah kula sakit bu”</i>. Basa krama kangge njangkepi ukara ing inggil inggih menika .... Kunci jawaban: kepareng</p> <p>16. <i>“Bapak, kula nyuwun pangestu badhe <b>mangkat</b> sekolah.”</i> Basa krama ingkang trep kangge tembung ingkang kacithak kandel inggih menika .... Kunci jawaban: bidhal</p> <p>17. <i>“Widada banjur mlebu ngaturi bapak sing lagi wae rampung anggone <b>adus</b>.”</i> Tembung ingkang kacithak kandel menika basa kramanipun .... Kunci jawaban: siram</p> <p>18. <i>“Menika lho Pak, para taruna ing dhusun kula sami kepingin <b>latihan</b> dados pranatacara”</i>.</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Tembung ingkang kacithak kandel basa kramanipun ....</p> <p>Kunci jawaban: gladhen</p> <p>19. <i>“Bu, kula dipundhawuhi Pak guru gladhen sekar Macapat, kula nyuwun ibu paring <b>conto</b>.”</i></p> <p>Tembung ingkang kacithak kandel basa kramanipun ....</p> <p>Kunci jawaban: tuladha</p> <p>20. <i>“Ngendikanipun bu guru pancen mekaten bu, pramila generasi mudha, kedah <b>gelem</b> nyinau kabudayan Jawi supados boten ical kalindhah kemajenganing jaman”.</i></p> <p>Basa krama ingkang trep kangge tembung ingkang kacithak kandel inggih menika ....</p> <p>Kunci jawaban: purun</p> <p>21. <i>“Mekaten bu, sarehne wangsul sekolah, kula dipunampiri Rahayu saperlu sinau kelompok, kula kesupen manawi dipunutus ibu ngaturaken serat dhateng Bu RT, pramila kula nyuwun pangapunten lan boten badhe kula <b>baleni</b> malih.”</i></p> <p>Tembung baleni menika basa kramanipun ....</p> <p>Kunci jawaban: ambali</p> <p>22. <i>“Bapak mangga dhahar rumiyin, sedaya sampun <b>siap</b>.”</i></p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Basa krama tembung siap inggih menika ....</p> <p>Kunci jawaban: samekta</p> <p>23. <i>“Menawi mekaten, kula badhe miwiti damel, mangke Bapak ingkang mbiji lan <b>mbeneraken</b> menawi wonten kalepatan nggih pak.”</i></p> <p>Basa krama ingkang trep kangge tembung ing inggil inggih menika ....</p> <p>Kunci jawaban: ngleresaken</p> <p>24. <i>“Nyuwun pangapunten, kula telat Pak <b>sebab</b> kedah nambalaken ban langkung rumiyin, kula nyuwun idin mlebet.”</i></p> <p>Basa krama ingkang trep kangge tembung ingkang kacithak kandel inggih menika ....</p> <p>Kunci jawaban: amargi</p> <p>25. <i>Nuwun Pak Budi, kula <b>kadhawuhan</b> Pak Marta mendhetaken buku basa Jawi ing mejanipun.”</i></p> <p>Tembung kadhawuhan menika lingganipun ....</p> <p>Kunci jawaban: dhawuh</p> <p>26. <i>“Kula kangmasipun Wida, anggen kula sowan dipunutus Bapak <b>maringaken</b> serat idin, adhik sakit.”</i></p> <p>Tembung maringaken menika basa kramanipun ....</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Kunci jawaban: nyaosaken</p> <p>27. <i>“Kula dipunutus Pak Budi ngaturaken kacatingal ibu ingkang <b>keri</b> ing kelas.”</i></p> <p>Basa kramanipun tembung ingkang kacithak kandel ing inggil inggih menika ....</p> <p>Kunci jawaban: kentun</p> <p>28. Adi : <i>“Ngaten Pak, manawi kepareng mangke dalu kula badhe ningali ringgit wacucal ing bale desa.”</i></p> <p>Bapak : <i>“Lha, banjur karo sapa?”</i></p> <p>Adi : <i>“Kala wau siang kula sampun <b>kangsen</b> kaliyan kanca-kanca badhe ningali sesarengan.”</i></p> <p>Basa krama ingkang trep kangge tembung ingkang kacithak kandel inggih menika ....</p> <p>Kunci jawaban: sumadosan</p> <p>29. Widi : <i>“Sugeng enjang bu Yani.”</i></p> <p>Bu Yani : <i>“Sugeng enjang, arep apa Wid? Mbalekake apa arep nyilih buku Wid?”</i></p> <p>Widi : <i>“Inggih bu, menika badhe mbalekake anggen kula nyuwun ngampil kala wingi.”</i></p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Basa kramanipun mbalekake nggih menika ....</p> <p>Kunci jawaban: mbangsulaken</p> <p>30. <i>“Inggih Pak, menawi mekaten pancen leres, pakaryan ingkang <b>abot</b> manawi katindakaken kanthi gotong royong tamtu badhe kraos entheng.”</i></p> <p>Basa krama ingkang trep kangge tembung ingkang kacithak kandel inggih menika ....</p> <p>Kunci jawaban: awrat</p> <p>c. Tambah gladhen upload</p>
6	Wulangan	<p>Informasi wulangan</p> <p>a. Tambah wulangan sinerat</p> <p style="text-align: center;"><b>MATERI BASA JAWI</b></p> <p>Satuan Pendidikan : SMA</p> <p>Mata Pelajaran : Basa Jawa</p> <p>Kelas/program : X / MIPA-IPS</p> <p>Materi : Unggah-Ungguh</p> <div style="border: 2px solid black; border-radius: 15px; padding: 10px; margin-top: 10px;"> <p><b>Kompetensi Dasar :</b> Memahami simulasi berbahasa Jawa dalam keluarga, sekolah, dan masyarakat dengan unggah-ungguh yang tepat.</p> </div>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<div style="text-align: center;">  <p><b>Indikator Pencapaian Kompetensi :</b> Melakukan simulasi berbahasa Jawa dalam keluarga atau masyarakat sesuai dengan unggah-ungguh</p> <pre> graph TD     A[Basa Jawi] --&gt; B[Krama]     A --&gt; C[Ngoko] </pre> </div> <p><b>A. Basa Jawi</b></p> <p>Basa Jawi menika minangka basa ibu ingkang kathah dipunginakaken tumrap masyarakat Jawi. Kasunyatanipun wonten ing jaman modern menika pacelathon ing pasrawungan sampun awis-awis ngginakaken basa Jawi. Kathah masyarakat ingkang sami ngginakaken basa Indonesia minangka basa ingkang dipunginakaken wonten ing padintenan, mila menawi boten wonten kupiya ingkang saestu kangge nglestantunaken basa Jawi saged ndadosaken basa Jawi menika ical kageser kaliyan basa Indonesia.</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Basa Jawi menika basa ingkang linuwih, kathah ukara-ukara utawi nilai-nilai moral basa saha sastra Jawi ingkang saged dipunginakaken wonten ing madyaning pasrawungan ing masyarakat saha saged migunani tumrap kapribaden bangsa, kalebet unggah unggahipun.</p> <p>Undha usuking basa Jawi menika wonten kalih, inggih menika ngoko lan krama. Ngoko menika kaperang dados kalih inggih menika ngoko lugu saha ngoko alus. Basa Krama kaperang dados krama lugu saha krama alus.</p> <div data-bbox="1167 539 1749 799" data-label="Diagram"> <pre> graph LR   Ngoko --&gt; Ngoko_lugu[Ngoko lugu]   Ngoko --&gt; Ngoko_alus[Ngoko alus]   </pre> </div> <p><b>1. Basa Ngoko</b></p> <p>Basa ngoko menika kalebet basa ingkang tingkat tuturipun langkung andhap. Basa ngoko dipunginakaken ing pacelathon padintenan ingkang sipatipun akrab. Basa ngoko menika kaperang dados kalih, inggih menika;</p> <p>a) Ngoko Lugu</p> <p>Basa ngoko lugu menika basa ingkang ukara wiwitan saha pungkasanipun menika ngoko, boten wonten tembung krama. Dipunginakaken kangge nyariyosaken dhiri pribadhi utawi asanes ingkang sadrajat saha kanca ingkang saumuran kanthi akrab.</p> <p>Tuladha:      “Aku arep mangkat sekolah mengko yen wis jam setengah pitu.”</p> <p>b) Ngoko Alus</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Basa ngoko alus dipunginakaken nalika micara kaliyan tiyang sanes ingkang dipunanggep langkung inggil, amargi sampun caket utawi akrab. Ukaranipun ngoko ananging wonten tembung-tembung krama inggil.</p> <p>Titikanipun:          Aku : aku          Kowe : menawi langkung sepuh dados panjenengan/njenengan, kangmas/mas, mbakyu/mbak, ingkang langkung anem dados sliramu, adhi/dhik, dhimas, dhiajeng.</p> <p>Tuladha:          “Aku arep matur Bu Guru yen sesuk ora bisa melu menyang Solo.”</p> <p><b>2. Basa Jawi Krama</b></p> <p>Miturut Hadiwidjana basa krama menika kangge wawan pangandikan kaliyan tiyang sanes, ing pasrawungan, basa ingkang sampun disekecake tumrap raos saha sekeca dipunmirengaken.</p> <p>Ginanipun Basa Jawi krama</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>a) Tiyang ingkang wawan pangandikan dereng tepang kaliyan tiyang ingkang dipunajak wawan pangandikan, saha ingkang dipunajak wawan pangandikan wau ketingal langkung sepuh utawi tiyang ingkang kagungan pangkat.</li> <li>b) Tiyang ingkang wawan pangandikan langkung anem yuswanipun katimbang tiyang ingkang dipunajak wawan pangandikan saha tiyang ingkang dipunajak wawan pangandikan kedah dipunormati.</li> <li>c) Tiyang ingkang wawan pangandikan langkung andhap drajad pangkatipun katimbang tiyang ingkang dipunajak wawan pangandikan utawi tiyang ingkang dipunajak wawan pangandikan kedah dipunormati.</li> </ol>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH																					
		<p><b>3. Jinising Basa Jawi Krama</b>            Basa Jawi krama kaperang dados sekawan, inggih menika;</p> <div data-bbox="1205 343 1624 762" style="text-align: center;"> </div> <p><b>5) Krama Lugu</b>            Krama lugu inggih menika ukara ingkang sedaya tetembunganipun krama lugu boten campuh tetembungan krama inggil. Ginanipun kangge nyariyosaken diri pribadhi, tiyang ingkang sadrajad, utawi langkung anem.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Titikanipun           <table style="margin-left: 20px; border: none;"> <tr> <td style="padding-right: 20px;">Aku</td> <td style="padding-right: 20px;">digantos</td> <td>: kula</td> </tr> <tr> <td>Kowe</td> <td>digantos</td> <td>: panjenengan</td> </tr> <tr> <td>Ater-ater dak-</td> <td>digantos</td> <td>: kula</td> </tr> <tr> <td>Ater-ater ko-</td> <td>digantos</td> <td>: panjenengan</td> </tr> <tr> <td>Ater-ater di-</td> <td>digantos</td> <td>: dipun</td> </tr> <tr> <td>Panambang –ku</td> <td>digantos</td> <td>: kula</td> </tr> <tr> <td>Panambang –mu</td> <td>digantos</td> <td>: panjenengan</td> </tr> </table> </li> </ul>	Aku	digantos	: kula	Kowe	digantos	: panjenengan	Ater-ater dak-	digantos	: kula	Ater-ater ko-	digantos	: panjenengan	Ater-ater di-	digantos	: dipun	Panambang –ku	digantos	: kula	Panambang –mu	digantos	: panjenengan
Aku	digantos	: kula																					
Kowe	digantos	: panjenengan																					
Ater-ater dak-	digantos	: kula																					
Ater-ater ko-	digantos	: panjenengan																					
Ater-ater di-	digantos	: dipun																					
Panambang –ku	digantos	: kula																					
Panambang –mu	digantos	: panjenengan																					

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Panambang –e/ne      digantos      : ipun/nipun  Panambang –ake      digantos      : aken</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Tuladha <ol style="list-style-type: none"> <li>1) Kula badhe kesah dhateng Jakarta, panjenengan badhe titip menapa?</li> <li>2) Buku ingkang wonten meja menapa sampun panjenengan pendhet, Dhik?</li> <li>3) Kula dipunkengken semah kula supados mendhet titipan.</li> <li>4) Semah kula nembe tilem, kula boten wonten nggugah.</li> </ol> </li> </ul> <p>6) <b>Krama Madya</b>  Ukara krama madya wujudipun kados krama lugu saha krama alus, ananging lebetipun wonten tetembungn krama madya. Ukara menika saged dipunwastani kirang unggah-ungguhipun. Ukara krama madya menika boten trep menawi dipunginakaken ing ukara pranatacara utawi pamedhar sabda, utawi kangge wawan pirembagan kaliyan tiyang ingkang dipunormati satemah kedah dipunendhani.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Tuladha <ol style="list-style-type: none"> <li>1) Kula <b>ajeng</b> ngadeg ing ngriki, <b>ajeng</b> ngaturaken sekar pangkur.</li> <li>2) Sekar <b>niki</b> damelan kula piyambak lan <b>seg</b> wau kula tulis.</li> <li>3) Nyuwun pamengku <b>mawon</b> menawi sekar <b>niki</b> kirang sae.</li> <li>4) Inggang niki mawon, ingkang niku boten remen.</li> <li>5) Nyuwun tulung Mas, kula didamelke teh kagem tamune nika.</li> </ol> </li> </ul> <p>7) <b>Krama Alus</b>  Ukara krama alus sami kaliyan tataran tutur mudha krama inggih menika ukara ingkang tetembunganipun krama saha ing lebetipun wonten tetembungan krama inggil. Ukara menika kalebet tataran tutur ingkang inggil satemah sekeca saha ngresepaken ingkang mirengaken, ananging kedah atos-atos anggenipun</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>ngginakaken tetembungan. Ampun ngantos tembung krama inggil dipunginakaken kangge diri pribadhi.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Titikanipun: <ul style="list-style-type: none"> <li>Aku digantos : kula</li> <li>Kowe digantos : panjenengan, panjenenganipun Kangmas, panjenenganipun Ibu, panjenenganipun Bapak, saha sanesipun.</li> <li>Ater-ater dak- digantos : kula</li> <li>Ater-ater ko- digantos : panjenengan</li> <li>Ater-ater di- digantos : dipun</li> <li>Panambang –ku digantos : kula</li> <li>Panambang –mu digantos : panjenengan</li> <li>Panambang – e/ne digantos : ipun/nipun</li> <li>Panambang –ake digantos : aken</li> </ul> </li> <li>• Tuladha <ul style="list-style-type: none"> <li>“Kula nyuwun agunging pangapunten, menawi kathah kalepatan anggen kula matur saha pinanggih bab-bab ingkang boten mranani penggalih panjenengan sedaya, saestu kula ngantu-antu paringipun pangaksami”.</li> </ul> </li> </ul> <p><b>8) Krama Inggil</b> Krama Inggil inggih menika ukaranipun kados krama alus ananging wonten tetembungan ingkang mligi kangge pakurmatan dhateng tiyang ingkang dipunanggep langkung dipunormati saha saking kulawarga Karaton.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Titikanipun: <ol style="list-style-type: none"> <li>1) Panjenengan dipungantos panjenengan dalem, utawi nandalem;</li> </ol> </li> </ul>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>2) Inggih dipungantos nun inggih utawi sendika dhawuh;  3) Nuwun sewu dipungantos punten dalem sewu.  4) Aku dipungantos kawula, abdi dalem utawi adalem.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Tuladha <ol style="list-style-type: none"> <li>1) Punte dalem sewu, wonten dhawuh menapa nan dalem nimbali kula?</li> <li>2) Nun inggih, kula namung sendika dhawuh menapa ingkang dados dhawuh timbalan Dalem, Sinuwun.</li> </ol> </li> </ul> <p><b>B. Titikaning Basa Jawi ing Padintenan</b></p> <p>Titikaning basa santun tumrap masarakat Jawi katitik saking sipat lembah manah, sipat wicaksana, suka caos pangalembana, sipat pradhah, lsp. Kejawi saking menika, supados pangandikan tansah saged mratelakaken raos santun kedah dipunimbangi kaliyan panggali, kadosta saged angon raos, aben raos, empan papan, kurmat-kinormatan, lsp (Pranowo&amp;Saktimulya, 2017: 19-31).</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Sipat lembah manah  Inggih menika tansah sinengkuyung ing aluhur wonten ing pundi papan. Masarakat Jawi kagungan kapitadosan bilih sipat budaya Jawi kangge njagi kerukunan ing sasaminipun gesang. Supados sasaminipun kerukunan bebrayan gesang saged dados cepengan, pramila tiyang Jawi kagungan cepengan kapitadosan bilih gesang kedah tansah rukun lan kurmat.</li> <li>2. Sipat wicaksana  Inggih menika ngandharaken bilih tiyang ingkang nembe ngendika dhumateng tiyang sanes kedah tansah saged caos pamrayogi supados tiyang sanes pikantuk mumpangat ingkang sakalangkung kathah nalika nembe wawan pangandikan.</li> <li>3. Suka caos pangalembana  Raos suka caos pangalembana menika dados sipatipun saben tiyang ingkang kepengin dipunluhuraken drajatipun. Soksintena kemawon ingkang</li> </ol>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>dipunluhuraken drajatipun, sinaosa ingkang kaweca radi lingsem, saestunipun raos ing manah tetep remen.</p> <p>4. Sipat pradhah utawi loma Sipat pradhah ing budaya Jawi kapratelakaken tansah remen cecaos dhumateng tiyang sanes.</p> <p>5. Sipat simpati Saged kapratelakaken bilih soksintena kemawon kedah nggadhahi raos caos kawigatosan dhumateng tiyang sanes. Sipat simpati minangka pratelan raos nuju prana dhumateng kawontenan tiyang sanes.</p> <p>6. Sipat adu raos Sipat adu raos kapratelakaken bilih soksintena kemawon tansah lantip panggrahitanipun, lan sami-sami waskitha ing raos. Adatipun kasalira dening priyantun ingkang sami-sami mangertos menapa ingkang dados kersanipun tiyang sanes sinaosa boten kaweca ing atur.</p> <p>7. Sipat angon raos Kapratelakaken bilih soksintena kemawon menawi nembe pangandikan saged sami-sami njagi raos satunggal lan satunggalipun satemah boten wonten ingkang rumaos dipunreridhu manahipun. Kedah nggadhahi raos bilih nalika nembe ngendika tansah kagungan tetimbangan wekdal ingkang pas kaliyan kawontenan ingkang nembe dipunraosaken tiyang sanes.</p> <p>8. Sipat kurmat-kinormatan Kapratelakaken bilih priyantun satunggal lan satunggalipun kedah sami aji-ingajenan wonten ing pasrawungan.</p> <p><b>C. Tuladha Cak-cakanipun Unggah-Ungguh Basa Jawi Krama</b></p> <p><b>1. Pacelathon ing Pawiyatan</b></p> <p><b>a. Nyuwun Idin Mlebet Kelas</b></p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Nalika budhal sekolah kados padatanipun Bagas, Ani kaliyan Nita nyuwun pangestu dhateng tiyang sepuhipun. Bagas mboncengke Ani, Nita nyepedha piyambak.</p> <p>Nita <i>Mas, banku nggembos, pripun menika?</i></p> <p>Bagas <i>Ya wis yen mangkono, kene aku sing nambalke banmu, wis kana budhala dhisik.</i></p> <p>Bagas lajeng mlebet kelas kanthi uluk salam rumiyin, lajeng jawat asta dhateng Pak Guru lan matur nyuwun idin.</p> <p>Bagas <i>Kula nuwun Pak, kepareng kula matur.</i></p> <p>Guru <i>O, kowe Gas, iya kene mlebu, ambegane ditata, banjur lagi matur.</i> (Bagas matur alon ananging cetha, tanganipun ngapurancang, sirahipun dhingkluk)</p> <p>Bagas <i>Nyuwun pangapunten Pak, kula telat amargi kedah nambalaken ban rumiyin, menapa kepareng kula mlebet kelas Pak?</i></p> <p>Guru <i>Dadi mangkono sebabe tekamu telat, ya wis ora apa-apa iku jenenge alangan, sesuk meneh ati-ati, saiki kana enggala lungguh.</i></p> <p>Bagas <i>Matur nuwun Pak sampun dipunidinaken.</i></p> <p><b>b. Nyuwun Idin Dhateng Pakiwan</b></p> <p>Pak guru saweg ngandharaken dhateng pasarta didik babagan tata krama, lare-lare sami nggatosaken kanthi permati. Sampun sawetawis Wida kraos kepingin sene. Sasampunipun boten kiyat anggenipun ngampet Wida lajeng ngacung, jumeneng, lajeng majeng nyaketi Pak Guru. Tangan ngapurancang, badanipun radi mbungkuk, lajeng matur.</p> <p>Wida <i>Nuwun sewu, Pak, kula nyuwun idin badhe dhateng pakiwan.</i></p> <p>Guru <i>Iya, kana.</i></p> <p>Nalika Wida ing pakiwan, Pak Guru nglajengaken anggenipun ngendikan.</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Guru <i>Ya kaya mangkono iku patrape menawa arep nyuwun idin. Mlaku, lungguh, omong, iku kabeh kudu nganggo tata krama.</i></p> <p>Boten dangu Wida mlebet lajeng matur dhateng Pak Guru</p> <p>Wida <i>Sampun Pak, matur nuwun.</i></p> <p>Guru <i>Iya, padha-padha.</i></p> <p><b>c. Sapa Aruh Kaliyan Bapak/Ibu Guru saha Karyawan</b></p> <p>Dini kaliyan Ayu tumuju dhateng masjid sekolah lajeng kepanggih kaliyan Ibu Guru ing ngajeng ruang guru, Dini kaliyan Ayu mesem saha sirahipun radi ndingkluk kaliyan jawat asta kaliyan Ibu Guru.</p> <p>Guru <i>Arep neng endi iki esuk-esuk kok metu kelas?</i></p> <p>Dini <i>Badhe dhateng masjid, bu, duha rumiyin.</i></p> <p>Guru <i>Lha pelajaranane sapa? Wis pamit urung?</i></p> <p>Ayu <i>Sampun bu, menika pelajaran agama, wau sampun nyuwun idin badhe duha rumiyin.</i></p> <p>Guru <i>Ya wis nek ngono, gek enggal-enggal neng masjid, nek wis rampung age-age mlebu kelas.</i></p> <p>Dini <i>Inggih, bu.</i></p> <p><b>d. Diutus Bapak/Ibu Guru</b></p> <p>Edi ditimbal Pak Guru, sing ditimbal enggal-enggal nyedhak, tangane ngapurancang, ngadeg jejeg, sirahipun ndhingkluk, mature alon.</p> <p>Edi <i>Inggih, Pak, wonten dhawuh menapa?</i></p> <p>Guru <i>Tulung jupukna buku basa Jawa ning mejaku.</i></p> <p>Edi <i>Inggih, Pak.</i></p> <p>Edi lajeng dhateng ruang guru, sakderengipun mlebet langkung rumiyin ndhodhog lawang, lajeng tumuju dhateng ibu guru ingkang lenggah ing ruang guru.</p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Edi <i>Nuwun sewu, Bu, kula dipundhawuhi Pak Agus mendhetaken buku basa Jawi ing mejanipun.</i></p> <p>Guru <i>O, iya, kana mejane ing sisih pojok wetan mburi dhewe.</i></p> <p>Edi <i>Inggih, Bu, matur nuwun.</i></p> <p>Boten dangu Edi sampun dhateng kelas kaliyan mbekta buku, lajeng ngaturaken bukunipun, badanipun radi mbungkuk.</p> <p>Edi <i>Menika, Pak bukunipun.</i></p> <p>Guru <i>Matur nuwun ya mas.</i></p> <p>Edi <i>Inggih, Pak, sami-sami.</i></p> <p><b>2. Pacelathon ing Bebrayan Ageng (Masarakat)</b></p> <p><b>a. Pacelathon ing Wayah Enjang</b></p> <p>Anto <i>Sugeng enjang, Bu!</i></p> <p>Bu Dian <i>Sugeng enjang! Mangga, wonten menapa nggih, Mas?</i></p> <p>Anto <i>Nuwun sewu, Bu, badhe nyuwun pirsu. Cedhak mriki pundi nggih toko ingkang sade pulsa?</i></p> <p>Bu Dian <i>Oh, Panjenengan tindak lajeng kemawon, mangke wonten prasekawanan Mase mendhet ngiwa. Boten tebih saking prasekawanan wonten counter pulsa, Mas.</i></p> <p>Anto <i>Kala wau kula sampun saking ngrika, kok tutup nggih, Bu. Menawi sanesipun menapa Ibu pirsu?</i></p> <p>Bu Dian <i>O, wonten. Cobi mangke saking prasekawanan panjenengan mendhet nengen, Mas. Ngrika wonten ning radi tebih saking prasekawanan.</i></p> <p>Anto <i>Oh inggih. Matur nuwun. Pareng, Bu.</i></p> <p>Bu Dian <i>Dhawah sami-sami, ndherekaken.</i></p> <p><b>b. Pacelathon ing Wayah Siang</b></p> <p>Silvi <i>Sugeng siang, Mbak Dian!</i></p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Dian <i>Sugeng siang, Dhik Silvi!</i></p> <p>Silvi <i>Kok Mbak Dian tindakipun kados kesesa?</i></p> <p>Dian <i>Lah, ora Dhik, wis biasane aku yen mlaku cepet, ora bisa kaya panjenengan, yen tindak kaya macan luwe. (sambi gemujeng)</i></p> <p>Silvi <i>Mbak Dian menika lo, saged kemawon anggenipun ngendika. Badhe tindak pundi menika, mbak?</i></p> <p>Dian <i>Arep menyang kantor pos wetan kui, Dhik, arep tuku materai. Iki didhawuhi simbah, kae simbah lenggah nang bank kulon kuwi.</i></p> <p>Silvi <i>Wo, ndherekaken simbah ta, Mbak? Wah wayah ingkang bekti saestu Mbak Dian menika.</i></p> <p><b>c. Pacelathon ing Wayah Sonten</b></p> <p>Doni <i>Sugeng sonten, Pak Lurah!</i></p> <p>Pak Lurah <i>Sugeng sonten, kowe Don. Saka ngendi, Le?</i></p> <p>Doni <i>Saking griya kemawon, dalemipun tambah sae nggih, Pak. Dangu kula boten sowan.</i></p> <p>Pak Lurah <i>Ya, kaya ngene, Le. Sing penting kukuh. Jarene kowe ketampa kuliah ana ing Jogja ya?</i></p> <p>Doni <i>Pangestunipun Pak Lurah.</i></p> <p>Pak Lurah <i>Tiwas kebeneran. Kuliah sing bener Le. Aja suwe-suwe ana kampus. Enggal lulus terus melu mbangun desa!</i></p> <p>Doni <i>Inggih, Pak sendika dhawuh.</i></p> <p><b>d. Pacelathon ing Wayah Dalu</b></p> <p>Pak Rohmat <i>Sugeng dalu, Pak Karno!</i></p> <p>Pak Karno <i>Sugeng dalu, Pak Rohmat.</i></p> <p>Pak Rohmat <i>Sampun dalu kok dereng sare Pak, menapa wonten lemburan?</i></p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Pak Karno <i>Menika saweg ngrampungaken laporan kangge rapat pertanggungjawaban mbenjang. Panjenengan kok inggih dereng sare?</i></p> <p>Pak Rohmat <i>Inggih, menika jatah siskamling, badhe mendhet jipitan. Sumerep panjenengan tasih wungu, kula ampiri.</i></p> <p>Pak Karno <i>Wah panjenengan menika jan elok, pejabat tasih kersa kliling tumut siskamling.</i></p> <p>Pak Rohmat <i>Wah menika amanah, Pak. Masarakat paring kapitadosan inggih kedah dipunlampahi.</i></p> <p><b>e. Nyuwun Pirsas Kabar</b></p> <p>Pak Banu <i>Pripun pawartosipun, Nak?</i></p> <p>Asih <i>Sae, Pak, wilujeng. Kondur simbah sami sugeng, ta?</i></p> <p>Pak Banu <i>Wilujeng. Pripun wartosipun Eyang Seto?</i></p> <p>Asih <i>Alhamdulillah, sae, saras.</i></p> <p>Pak Banu <i>Wo nggih sokur, niki sampeyan wonten kagungan kersa napa?</i></p> <p>Asih <i>Menika Mbah, kula dipunutus simbah ngaturaken kondur kagunganipun duwung. Matur nuwun sanget.</i></p> <p>Pak Banu <i>O, ngoten. Nggih, kula tampi, sami-sami. Mang aturke salam taklim kula katur Simbah sampeyan.</i></p> <p>Asih <i>Oh nggih, mangke kula aturaken.</i></p> <p><b>f. Nyuwun Pirsas Bab Griyanipun Tiyang</b></p> <p>Candra <i>Nuwun sewu! Badhe nyuwun pirsas dalemipun Pak Bejo?</i></p> <p>Mas Bagus <i>Menika dalemipun Bapak Bejo, ingkang majeng ngidul, cetipun abrit.</i></p> <p>Candra <i>Kinten-kinten Bapak wonten dalem boten nggih, kok kadosipun sepen?</i></p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Mas Bagus <i>Pangapunten. Kadosipun jam-jam semanten Bapak saweg sare menawi boten tindak. Cobi kemawon tindak mrika.</i></p> <p>Candra <i>Oh inggih, matur nuwun, nyuwun pamit.</i></p> <p>Mas Bagus <i>Mangga, ndherekaken.</i></p> <p><b>g. Nyambut utawi Ngampil</b></p> <p>Wisnu <i>Pak, kula badhe nyuwun ngampil sepeda motoripun!</i></p> <p>Pak Budi <i>Kersa tindak pundi?</i></p> <p>Wisnu <i>Dhateng peken, Pak. Sekedhap kemawon.</i></p> <p>Pak Budi <i>Oh mangga. Dangu nggih boten napa-napa. Keleresan sepeda motoripun nganggur.</i></p> <p>Wisnu <i>Bapak boten tindakan?</i></p> <p>Pak Budi <i>Mangke kemawon, sasampunipun Panjenengan kondur.</i></p> <p>Wisnu <i>Nyuwun pangapunten ngresahi nggih, Pak.</i></p> <p>Pak Budi <i>Ah boten menapa-menapa. Menika motoripun.</i></p> <p><b>h. Nyuwun Pangapunten</b></p> <p>Mbah Juki <i>Padha slamet ta, lakumu, Le?</i></p> <p>Jaya <i>Inggih pangestunipun simbah wilujeng, kondur Simbah inggih wilujeng ta?</i></p> <p>Mbah Juki <i>Ya, pangestumu, Le. Senajan kuru ning Alhamdulillah waras.</i></p> <p>Jaya <i>Alhamdulillah, Mbah. Ndherek bingah. Salajengipun, kepareng matur simbah, sowan kula mriki ingkang sepisanan silaturahmi tuwi kasugengan simbah sakulawarga.</i></p> <p>Mbah Juki <i>O iya, Le tak tanpa matur nuwun dene wis gelem tilik simbah.</i></p> <p>Jaya <i>Inggih, salajengipun kula nyuwun pangapunten ingkang ageng, dene boten saged nengga simbah nalika simbah gerah.</i></p> <p>Mbah Juki <i>Wis ora dadi apa, Le sing penting wis apik kabeh.</i></p>


LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Jaya <i>Matur nuwun, Mbah. Kula namung saged ndedonga mugi-mugi salajengipun simbah kaparingan yuswa panjang lan kasarasan.</i></p> <p>Mbah Juki <i>Aamiin, matur nuwun, Le. Ya mung dongane anak putu, sing tansah diarep-arep Simbah.</i></p> <p><b>i. Micara Tiyang Sepuh Kaliyan Lare</b></p> <p>Bu Asna <i>Imah, ibu wis kondur.</i></p> <p>Imah <i>Kok rikat sanget, Bu? Menapa pasaripun boten rame?</i></p> <p>Bu Asna <i>Ya rame, nanging ibu gage-gage. Kuwatir menawa ana tamu. Ana tamu tindak mrene tenan ora mau?</i></p> <p>Imah <i>Wonten, Bu. Nanging kula aturi nengga ibu boten kersa. Ngendikanipun mangke badhe wangsul.</i></p> <p>Bu Asna <i>Pira priyayine? Kakung apa putri?</i></p> <p>Imah <i>Kakung kaliyan lare alit.</i></p> <p>Bu Asna <i>Sapa ya?</i></p> <p>Imah <i>Boten mangertos, Bu.</i></p> <p><b>j. Badhe Tumbas</b></p> <p>Bu Siti <i>Kula nuwun, Pak!</i></p> <p>Pak Galih <i>Mangga. Ngersakaken menapa, Bu?</i></p> <p>Bu Siti <i>Badhe nyuwun uwos, Pak.</i></p> <p>Pak Galih <i>Oh wonten. Ngersakaken ingkang sae menapa ingkang sedhengan, Bu?</i></p> <p>Bu Siti <i>Nyuwun ingkang sae kemawon.</i></p> <p>Pak Galih <i>Ngersakaken pinten kilo, Bu?</i></p> <p>Bu Siti <i>Sakental, kula nyaosi pinten nggih, Pak?</i></p> <p>Pak Galih <i>Wolongatus, Bu. Badhe punasta piyambak menapa pundherekaken?</i></p> <p>Bu Siti <i>Nyuwun tulung, pundugekaken nggih, Pak. Menika artanipun.</i></p>

LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Pak Galih <i>O, nggih, Bu. Matur nuwun sanget. Mangke kajengipun dipundugekaken lare kula.</i></p> <p>Bu Siti <i>Nggih, matur nuwun, Pak. Pareng lajengan nyuwun pamit.</i></p> <p><b>k. Mara Dayoh</b></p> <p>Budi <i>Kula nuwun!</i></p> <p>Pak Sunu <i>Mangga! Oh Nak Budi. Mlebu kene.</i></p> <p>Budi <i>Inggih, Pak.</i></p> <p>Pak Sunu <i>Padha slamet ta, Nak lakumu?</i></p> <p>Budi <i>Inggih, pangestunipun boten kirang setunggal menapa.</i></p> <p>Pak Sunu <i>Njur ana perlu apa kok njanur gunung?</i></p> <p>Budi <i>Mekaten Pak. Kula mriki dipunutus Bapak kula, ngaturaken serat undhangan kangge pepanggihan rembag dhusun. Menika, Pak.</i></p> <p>Pak Sunu <i>Lha ana apa?</i></p> <p>Budi <i>Bapak dipunuwuni pratikel babagan badhe madegipun masjid dhusun, Pak.</i></p> <p>Pak Sunu <i>Oh, ya gampang. Aturna bapakmu, yen aku wis nampa layang undhanganmu lan bakal merlokake teka.</i></p> <p><b>l. Nampi Dayoh</b></p> <p>Vera <i>Kula nuwun!</i></p> <p>Pak Yono <i>Mangga. Oh mbak Vera. Mangga lenggahipun mbak.</i></p> <p>Vera <i>Inggih, matur nuwun.</i></p> <p>Pak Yono <i>Ngaturaken sugeng rawuhipun, mbak.</i></p> <p>Vera <i>Inggih, pangestunipun wilujeng. Kondur Bapak sakulawarga wilujeng?</i></p> <p>Pak Yono <i>Alhamdulillah wilujeng, mbak. Nuwun sewu menika kok radi mirunggan, kagungan kersa menapa?</i></p>


LAYER	KOMPONEN	NASKAH
		<p>Vera <i>Inggih, kepareng matur Bapak, sowan kula ingkang sepisan silaturahmi tuwi kasugengan Bapak sakulawarga.</i></p> <p>Pak Yono <i>Matur nuwun</i></p> <p>Vera <i>Kaping kalihipun, kula dipunutus Bapak, kapurih matur menawi kepareng badhe ngresahi kagunganipun kendharaan. Badhe kangge ndherekaken simbah kaliyan sedherek dhateng bandara. Simbah badhe kondur dhateng Kalimantan.</i></p> <p>Pak Yono <i>O, inggih. Mangga mbak. Badhe dipunasta piyambak menapa kaliyan sopir sekaliyan?</i></p> <p>Vera <i>Menawi wonten malah sekaliyan sopiripun, Pak.</i></p> <p>Pak Yono <i>Nggih mbak, Pak Sarno sela kok. Badhe tindak kapan, jam pinten?</i></p> <p>Vera <i>Benjang enjang pukul sedasa, Pak.</i></p> <p><b>m. Nyuwun Pamit</b></p> <p>Vera <i>Nggih, nuwun sewu munggel pangandikan. Kepareng matur Bapak, gandheng atur kula sampun dipuntampi, salajengipun badhe nyuwun pamit.</i></p> <p>Pak Yono <i>Oh nggih Mbak Vera. Insya Allah benjang saged. Benjang Pak Sarno kajengipun sowan pukul setengah sedasa. Ndherekaken sugeng menawi ngersakaken kondur.</i></p> <p>Vera <i>Matur nuwun Pak, pareng.</i></p> <p>Pak Yono <i>Nggih, mangga, mangga ndherekaken.</i></p> <p>b. Tambah wulangan awujud file</p>
7	Panyaruwe wulangan	Pados panyaruwe
8	Pados guru	Pados guru, informasi guru

<b>LAYER</b>	<b>KOMPONEN</b>	<b>NASKAH</b>
9	Pados siswa	Pados siswa, informasi siswa
10	Medal	Menawi sampun nindakaken pasinaon lajeng <i>klik</i> medal. Sasampunipun <i>klik</i> medal lajeng mlebet malih wonten ing layar kaca pambuka


## TAMPILAN AKHIR MEDHIA E-LEARNING BASA JAWI KRAMA




Layer 1




Layer 2




Layer 3




Layer 4




Layer 5




Layer 6




Layer 7




Layer 8




Layer 9




Layer 10




Layer 11




Layer 12




Layer 13




Layer 14




Layer 15



Layer 16



Layer 17



Layer 18

## SURAT PERNYATAAN

Saya yang bertanda tangan di bawah ini:

Nama : Prof. Dr. Drs. Suwarna, M.Pd  
NIP : 196402011998121001  
Jabatan : Guru Besar/Dosen Pendidikan Bahasa Jawa  
Instansi : Fakultas Bahasa dan Seni  
Mahasiswa Bimbingan : Leni Widiastuti  
Judul Tesis Bimbingan : “Damel E-learning Kangge Nambah Nguwosi Basa Jawi Krama”

Menyatakan bahwa media e-learning yang telah dibuat oleh mahasiswa bimbingan tersebut, layak untuk tahap validasi dan layak untuk uji coba. Demikian surat pernyataan ini saya buat untuk dipergunakan sebagaimana mestinya.

Yogyakarta, 13 April 2020

Dosen Pembimbing Tesis,



Prof. Dr. Drs. Suwarna, M.Pd  
NIP 196402011998121001

**PERMOHONAN MEMBUAT SURAT IZIN VALIDASI**

	No. Surat (diisi petugas)
--	------------------------------

NAMA : LENI WIDIASTUTI

NIM : 16714251002

PRODI S2/S3 : S2 PENDIDIKAN BAHASA JAWA

PEMBIMBING :

1. Prof. Dr. Drs. Suwarna, M.Pd
2. ....


REKOMENDASI VALIDATOR :

1. Prof. Dr. Drs. Suwardi, M.Hum (Ahli Materi)
2. Dr. Drs. Mulyana, M.Hum (Ahli Medhia)

JUDUL TESIS/DISERTASI :

**DAMEL *E-LEARNING* KANGGE NAMBAH NGUWAOSI BASA JAWI KRAMA**

Yogyakarta, 14 April 2020

  
 Leni Widiastuti

## SURAT KETERANGAN VALIDASI

Yang bertanda tangan di bawah ini:

Nama : Prof Dr. Drs. Suwardi, M.Hum  
Jabatan/Pekerjaan : Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Jawa  
Instansi Asal : FBS UNY

Menyatakan bahwa materi pembelajaran dengan judul:

Damel *E-learning* Kangge Nambah Nguwaosi Basa Jawi Krama  
dari mahasiswa:

Nama : Leni Widiastuti  
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa  
NIM : 16714251002


(~~sudah siap~~/~~belum siap~~)\* dipergunakan untuk penelitian dengan menambahkan beberapa saran sebagai berikut:

Media e-learning sudah layak untuk dilakukan uji coba

Demikian surat keterangan ini kami buat untuk dapat dipergunakan sebagaimana mestinya.

Yogyakarta, 22 April 2020

Validator,



Prof. Dr. Drs. Suwardi, M.Hum  
NIP 196404031990011004

\*) coret yang tidak perlu

## SURAT KETERANGAN VALIDASI

Yang bertanda tangan di bawah ini:

Nama : Dr. Drs. Mulyana M.Hum  
Jabatan/Pekerjaan : Kaprodi S2 Pendidikan Bahasa Jawa  
Instansi Asal : UNY

Menyatakan bahwa media pembelajaran dengan judul:

Damel *E-learning* Kangge Nambah Nguwaosi Basa Jawi Krama  
dari mahasiswa:

Nama : Leni Widiastuti  
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa  
NIM : 16714251002

(~~sudah siap~~/~~belum siap~~)\* dipergunakan untuk penelitian dengan menambahkan beberapa saran sebagai berikut:

Media sampun saged dipunginakaken kangge media pasinaon, ewa semanten tasih perlu direvisi saperangan, antawisipun: 1) tampilan saged dipun damel langsung sekedik isinipun (kakehan tampilan saben 1 layer); 2) basa kedah didamel ingkang trep, umpami: mirsani (kangge siswa) cekap ningali, 3) perlu materi basa Jawa ingkang trep kangge padintenan

Demikian surat keterangan ini kami buat untuk dapat dipergunakan sebagaimana mestinya.

Yogyakarta, 20 April 2020

Validator,



Dr. Drs. Mulyana M.Hum  
NIP 196610031992031002

\*) coret yang tidak perlu

## Lembar Pambiji Kuwalitas Medhia Pasinaon dening Ahli Materi

Judul program : Media E-learning Basa Jawi krama

Sasaran : Siswa ing pawiyatan tataran SMA

Programmer : Leni Widiastuti

Ahli Materi : Prof. Dr. Drs. Suwardi, M.Hum

Tanggal : April 2020

Tahap :

### Pandom:

1. Lembar evaluasi dipunisi dening Ahli Materi.
2. Lembar evaluasi dipunginakaken supados pikantuk pambiji, minangka data saking siring materi ing Media *E-learning* Basa Jawi krama ingkang dipundamel dening panaliti.
3. Tata cara anggenipun ngisi lembar evaluasi kanthi paring tandha centhang (√) wonten kolom ingkang sampun sumadya, kanthi pambiji:  
KS (Kirang Sanget) = skor 1  
K (Kirang) = skor 2  
C (Cekap) = skor 3  
S (Sae) = skor 4  
SS (Sae Sanget) = skor 5
4. Pamrayogi saged kaserat wonten papan ingkang sampun sumadya.

### A. Kolom Pambiji Ahli Materi

No	Indikator	SS	S	C	K	KS
1	Kuwalitas materinipun saged narik kawigatosan		√			
2	Leres saha cetha materinipun		√			
3	Materi ingkang dipuncawisake cetha	√				
4	Tuladha ingkang dipunginakaken trep satemah saged mangertos materinipun	√				
5	Ngginakaken basa ingkang gampil dipunmangertos	√				

No	Indikator	SS	S	C	K	KS
6	Pitakenan kangge gladhen cekap	√				
7	Materi gampil dilebetaken ing medhia	√				

**B. Pamrayogi :**

Sampun layak kangge uji coba panaliten


**C. Dudutan**

Medhia *e-learning* menika:

1. Layak dipunuji coba tanpa revisi (√)
2. Layak dipunuji coba kanthi nindakaken revisi adhedhasar panyaruwe
3. Boten layak dipunuji coba

Yogyakarta, April 2020

Ahli Materi



Prof. Dr. Drs. Suwardi, M.Hum  
NIP 196404031990011004

### Lembar Pambiji Kuwalitas Medhia Pasinaon dening Ahli Medhia

Judul program : Media *E-learning* Basa Jawi Krama

Sasaran : Siswa ing pawiyatan tataran SMA

Programmer : Leni Widiastuti

Ahli Medhia : Dr. Drs. Mulyana, M.Hum

Tanggal : April 2020

Tahap :

#### Pandom:

1. Lembar evaluasi dipunisi dening Ahli Medhia.
2. Lembar evaluasi dipunginakaken supados pikantuk pambiji, minangka dhata saking siring tampilan saha pemrograman ing Media *E-learning* Basa Jawi krama ingkang dipundamel dening panaliti.
3. Tata cara anggenipun ngisi lembar evaluasi kanthi paring tandha centhang (√) wonten kolom ingkang sampun sumadya, kanthi pambiji:

KS (Kirang Sanget) = skor 1

K (Kirang) = skor 2

C (Cekap) = skor 3

S (Sae) = skor 4

SS (Sae Sanget) = skor 5

4. Pamrayogi saged kaserat wonten papan ingkang sampun sumadya.

#### A. Pambiji Saking Tampilanipun

No	Indikator	SS	S	C	K	KS
1	Pitedah ngginakaken <i>e-learning</i> menika cetha	√				
2	Seratan cetha dipunwaos		√			
3	Trep anggenipun mapanaken tombol		√			
4	Trep anggenipun milih warna		√			
5	Trep anggenipun ngginakaken basa		√			
6	Kuwalitas tampilan gambar		√			
7	Tampilan layar			√		

### B. Pambiji Saking Medhia *E-learning*

No	Indikator	SS	S	C	K	KS
1	Navigasinipun cetha	√				
2	Tombolipun menika ajeg	√				
3	Pitedahipun cetha	√				
4	Medhia gampil dipunginakaken	√				
5	Aksesipun rikat		√			

### C. Pamrayogi :

Media sampun saged dipunginakaken kangge media pasinaon, ewa semanten tasih perlu direvisi saperangan, antawisipun: 1) tampilan saged dipun damel langsung sekedik isinipun (kakehan tampilan saben 1 layer); 2) basa kedah didamel ingkang trep, umpami: mirsani (kangge siswa) cekap ningali, 3) perlu materi basa Jawa ingkang trep kangge padintenan

### D. Dudutan

Medhia *e-learning* menika:

1. Layak dipunuji coba tanpa revisi
2. Layak dipunuji coba kanthi nindakaken revisi adhedhasar panyaruwe (√)
3. Boten layak dipunuji coba

Yogyakarta, April 2020

Ahli Medhia



Dr. Drs. Mulyana M.Hum  
NIP 196610031992031002

## Lembar Pambiji Kuwalitas Medhia Pasinaon dening Guru Mata Pelajaran Basa Jawi

Judul program : Media E-learning Basa Jawi krama

Sasaran : Siswa ing pawiyatan tataran SMA

Programmer : Leni Widiastuti

Guru Mapel : Suprahwana Wahyu Diharja, S.S.

Sekolah : SMAN 1 Jetis

### Pandom:

1. Lembar evaluasi dipunisi dening guru basa Jawi
2. Lembar evaluasi dipunginakaken supados pikantuk pambiji, minangka data saking siring tampilan saha pemrograman ing Media *E-learning* Basa Jawi krama ingkang dipundamel dening panaliti.
3. Tata cara anggenipun ngisi lembar evaluasi kanthi paring tandha centhang (√) wonten kolom ingkang sampun sumadya, kanthi pambiji:
  - BS (Boten Sarujuk) = skor 1
  - KS (Kirang Sarujuk) = skor 2
  - MM (Mangu-mangu) = skor 3
  - S (Sarujuk) = skor 4
  - SS (Sarujuk Sanget) = skor 5
4. Pamrayogi saged kaserat wonten papan ingkang sampun sumadya.

#### A. Gampil Anggenipun Mangertos


No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Medhia pasinaon menika gampil dipunmangertos		√			
2	Medhia menika saged nggampilaken pasarta didik anggenipun sinau basa Jawi krama	√				
3	Pitakenan wonten ing medhia saged nggladhi pasarta didik anggenipun sinau basa Jawi krama		√			
4	Wontenipun tuladha pacelathon saged nggampilaken pasarta didik sinau basa Jawi krama		√			

### B. Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Pandom kangge ngginakaken medhia pasinaon cetha saha gampil dipunmangertos		√			
2	Icon ing medhia pasinaon menika nggampilaken siswa anggenipun mangertos saha mumpangataken medhia pasinaon	√				
3	Medhia pasinaon gampil dipunginakaken tanpa pambiyantu saking tiyang sanes		√			
4	Medhia pasinaon boten mbetahaken spesifikasi komputer ingkang awrat satemah gampil anggenipun ngginakaken	√				

Yogyakarta, April 2020

Guru Mata Pelajaran

  
(Suprahwana Wahyu Diharja, S.S.)

## Lembar Pambiji Kuwalitas Medhia Pasinaon dening Guru Mata Pelajaran Basa Jawi

Judul program : Media E-learning Basa Jawi krama

Sasaran : Siswa ing pawiyatan tataran SMA

Programmer : Leni Widiastuti

Guru Mapel : Novia Sari

Sekolah : SMA N 1 Jetis

### Pandom:

1. Lembar evaluasi dipunisi dening guru basa Jawi
2. Lembar evaluasi dipunginakaken supados pikantuk pambiji, minangka data saking siring tampilan saha pemrograman ing Media *E-learning* Basa Jawi krama ingkang dipundamel dening panaliti.
3. Tata cara anggenipun ngisi lembar evaluasi kanthi paring tandha centhang (√) wonten kolom ingkang sampun sumadya, kanthi pambiji:
  - BS (Boten Sarujuk) = skor 1
  - KS (Kirang Sarujuk) = skor 2
  - MM (Mangu-mangu) = skor 3
  - S (Sarujuk) = skor 4
  - SS (Sarujuk Sanget) = skor 5
4. Pamrayogi saged kaserat wonten papan ingkang sampun sumadya.

#### A. Gampil Anggenipun Mangertos


No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Medhia pasinaon menika gampil dipunmangertos		√			
2	Medhia menika saged nggampilaken pasarta didik anggenipun sinau basa Jawi krama		√			
3	Pitakenan wonten ing medhia saged nggladhi pasarta didik anggenipun sinau basa Jawi krama		√			
4	Wontenipun tuladha pacelathon saged nggampilaken pasarta didik sinau basa Jawi krama	√				

### B. Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Pandom kangge ngginakaken medhia pasinaon cetha saha gampil dipunmangertos		√			
2	Icon ing medhia pasinaon menika nggampilaken siswa anggenipun mangertos saha mumpangataken medhia pasinaon	√				
3	Medhia pasinaon gampil dipunginakaken tanpa pambiyantu saking tiyang sanes	√				
4	Medhia pasinaon boten mbetahaken spesifikasi komputer ingkang awrat satemah gampil anggenipun ngginakaken		√			

Yogyakarta, 27 April 2020

Guru Mata Pelajaran



Novia Sari

## Lembar Pambiji Kuwalitas Medhia Pasinaon dening Siswa Pawiyatan SMA

Judul program : Media E-learning Basa Jawi krama

Sasaran : Siswa ing pawiyatan tataran SMA

Programmer : Leni Widiastuti

Nama Siswa : Adhi Bagas Pramudya

Sekolah : SMA N 1 Jetis

### Pandom:

1. Lembar evaluasi dipunisi dening siswa
2. Lembar evaluasi dipunginakaken supados pikantuk pambiji, minangka data saking siring tampilan saha pemrograman ing Media *E-learning* Basa Jawi krama ingkang dipundamel dening panaliti.
3. Tata cara anggenipun ngisi lembar evaluasi kanthi paring tandha centhang (√) wonten kolom ingkang sampun sumadya, kanthi pambiji:
  - BS (Boten Sarujuk) = skor 1
  - KS (Kirang Sarujuk) = skor 2
  - MM (Mangu-mangu) = skor 3
  - S (Sarujuk) = skor 4
  - SS (Sarujuk Sanget) = skor 5
4. Pamrayogi saged kaserat wonten papan ingkang sampun sumadya.

### A. Aspek Gampil Anggenipun Mangertos

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Medhia pasinaon menika saged dipunsinau dening siswa boten winates papan panggenan saha wekdal	√				
2	Siswa remen anggenipun sinau basa Jawi krama ngginakaken medhia pasinaon		√			
3	Pitakenan menika saged nggladhi siswa supados mangertos materinipun	√				
4	Kanthi medhia menika siswa saged mangertos kawruh tembung basa Jawi krama	√				

### B. Aspek Saged Sinau Kanthi Mandhiri

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Medhia pasinaon <i>e-learning</i> saged paring kalodhangan siswa		√			
2	Kanthi medhia <i>e-learning</i> saged nggampilaken siswa sinau basa Jawi krama	√				
3	Medhia menika saged nggampilaken siswa anggenipun ngambali sinau basa Jawi Krama	√				
4	Medhia pasinaon saged dipunginakaken kangge sinau ngetrepaken basa Jawi krama wonten ing padinan		√			

### C. Aspek Nyajikaken Medhia

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Seratan ing medhia pasinaon menika cetha saha gampil dipunwaos	√				
2	Kanthi medhia pasinaon materi basa Jawi krama langkung gampil dipunmangertos		√			
3	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos	√				
4	Jumbuh antawisipun werni background, teks, sarta gambar ingkang dipunsinau	√				

### D. Aspek Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Pandom kangge ngginakaken medhia pasinaon cetha saha gampil dipunmangertos	√				
2	Icon ing medhia pasinaon nggampilaken siswa anggenipun mangertos saha mumpangataken medhia pasinaon	√				
3	Medhia pasinaon menika gampil dipunginakaken tanpa pambiyantu saking tiyang sanes	√				
4	Medhia menika saged dipunginakaken wonten ing spesifikasi <i>komputer</i> saha <i>smartphone</i> menapa kemawon satemah langkung gampil kangge sinau	√				

Yogyakarta, 30 April 2020

Siswa

(Adhi Bagas Pramudya)

## Lembar Pambiji Kuwalitas Medhia Pasinaon dening Siswa Pawiyatan SMA

Judul program : Media E-learning Basa Jawi krama

Sasaran : Siswa ing pawiyatan tataran SMA

Programmer : Leni Widiastuti

Nama Siswa : Adinda Citra Dewi

Sekolah : SMA N 1 Jetis

### Pandom:

1. Lembar evaluasi dipunisi dening siswa
2. Lembar evaluasi dipunginakaken supados pikantuk pambiji, minangka data saking siring tampilan saha pemrograman ing Media *E-learning* Basa Jawi krama ingkang dipundamel dening panaliti.
3. Tata cara anggenipun ngisi lembar evaluasi kanthi paring tandha centhang (√) wonten kolom ingkang sampun sumadya, kanthi pambiji:  
BS (Boten Sarujuk) = skor 1  
KS (Kirang Sarujuk) = skor 2  
MM (Mangu-mangu) = skor 3  
S (Sarujuk) = skor 4  
SS (Sarujuk Sanget) = skor 5
4. Pamrayogi saged kaserat wonten papan ingkang sampun sumadya.

### A. Aspek Gampil Anggenipun Mangertos

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Medhia pasinaon menika saged dipunsinau dening siswa boten winates papan panggenan saha wekdal	√				
2	Siswa remen anggenipun sinau basa Jawi krama ngginakaken medhia pasinaon		√			
3	Pitakenan menika saged nggladhi siswa supados mangertos materinipun		√			
4	Kanthi medhia menika siswa saged mangertos kawruh tembung basa Jawi krama	√				

### B. Aspek Saged Sinau Kanthi Mandhiri

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Medhia pasinaon <i>e-learning</i> saged paring kalodhangan siswa		√			
2	Kanthi medhia <i>e-learning</i> saged nggampilaken siswa sinau basa Jawi krama		√			
3	Medhia menika saged nggampilaken siswa anggenipun ngambali sinau basa Jawi Krama	√				
4	Medhia pasinaon saged dipunginakaken kangge sinau ngetrepaken basa Jawi krama wonten ing padinan	√				

### C. Aspek Nyajikaken Medhia

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Seratan ing medhia pasinaon menika cetha saha gampil dipunwaos	√				
2	Kanthi medhia pasinaon materi basa Jawi krama langkung gampil dipunmangertos		√			
3	Basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos		√			
4	Jumbuh antawisipun werni background, teks, sarta gambar ingkang dipunsinau	√				

### D. Aspek Gampil Anggenipun Ngginakaken Medhia

No	Indikator	SS	S	MM	KS	BS
1	Pandom kangge ngginakaken medhia pasinaon cetha saha gampil dipunmangertos		√			
2	Icon ing medhia pasinaon nggampilaken siswa anggenipun mangertos saha mumpangataken medhia pasinaon	√				
3	Medhia pasinaon menika gampil dipunginakaken tanpa pambiyantu saking tiyang sanes	√				
4	Medhia menika saged dipunginakaken wonten ing spesifikasi <i>komputer</i> saha <i>smartphone</i> menapa kemawon satemah langkung gampil kangge sinau	√				

Yogyakarta, 30 April 2020

Siswa,

( Adinda Citra Dewi )